## ХЪЫБАРЫФІЫР

## ЗЭЧРЕЙРЭ МЕЛЫIЫЧЫМРЭ ТХЬЭМ И УНЭШХУЭМ

Хъыбырыфlыр зытепсэлъыхь Iуэхухэр къэхъуу щыщIидзам щыгъуэ, илъэс минитI и пэкIэ, еврей лъэпкъыр гугъуехьым хэтт. Илъэсищэ зыбжанэ хъуат абы езым и пащтыхь зэримыIэжрэ. Еврейхэр ассирийхэм, бабилэнхэм, алыджхэм …иужьым рим зэрыпхъуакIуэхэм я IэмыщIэ илъгт. Пасэ зэманым щыгъуэ зэрыщытауэ, бегъымбархэр къиIуэхуурэ, Тхьэр абыхэм къепсэлъэжыртэкъым. Иужьрей бегъымбарыр, Малахие, щыпсэуар Хьисэ къалъхун и пэ етхуанэ лIэщIыгъуэрщ. Хьэзабым здыхэтым, Тхьэм къызеригъэгугъа Мэссихьым пэплъэрт цIыхухэр, Абы щыгугъырт зэрыпхъуакIуэхэм я IэмыщIэ кърихыу, ягухэр Тхьэм хузэIуихыну. Мэссихьыр, Хьисэ Мэссихь къэкIуэн и пэ, Иуан зи цIэ щIалэщIым и пщэ къыдилъхьауэ, Тхьэм цIыхухэр хуигъэхьэзырырт Ар къащыхуигъэкIуэну махуэм.

Иуан къызэралъхуа щIыкIэр гъэщIэгъуэнщ. Абы и адэр, Зэчрей, дин пашт. И щхьэгъусэ Елизаветэрэ абырэ иудей бгым ист. ЗэлIзэфызыр Тхьэм хуэкъабзэт, Абы и хабзэхэмрэ и унафэхэмрэ тетт. Я ныбжь хэкIуэтащ абыхэм, бын бын ямыгъуэтурэ. Зэгуэрым, Тхьэм и унэшхуэм здыщIэтым пщIантIэм Тхьэ елъэIу цIыху куэди дэт, Зэчрей Зиусхьэным и мелыIич ДжэбрэIил къыхуэкIуащ. Зэчрей къэшынащ абдежым. МелыIычым къыжриIащ: «Умышынэ, Зэчрей. Уи лъэIур Тхьэм зэхихащ. Уи щхьэгъусэ Элисавета къуэ къыпхуилъхунущ, абы цIэуэ Иуан фIэпщынущ. Абы гуфIэгъуэшхуэрэ насыпышхуэрэ къыпхудэкIуэнущ, ар къызэралъхуам щхьэкIэ цIыху куэд гуфIэнущ. Тхьэуэ Зиусхьаным дежкIэ ар цIыхушхуэ хъунущ, санэрэ зыгъэудэфэн фадэрэ ефэнукъым икIи и анэм и ныбэм щилъам щыщIэдзауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр игу хэлъынущ. Израил цIыху куэд Зиусхьэну я Тхьэм и гъуэгу къытригъэхьэжынущ». Ауэ Зэчрей и фIэщ хъуакъым мелыIычым и псалъэхэр. АрщхьэкIэ Зэчрей и фIэщ хъуакъым мелыIычым къыжриIар, жэуап иритыжащ: «Ар зэрыпэжыр дауэ къызэрысшIэнур? Сэ лIыжь сыхъуащ, си щхьэгъусэм и



ныбжьри хэкIуэтащ». ЖриIам шэч къызэрытрихьам щхьэкIэ, мелыIычыр дин паш Зэчрей къегиящ: «Аращи, си псалъэхэр уи фIэщ зэрымыхъуам щхьэкIэ а бжесIа Iуэхухэр къэхъуху, умыпсэлъэфу, бзагуэу ущытынущ. ПIалъэр къыщыскIэ, ахэр къэхъун хуейщ». ПщIантIэм дэт цIыхухэр пэплъэрт Зэчрей Тхьэм и унэшхуэм къыщыщIэкIыжынум, зыщIигъэгувар ящIэртэкъыми ягъэщIагъуэрт.

ЛУКА 1:5-25

## УМЭХЪАКIУЭ ИУАН ДУНЕЙМ КЪЫТОХЬЭ

Джэбрэlил мелыlычым зэрыжиlа дыдэм хуэдэу къэхъуащ псори. Илъэси дэмыкlауэ, Зэчрейрэ Елисэветрэ къуэ къащlэхъуащ. Абы хуабжьу щыгуфlыкlащ ахэр, я благъэхэри гуфlащ. Нобэ елъытауэ, а зэманым бын куэд къащlэхъуэрт цlыхухэм. Зэчрейрэ Елисэветрэ хуэдэу, зыгуэрым бын къыщlэмыхъуэмэ, ар насыпыншагъэшхуэу ялъытэрт. Сабийхэм фlащыр адэ-анэхэмрэ lыхьлыхэмрэ я цlэрт.

«Сабийр сунэт ящlынэу цlыхухэр еянэ махуэм щызэхуэсым, абы и адэ Зэчрей и цlэр фlащыжын я гугъащ. Ауэ сабийм и анэм яхуидакъым: 'Хьэуэ, Иуанщ абы фlэтщынур'. Икlи къыжраlащ абыхэм: 'Апхуэдэ цlэ зиlэ уэ уи благъэхэм зыри яхэткъым'. Абы и ужькlэ сабийм и адэм lэпэтэрмэшкlэ еупщlащ абы цlэуэ фlищыну зыхуеймкlэ. Зытетхыхьын гуэр къахьыну ягуригъэlуащ адэм. Ар къахьа нэужь, тритхащ: 'Абы цlэуэ иlэнур Иуанщ'. Псоми ар ягъэщlэгъуащ. Арыххэу, Зэчрей и бзэгур хъейщ, и бзэр къиутlыпщыжри, Тхьэм фlыщlэ хуищlурэ псалъэу щlидзащ. lэгъуэблагъэм щыпсэу псори шынагъуэшхуэм хэхуащ икlи Иудей lуащхьэлъэ хэкум дэнэкlи мы lуэху псори щызэлъащlысащ. А lуэхухэр зэхэзыха псоми я гум ахэр ираубыдауэ жаlэрт: Мы сабийр сыт зэрыхъунур?' Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ Зиусхьэным и нэфl абы къыщыхуат. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр а сабийм и адэ Зэчрей игу кууэ хыхьэри, мы псалъэхэр къыжригъэlащ: 'Зиусхьэну Израил и Тхьэм щlыхьышхуэр ейщ, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ езым и лъэпкъ Израилым нэфlкlэ къеплъри щхьэхуитыныгъэ крритащ. Тхьэм и lуэхутхьэбзащlэ Даут пащтыхьым къытехъукlа цlыхухэм ящыщу лъэкlыныгъэшхуэ зиlэу, дымыкlуэду дыкъезыгъэлыр къытхуигъэкlуащ, пасэрей зэманым къыщыщlэдзауэ, абы и бегъымбар лъапlэхэм ягу крилъхьэу, зэрыжригъэlауэ щытам тету... Уэ, си щlалэ, Тхьэуэ Лъагэм и бегъымбаркlэ къоджэнущ, Зиусхьэным и гъуэгу хуэбгъэпсыну езым ипэ къихуэу укlуэнущи. Уэ Зиусхьэным и лъэпкъым ебгъэщlэнущ я гуэныхьхэр зэрахуигъэгъумкlэ ахэр мыкlуэду къызэрыригъэлыр. Ди Тхьэм и гущlэгъур инщ. Дыгъэ къыкъуэкlым хуэдэу, ар уафэм къикlынурэ къытхуэкlуэнущ, лlэныгъэм и шынагъуэм хэтхэмрэ кlыфlыгъэм хэтхэмрэ ятепсэн икlи мамырыгъэ гъуэгум дытригъэхьэн щхьэкlэ'».

Иуан и щlалэгъуэм теухуауэ мащlэ дыдэщ тхауэ щыlэр. Лука итха Хъыбарыфlым мы зым дыщоджэ: «Сабийр къэхъури, игукlи и псэкlи зиужьащ. Израил цlыхухэм я пащхьэм къыщихьэну махуэм нэсыху, губгъуэ нэщlым исащ ар».

ЛУКА 1:57-80

## ХЬИСЭ КЪЫЗЭРАЛЪХУНУМ И ХЪЫБАРЫФІ

Гуэныхьым зэщІиубыда мы дунейм Тхьэм Езым и Къуэр, Хьисэ Мэссихь, къигъэкІуащ, цІыхухэр гуэныхьымрэ ажалымрэ я ІэмыщІэ кърихын папщІэ. Ар къалъхуа нэужь, дунейм лъэхъэнэщІэ къыщунэхуащ. Уеблэмэ Ар къыщалъхуа махуэм къыдабж хъуащ зэманыр. Телъыджэ дыдэщ Хьисэ къызэралъхуар. Фегупсысыт мыбы: дунеймрэ цІыхумрэ Къэзыгъэщ1ам и Къуэр Іэщ зыщаІыгъ Іуэм къыщалъхуащ!

Мыпхуэдэущ зэрыхъуар. Израилым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Назарет къалэ цІыкІум Мэрием зи цІэ пщащэ дэст. Абы Тхьэр фІыуэ илъагъурт, псэ къабзи Іэт. Зэгуэрым абы деж къэкІуащ Зиусхьаным лІыкІуэ къищІа ДжэбрэІил мелыІычыр. КъакІуэри, къыжриІащ: «ГуфІэ уэ Тхьэм и нэфІ зыщыхуар! Зиусхьэныр уи гъусэщ. ЦІыхубз псоми нэхърэ Тхьэм и нэфІ уэ нэхъ къыпщыхуащ». МелыІычыр щилъагъум, Мэрием Іэнкун хъуащ. ДжэбрэІил къыжриІащ: «Умышынэ, Мэрием. Тхьэм и нэфІ къыпщыхуащ. Уэ лъэщыджэ ухъунурэ къуэ къэплъхунущ. Абы цІэуэ фІэпщынур Хьисэщ. Ар цІыхушхуэ хъунущ, Тхьэуэ Лъагэм и КъуэкІэ еджэнущ. Абы и адэшхуэ Даут и тахътэр Зиусхьэну Тхьэм абы къритуныщ. МыкІуэдыжын тепщэныгъэ Екъуб и лъэпкъым хуиІэнущ Абы. И тепщэныгъэшхуэм зэи кІэ иІэнукъым».

Мэрием лІы дэкІуатэкъым абы щыгъуэ, ауэ хъыджэбзымрэ Исуф зи цІэ щІалэмрэ зэгурыІуат зэрышэну. Ар Тхьэм и фІэлІыкІ зи гу илъ, Тхьэр зи фІэщ хъу щІалэт. Мэрием мелыІычым жриІащ: «А дауэ зэрыхъунур? Сэ сыхъыджэбздэсщ». МелыІычым абы жэуап кърitыжащ: «Тхьэм и Псэ ЛъапІэр къыпхуехынущ, Тхьэуэ Лъагэм и лъэкІыныгъэри уи гъусэнущ. Аращи, щІалэ лъапІэу къалъхунум Тхьэм и КъуэкІэ еджэнухэщ». Мэрием жиІащ: «Мис, сэ Зиусхьэным срипщылІщ. Уэ зэрыжыпІам тету къыздрехъу». Мэрием къигъанэри, мелыІычыр ежьэжащ итІанэ.

Мэрием зэрылъэщыджэр къыщищІэм, абы пыкІыжын и гугъащ Исуф, ауэ ар жейм здыхэтым мелыІычыр къыхуэкІуэри къыжриІащ: «Даут и къуэ Исуф! Мэрием къэпшэну умышынэ; абы къилъхуну сабийр къызыхэкІыр Тхьэм и Псэ ЛъапІэр арщ. Мэрием къуэ къыхуэхъунущ икІи абы цІэуэ фІэпщынур Хьисэщ, абы и лъэпкъым я гуэныхьхэр ящхьэщихынурэ, мыкІуэду кърнгъэлынущи».

Пэж мыхъу псалъэ жиІэркъым Зиусхьэным. Мэрием мыгувэу къилъхуащ Хьисэ щІалэ цІыкІур.

Лука 1:26-55

## ХЬИСЭ МЭССИХЬ КЪЫЗЭРАЛЪХУАР

Мэрием уэндэгъу хъуауэ, абырэ Исуфрэ гъуэгуанэ жыжьэ теувэн къахудэкIащ, рим кесар Август и къэралыгъуэм ис псори къыхатхыкIын хуейуэ унафэ ищIати. Дэтхэнэри кIуэжын хуейт я адэжьхэм я къалэхэм. Исуфрэ Мэриемрэ пащтыхь Даут и унагъуэмрэ и лъэпкъымрэ щыщт. Даут и къалэр Бэтлэхьэмт. Хьисэ къалъхуным илъэс мин и пекIэ Даут Израилым и пащтыхьащ.

Арати, Исуфрэ Мэриемрэ Бэтлэхьэм, Даут и къалэм, кIуэну ежьащ. Назарет къыщыщIэдзауэ Бэтлэхьэм нэс километрэ 200 нэхърэ нэхъыбэ дэлъщ. А зэманым мафIэгуи маршыни щыIакъым, зэрыгурыIуэгъэщи, гъуэгум махуэ зыбжанэкIэ утетын хуей хъурт. Назарет Израилым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ Галилейм итт, Бэтлэхьэм - ипщэ лъэныкъуэмкIэ, Иудейм. Галилейм укъикIыу Иудейм укIуэн щхьэкIэ, Самарием пхрыкIын хуейт. Самариемрэ Иудеймрэ бгылъэ щIыпIэщ.

Исуфрэ Мэриемрэ Бэтлэхьэм икIэм-икIэжым нэсащ, ауэ хьэщIэщым увыIэпIэ щагъуэтакъым. Зрагъэтхын щхьэкIэ, Бэтлэхьэм цIыху куэд къэкIуэжат. Мэрием и лъхуэгъуэ хъуати, «...Арати, Мэрием и къуэу и щыпэлъху быныр къилъхуащ икIи хъыданым кIуэцIищыхьащ. Абыхэм хьэщIэщым пэш нэщI зэрыщамыгъуэтам къыхэкIкIэ, Iуэм и шхалъэм сабийр дилъхьащ», дыкъыщоджэ ХъыбарыфIым. Зэщхьэгъусэхэм Iуэр увыIэпIэ яхуэхъуауэ аращ абы къикIыр. Пасэрей хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, бгъуэнщIагъым щIэтащ Iуэр. А щIыпIэм ис Iэщыхъуэхэм апхуэдэ бгъуэнщIагъхэр ноби къагъэсэбэп, я мэлхэр щаIыгъын папщIэ.

Лука 2:1-7

## ХЬИСЭ МЭССИХЬ КЪЫЗЭРАЛЪХУАМ И ХЪЫБАР МЕЛЫІЫЧХЭМ МЭЛЫХЪУЭХЭМ ИРАГЪАЩІЭ

Бэтлэхьэм къалэм и Іэшэлъашэр хъупІэт а зэманым. Іэщыхъуэхэм ящыщ гуэрхэр мэл хъушэхэм плъыру пэрытти, жейртэкъым Хьисэ къыщалъхуа жэщым. «Тхьэм и мелыІыч къахуэкІуащ абыхэм напІэзыпІэм. Зиусхьэным и нэху гъэщІэгъуэнышэм къыщиухъуреихьым, мэлыхъуэхэр хуабжьу къэщтащ. Ауэ мелыІычым къажриІащ: 'Фымышынэ, ауэ фыкъэдаІуэ! Фи лъэпкъ псом щхьэкІэ хъыбар гуфІэгъуэшхуэ къыфхуэсІуэтэнущ: ФымыкІуэду фыкъезыгъэлынур Даут и къалэм нобэ къыщалъхуащ, Зиусхьэну Мэссихьыр аращ. Ар зэрыпэжыр фэзыгъэщІэнур мыращ: Сабий гуэр, хъыданым кІуэцІышыхьауэ, шхалъэм дэлъу къэвгъуэтынущ'. ИтІанэ напІэзыпІэм мелыІычым деж уафэм тес мелыІыч гупышхуэ къыщыхутащ. Тхьэм фІыщІэшхуэ хуащІурэ, мыпхуэдэу къыжаІащ: 'Щыхьышхуэр уафэмкІэ Тхьэм ейщ. ЩІылъэмкІи Тхьэр арэзы зыхуэхъу цІыхухэм гузэгъэгъуэр яйщ'. Уафэм къехауэ, мелыІыч куэд къыщыхутащ а мелыІычым дежь, Тхьэм фІыщІэшхуэ хуащІэурэ мыр жаІащ:

'Щыхьышхуэр уафэмкІэ зейр Тхьэращ. ЩІылъэмкІи Тхьэр арэзы зыхуэхъу цІыхухэм гузэгъэгъуэр яйщ'».

Зэрыфлъагъуэщи, Хьисэ, дунейм и КъегъэлакІуэр, къалъхун щхьэкІэ, Тхьэм къыхихар унэ уардэкъым, бгъуэнщІагъщ. Ар къызэралъхуам и хъыбар япэ зригъэщІари къулеижьхэракъым, атІэ мэлыхъуэ къызэрыгуэкІхэрщ, ахэращ цІыхухэм я КъегъэлакІуэм деж кІуэуэ япэ зыгъэлъэпІар.

ЛУКА 2:9-14

## МЭЛЫХЪУЭХЭР ХЬИСЭ ДЕЖ МАКIУЭ

МелыIычхэр щалъагъум, мэлыхъуэхэр зэрышынари, Къегъэла-кIуэр, Зиусхьэн Хьисэ, къызэралъхуам и хъыбар щызэхахым зэрагъэщIэгъуари къызыфIэгъэщIыгъуейкъым. Абы къыхэкIкIэ гурыIуэгъуэщ я хъушэхэм къапэрыкIыу ахэр Бэтлэхьэм щIыдыхьар. ХъыбарыфIым мыпхудэу итщ: «МелыIычхэр IукIыжу, уафэм дэкIуеижа нэужь, мэлыхъуэхэм жаIащ: 'Зиусхьэным зи гугъу къытхуищIа къэхъуакъэщIар тлъагъуну Бэтлэхьэм дывгъакIуэ'. Арати, Бэтлэхьэм пIащIэу кIуэри, Мэриемри, Исуфри, шхалъэм дэлъ сабийри къагъуэтащ. Ахэр щалъэгъум, сабийм теухуауэ мелыIычым къажриIар абыхэм яIуэтэжащ. Мэлыхъуэхэм яIуэтэжар зэхэзыха цIыху псоми ягъэщIэгъуащ. Мэрием мы Iуэхугъуэ псори игу ириубыдэри егупсысащ. Мэлыхъуэхэм зэхаха икIи ялъэгъуа псом щхьэкIэ Тхьэр ягъэлъапIэу, фIыщIэшхуи хуащIу ягъэзэжащ. А Iуэхухэр зэрекIуэкIар мелыIычым абыхэм къазэрыжриIэгъам тетущ».

ЛУКА 2:15-20

## ТХЬЭМ И ФIЭЛIЫКI ЗИГУ ИЛЪ СИМЕОН ТХЬЭМАДЭР

Тхьэм и Къуэр къалъхури махуий дэкIа нэужь, дин пашэм Ар сунэт ищIащ. Хьисэ фIащащ Абы. Ар къалъхун и пэ мелыIычым Мерэм къызэрыжригъэIам тету Хьисэ фIащащ Абы, а псалъэм «Тхьэм кърегъэл» мыхьэнэщ къикIыр.

Зиусхьэным и хабзэм ипкъ иткIэ, щыпэлъхур, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, унагъуэм япэ къихъуэ щIалэ цIыкIур, Тхьэм ейуэ щытын хуейщ. Абы къыхэкIкIэ, къалъхури тхьэмахуих дэкIа нэужь, Ерусалим дэт Тхьэм и унэшхуэм яхьащ Хьисэ, Зиусхьэным и пащхьэм ирахьэн, Зиусхьэным и унафэм ипкъ иткIэ тхьэрыкъуитI е тхьэрыкъуэ шыритI къурмэн хуащIын щхьэкIэ.

Симеон зи цIэ тхьэмадэ дэсащ Ерусалим абы щыгъуэ. Щыпкъагъэри Тхьэм и фIэлIыкIри зигу илъ цIыхут ар. ЦIыхухэр къригъэлын папщIэ Мэссихь* къызэрыкIуэнум пэплъэрт ар. Тхьэм и Псэ ЛъапIэри игу илът абы. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абы зэхригъэщIыкIащ Мэссихь, КъегъэлакIуэр имылъагъуауэ зэрымылIэнур. Арати Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Симеон Тхьэм и унэшхуэм щIигъэхьащ. Хабзэ къекIуэкIыр кIэлъызэрахьэн папщIэ, Хьисэ и адэ-анэм Тхьэм и унэшухэм къахьауэ ирихьэлIащ Симеон тхьэмадэр. Хьисэ IэплIэкIэ къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, Симеон жиIащ: « ‘Зиусхьэн, сызэрыбгъэгугъам тету сэ, уи IуэхутхьэбзащIэр, сигу зэгъауэ дунейм срехыж иджы; цIыху лъэпкъ псоми я пащхьэм уэ щыбгъэхьэзырауэ, цIыхухэр мыкIуэду Къезыгъэлынур си нэхэмкIэ слъэгъуащи. Ар хамэ лъэпкъхэм щыпкъагъэ езыгъащIэ нэхурщ, Израил уи лъэпкъым щIыхьышхуэ иIэу зыщIынури арщ’. Исуфрэ Мэриемрэ ягъэщIагъуэрт а псалъэхэр».

ИтIанэ и нэфI къащыхуэну Симеон Тхьэм хуелъэIури, Мэрием мыр жриIащ: «... ИкIи уэ уигури, джатэм хуэдэу, гукъеуэшхуэм къиуIэнущ - апхуэдэу цIыху куэдым ягу илъхэр нахуэ къэхъунущ».





* *ЕвреибзэкIэ «Мэссихьми» алыджыбзэкIэ «Христосми» къарыкIыр зыщ: «Дагъэ зыщыхуа».*

## ТХЬЭГУРЫМАГЪУЭХЭМ ЯГЪЭЛЪАПІЭ

Ирод пащтыхьым и тетыгъуэм Иудей хэкум щыщ Бэтлэхьэм къалэм Хьисэ къыщалъхуа нэужь, тхьэгурымагъуэхэр къуэкІыпІэмкІэ къикІри, Ерусалим къэкІуащ. Къа«кІуэри, жаІащ: ‘Дэнэ щыІэ журтхэм къыхуалъхуа я пащтыхьыр? Абы и вагъуэр къуэкІыпІэмкІэ щытлъэгъури, Ар дгъэлъэпІэн щхьэкІэ дыкъэкІуащи’.

Ар щызэхихым, Ирод пащтыхьыр къэгузэващ, гузэвэгъуэ хэхуащ Ерусалим дэс цІыху псори. Арати цІыхухэм я дин пашэшхуэ псори, я Торэт егъэджакІуэ пашэ псори зэхуишэсри, Ирод еупщІащ: ‘Мэссихьыр къыщалъхун хуейр дэнэ?’ Абыхэм къыжраІэжащ: ‘Иудей хэкум щыщ Бэтлэхьэмщ, бегъымбарым мыпхуэдэу итхащи: Уэ, Иудей хэкум щыщ Бэтлэхьэм, Иудэ лъэпкъым и пашэхэм нэхърэ зыкІи унэхъ цІыкІукъым; зы пашэ уэ къыпхэкІынущи. Мэлыхъуэр мэлхэм зэракІэлъыплъым хуэдэу, а пашэр си Израил лъэпкъым кІэлъыплъынущи’. Тхьэгурымагъуэхэр щэхуу къриджэри, Ирод вагъуэр къыщыщІэкІа зэман дыдэр зригъэщІащ абы и ужькІэ. Ахэр Бэтлэхьэм щигъакІуэм, яжриІащ: ‘ФыкІуи, сабийм и хъыбарыр фІыуэ зэвгъащІэ. Ар къэвгъуэтмэ, хъыбар къызэвгъэщІэж, ар згъэлъэпІэн щхьэкІэ, сэри сыкІуэнущи». Ар жиІа щхьэкІэ, Ирод Сабийр иукІын мурад ищІат, Ар къэхъумэ, езым и тахътэр фІиубыдынкІэ шынати.

«Пащтыхьым къажриІам едаІуэри, тхьэгурымагъуэхэр ежьащ. КъуэкІыпІэмкІэ щалъэгъуа вагъуэр абыхэм япэ иту ядэкІуэурэ, сабийр здэщыІэ щІыпІэм щынэсым, къыщхьэщыуващ. Вагъуэр щалъагъум, хуабжьэу гуфІащ ахэр».

МАТТЭ 2:1-10

## ТХЬЭГУРЫМАГЪУЭХЭМРЭ Я ТЫГЪЭХЭМРЭ САБИЙХЭР ЗЭРЫЗЭТРАУКIАМРЭ

Бэтлэхьэм дыхьэри, вагъуэр зыщхьэщыт унэм щIыхьащ тхьэгурымагъуэхэр. Мэриемрэ Сабиймрэ щалъагъум, тхьэгурымагъуэхэм Сабийм щхьэщэ хуащIащ, Абы и пащхьэ тыгъэ лъапIэхэр иралъхьащ – дыщи, ладани, смирни.

Ирод деж ягъэзэж зэрымыхъунур пщIыхьэпIэу ялъэгъуащ тхьэгурымагъуэхэм, абы къыхэкIкIэ нэгъуэщI гъуэгу теувэри кIуэжащ я хэкум. Тхьэгурымагъуэхэм къызэрагъэпцIар Ирод щилъагъум, икъукIэ губжьащ. Тхьэгурымагъуэхэм къаригъэIуэта зэманым и кIуэцкIэ, Бэтлэхьэми абы и Iэхэлъахэ псоми къыщалъхуа сабий псори, илъэситI зи ныбжьым нэс, яукIын щхьэкIэ, Ирод зауэлIхэр иутIыпщащ. Бэтлэхьэм дыхьэри, зауэлIхэм сабий хейхэр зэтраукIащ. Еремие бегъымбарым жиIэгъа мы псалъэхэр пэж хъуащ абы щыгъуэ: «Рамэ жылэм гъы, гузасэ макъымрэ гъыбзэмрэ зэщIащтащ. Рахил зыхуэмыубыдыжу, и сабийхэр егъей, ахэр иIэжкъыми».

МАТТЭ 2:1-12; 16-18; ЕРЕМИЕ 31:15

## МЫСЫРЫМ ЗЭРЫКIУЭСАР

Ирод и гугъэт Бэтлэхьэм игъэкIуа зауэлIхэм тхьэгурымагъуэхэмрэ дин пашэхэмрэ Израилым и пащтыхь хъун хуейуэ жыхуаIа Сабийри адрей сабийхэм дагъэкIуэдауэ. Ауэ ар къэхъуакъым. Тхьэгурымагъуэхэр ежьэжа  нэужь, Зиусхьэным и мелыIычыр Исуф пщIыхьым здыхэтым къыжриIащ: «Къэтэдж, сабиймрэ абы и анэмрэ здэши, Мысырым кIуэ. Хъыбар уэзгъэщIэху, абы щыIэ, сабийр иукIын щхьэкIэ Ирод  къилъыхъуэнущи». Арати, Исуф къэтэджщ, сабийри абы и анэри зыщIигъури, Мысырым жэщу кIуащ. Ирод лIэху, Исуф абы щыпсэуащ. Апхуэдэу щIэхъуар Зиусхьэным бегъымбарым игу ирилъхьэу жригъэIа мы псалъэхэр игъэпэжын щхьэкIэщ: Мысырым къикIыжыну си Къуэр къезджэжащ».

Бэтлэхьэм ущежьэмэ, Мысырым нэс гъуэгуанэ кIыхь дэлъщ, километрищэ зыбжанэ; сабий цIынэри здрахьэжьауэ, Исуфрэ Мэриемрэ дежкIэ гъуэгуанэ хьэлъэт ар.

МАТТЭ 2:13-15

## ХЬИСЭ ЩIАЛЭ ЦIЫКIУР НАЗАРЕТ ДЕЖ

Исуфи, Мэриеми, Хьисэ щIалэ цIыкIури Мысырым щыIащ, пащтыхь Ирод лIэху. Ирод лIа нэужь, Зиусхьэным и мелыIычыр къыхуэкIуэри, пщIыхьэпIэм хэт Исуф къыжриIащ: « Зыужь, сабийри абы и анэри зыщIыгъуи, Израил къэралым кIуэж, сабийм и псэм къещахэр псэужкъыми».

МелыIычым и псалъэм едаIуэри, Исуф Израилым кIуащ. Ирод и къуэ Архелай Иудейм пащтыхь яхуэхъуауэ зэхихати, абы кIуэн шынащ Исуф. ИтIанэ пщIыхьэпэкIэ Зиусхьэным къыгуригъэIуащ абы, Хьисэ зыщIигъуу, хъыджэбз Мэрием нэхъапэм зыдэса Назарет къалэм кIуэн зэрыхуейр.

Хьисэ Назарет щрихьэкIа гъащIэм дэ хэтщIыкIыр мащIэ дыдэщ. Исуф пхъащIэти, абы дэIэпыкъуурэ, Хьиси пхъащIэ хъуащ. Хьисэ и сабиигъуэмрэ и ныбжьыщIэгъуэмрэ теухуауэ ХъыбарыфIым итыр мащIэщ. Ауэ абы дызыщрихьэлIэ а мащIэми куэд къыджаIэ: «Сабийр хэхъуащ, гукIи псэкIи зиужьащ, акъылыфIагъи иIэ хъури, Тхьэм и нэфIи къыщыхуащ». Абы нэмыщкIи: «Хьисэ хэхъуэм, и акъылыфIагъми зиужьурэ, Тхьэми цIыхухэми ягу ирихьащ».

Мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ Хьисэ и адэ-анэм дежкIэ жыIэщIэу зэрыщытар. Абы и IуэхукIэ ХъыбарыфIым дыкъыщоджэ: «ИкIи яхуэIурыщIэу щытащ». Дэтхэнэ сабийри едэIуэн хуейщ и адэ-анэм. Езы ди Тхьэр аращ зыхуейр. Тхьэм и унафипщIым ящыщ зым жеIэ: «Уи адэмрэ уи анэмрэ щIыхь яхуэщI, фIыгъуэ къохъулIэн икIи куэдрэ мы дунейм ущыпсэун щхьэкIэ».

МАТТЭ 2:19-23; 2 МУСЭ 20:12;  ЛУКА 2:40, 50-52

# ХЬИСЭ ЩIАЛЭР ТХЬЭМ И УНЭШХУЭМ ЗЭРЫКIУАР

Хьисэ щыпсэурт икIи щагъасэрт Назарет къалэм. Ар хэхъуащ, гукIи псэкIи зиужьащ, акъылыфIагъ иIэ хъури, Тхьэм и нэфIи къыщыхъуащ.

Абы и адэ-анэр илъэс къэс, IутIыж махуэшхуэм ирихьэлIэу, Ерусалим кIуэрт. Хьисэ и ныбжьыр илъэс пщыкIутI ирикъуа нэужь, ари здашащ Ерусалим.

Махуэшхуэр зэфIэкIа нэужь, щхьэж и унэ кIуэжащ, Хьисэ щIалэр Ерусалим къэнащ. Абы гу лъатакъым Мэриемрэ Исуфрэ, я гугъащ Ар япэ ищауэ я унэ кIуэж Iыхьлыхэм ящIыгъуу. ИтIани, зыбжанэ дэкIри, Ар къалъыхъуну щIадзащ, Ерусалим къикIыж я благъэхэмрэ я нэIуасэхэмрэ я деж щыщIэупщIэурэ. Щамыгъуэтым, Ерусалим ягъэзэжащ абыхэм, икIи махуищ дэкIауэщ Ар къыщагъуэтыжар: дин егъэджакIуэхэм яхэсу Тхьэм и унэшхуэм щIэст Хьисэ. Абыхэм жаIэм едаIуэрт Ар, езыри яхэупщIыхьырт. Псоми ягъэщIагъуэрт Абы и акъылымрэ и жэуапхэмрэ.

Хьисэ и анэм игъэщIэгъуащ и Къуэ жыIэдаIуэр, хъыбар къримыгъащIэу, Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIэнар. Анэм жиIащ:

«'Си щIалэ! Сыт уэ къыдэпщIар? Мис, уи адэмрэ сэрэ гузэвэгъуэм дыхэту дыплъэхъуэ'. Хьисэ абыхэм къажриIащ: 'Сыт сыкъыщIэфлъыхъуэр? Си Адэм и унэшхуэм сыщIэсын зэрыхуейр фщIэркъэ?' » Уафэм щыIэ и Адэм дунейм Iуэхушхуэ щилэжьын хуейуэ и пщэ къызэрыдилъхьарт Абы и гугъу ищIыр. Ауэ ар адэ-анэм ар къагурыIуакъым. Ауэ Мэрием игум ириубыдащ а псалъэхэр.

Хьисэ и адэ-анэм я гъусэу къигъэзэжащ Назарет икIи абыхэм яхуэжыIэщIэу щыташ. «Хьисэ хэхъуэурэ, и акъылыфIагъи зиужьурэ, Тхьэми цIыхухэми ягу ирихьащ».

ЛУКА 2:40-51

## УМЭХЪАКIУЭ ИУАН

Иуан щIалэщIэр губгъуэ нэщIым ист. Къалэн къыщищIауэ, Тхьэуэ Зиусхьэным ар абдежым щыхуигъэхьэзырырт Езым хуэлэжьэну - Мэссихьыр, н.ж. Хьисэ Мэссихь, дунейм къызэрыкIуэнум и хъыбар лъэпкъым къригъэщIэну икIи я гуэныхьхэм яхущIегъуэжыну хуриджэн хуейт ар. Мэссихь къащыхыхьэну махуэм Иуан цIыхухэр хуигъэхьэзырын зэрыхуейм бегъымбархэр тетхыхьын щIадзауэ щытащ Иуан къалъхуным илъэсищэ зыбжанэ и пэкIэ: «'Мис, сэ си мелыIыч уяпэ къиихуэу нызогъакIуэ; абы уи гъуэгур пхуигъэпсынущ. Абы и джэ макъыращ мыпхуэдэу жиIэурэ губгъуэ нэщIым къыщыIур: Зиусхьэным и гъуэгур хуэвгъэпси, и лъагъуэхэр захуэ хуэфщI' ».

Махъшэцым къыхэщIыкIа щыгъынрэ, фэ бгырыпхрэ зэрихьэрт Иуан, и шхыныгъуэр мацIэрэ бжьэ Iэлхэм я форэт. Губгъуэ нэщIым здисым Тхьэр къыщыхуэлъэгъуа нэужь, Иуан Тхьэм хуэлэжьэну щIидзащ. Иордан псым и Iэшэлъашэр къызэхикIухьурэ цIыхубэм мыпхуэдэу жриIэрт: 'Фэ фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, зызвгъэумэхъ, Тхьэм ахэр къыфхуигъэгъун щхьэкIэ'. Я гуэныхьхэмкIэ заумысыжын щхьэкIэ, Иудэ хэку псоми Ерусалими къикIыурэ, абы цIыхухэр къыхуэкIуэрт, икIи Иуан ахэр Иордан псым щиумэхъырт.

«ИкIи къеупщIащ абы цIыхубэр: 'Сыт атIэ тщIэн хуейр?' Абы жэуап яритащ: 'ДжанитI зиIэм я зыр зимыIэм ирырет! Шхын зиIэми шхын зимыIэм ирырет!'. Хьэкътын ахъшэр хэзых цIыхухэр, зрагъэумэхъын щхьэкIэ, Иуан деж къакIуэри къеупщIащ: 'Дин егъэджакIуэ! Сыт дэ тщIэн хуейр?' Абыхэм жэуап яритащ: 'ЦIыхухэм къеIыфхын хуейм нэхъыбэ къеIывмых'. Апхуэдэу зауэлIхэри къеупщIырт: 'Дэ сыт тщIэн хуейр?' Абыхэм яжриIащ: 'Зыми и ахъшэ лъэщыгъэкIэ къытевмых, зыми пцIы тевмылъхьэ, лэжьапшIэу къыват ахъшэмкIэ арэзы фыхъу'.

МАРК 1:1-8; ЛУКА 3:2-18

## ИУАН ЗИУСХЬЭН ХЬИСЭ ЕУМЭХЪ

Мэссихь дунейм къыщыкIуэнум лъэпкъыр пэплъэрти, куэд щIэупщIэрт: 'Иуану пIэрэ дыкъызэрагъэгугъа Мэссихьыр, КъегъэлакIуэр?' Ауэ Иуан жэуап къитырт: «Фи гуэныхьхэм фазэрыхущIегъуэжар нахуэ фщIын щхьэкIэ, сэ фызоумэхъ, ауэ си ужь къихъуэнум сэр нэхърэ нэхъ лъэкIыныгъэшхуэ иIэщ. Абы и вакъэзехьэу сыхуэхъунум схуэфащэкъым сэ. Абы Тхьэм и Псэ ЛъапIэмкIи мафIэкIи фиумэхъынущ фэ». Абы зи гугъу ищIыр Хьисэ Мэссихьырт.

Зригъэумэхъын папщIэ, Хьисэ Иуан деж къэкIуащ. Гуэныхь имыIэу зригъэумэхъын хуейуэ зэрыщымытыр Иуан ищIэрти, Ар зэтриIыгъэрт, мыр жиIэурэ: «Уэ сэ езыр сыбумэхъын хуейщ. Зызбгъэумэхъын щхьэкIэ, укъысхуэкIуауэ ара уэ?» Ауэ абы Хьисэ жэуап къритыжащ: «ИджыкIэ апхуэдэу ирехъу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ захуагъэ длэжьауэ мэхъури». ИтIанэщ Иуан ар щиумэхъар. Зригъэумэхъри, Хьисэ занщIэу псым къыхэкIыжащ, - икIи мис, уафэр зэIукIри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, тхьэрыкъуэ теплъэ иIэу, къызэрыхуехар Хьисэ илъэгъуащ. Уафэм макъ къиIукIащ итIанэ: «Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр».

МАТТЭ 3:11-17

## ГУЭНЫХЬ ИРИГЪЭЛЭЖЬЫН ПАПЩIЭ ШЕЙТIАНЫР ХЬИСЭ И УЖЬ ЗЭРИТАР̓

Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ губгъуэ нэщIым ишащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ абы щIишар гуэныхь иригъэлэжьыну шейтIаныр абы и ужь итын щхьэкIэщ. Губгъуэм махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIкIэ щынэщIри, Ар икIэм-икIэжым къэмэжэлIащ. ЦIыхухэм гуэныхь иригъэлэжьыну и ужь ит шейтIаныр къыбгъэдыхьэри, Абы къыжриIащ: «Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, щIакхъуэ хъуну мы мывэхэм унафэ щIы». Хьисэ шейтIаным жэуап иритыжащ Тхьэм и псалъэ тхахэмкIэ: «ЩIакхъуэ къудейкъым цIыхур зэрыпсэунур, атIэ дэтхэнэ псалъэу Тхьэм къыбгъэдэкIырщ».

Абы щыгъуэ шейтIаным мурад ищIащ Ар Тхьэм и псалъэ тхахэмкIэ гуэныхь иригъэлэжьыным пылъыну. Абы Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм и нэхъ лъэгапIэ дыдэм тригъэувэри, абы Хьисэ къыжриIащ: «Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, мыбдеж зыщедзых; Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщи: ‘Тхьэм и мелыIычхэм уэ птеухуауэ унафэ къахуищIынущ, мывэм уи лъакъуэхэмкIэ ужьэхэмыуэн щхьэкIэ, я IэхэмкIэ узэрахьэнущ’ ». Хьисэ абы жриIащ: «Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэуи хэтщ: ‘Зиусхьэну уи Тхьэр умыгъэунэху’ ».

Аргуэру зэ шейтIаным мурад ищIащ Хьисэ гуэныхь иригъэлэжьын и ужь итыну. Бгы лъагэ дыдэ дришейри, Абы къригъэлъэгъуащ дунейм пащтыхьыгъуэу тетри, абыхэм я щIыхь икIи къыжриIащ: «ЩIыгум зыхэпIубэрэ сэ сыбгъэлъапIэмэ, а псори уэ уэстынущ». Хьисэ абы жреIэ: «Си ужь икI, шейтIан! Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ: «Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ, а зы закъуэрщ узыхуэлэжьэн хуейр». ИтIанэ шейтIаныр Абы и ужь икIащ, икIи мелыIычхэр Тхьэм и Къуэм къыбгъэдыхьэри къыхуэIуэхутхьэбзащIэу щIадзащ.

ШейтIаным зыкъедмыгъэгъэпцIэн тлъэкIынущ дэри - Тхьэм и псалъэрэ и тхьэлъэIукIэ.

МАТТЭ 4:1-11

## ХЬИСЭ И ГЪУЭГУ ИРИКIУЭ ЦIЫХУ ПЩЫКIУТIЫР

Назарет къыдэкIри, Капернаум къалэм дэтIысхьащ Хьисэ. А къалэр Галилей хэкум итщ, Геннисарет гуэлым пэмыжыжьэу. Апхуэдэу пэжу къыщIэкIащ Тхьэм Ешайа бегъымбарым игу кърилъхьэу, къыжригъэIа псалъэхэр: «Завулон, Нафталий хэкухэр, псы Iуфэм Iус хэкур, Иордан псым и адрыщIым щыIэ хэкур, хамэ лъэпкъхэм я хэку Галилей! КIыфIыгъэм хэт цIыхухэм нэхугъэшхуэ ялъэгъуащ; лIэныгъэм и шынагъуэ зыщхьэщыт хэку кIыфIым ис цIыхухэм нэху къатридзащ».

А зэманым къыщыщIэдзауэ Хьисэ Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэ хъуащ: «Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэж, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр къэблэгъащи». Абы и ужьым ирикIуэрт щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIа цIыху куэд, икIи ахэр Абы иригъаджэрт, я узхэри ящхьэщихырт.

Хьисэ Езым папщIэ къыхихащ и гъуэгум ирикIуэну цIыху пщыкIутI, Абы и гъусэн папщIэ, икIи ахэр иригъаджэрт хэхауэ. Мис и гъуэгум ирикIуэ цIыхухэм я цIэхэр: Симон, Индрис, Иуан, Екъуб, Филипп, Варфоломей*, Маттэ**, Фомэ, Алфей и къуэ Екъуб, Фаддей***, Симону зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэу щытар, икIи и ужькIэ тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыну хэта Иудэ Искариот. Ахэр псори къызэрыгуэкI цIыхут, ауэ Зиусхьэным абыхэм насып яритащ Хьисэ Мэссихь - Тхьэм и Къуэм - и гъуэгу ирикIуэну икIи и ныбжьэгъу хъуну.

Индрисрэ абы и къуэш Симон Петррэ Галилей гуэлым бдзэжьей щещэрт. Ахэр къыщилъагъум, Хьисэ яжриIащ: «Си ужь фыкъиувэ. Бдзэжьей къэвубыдын папщIэ, я ужь фызэритам ещхьу, си гъуэгу къытевгъэхьэн щхьэкIэ, цIыхухэми я ужь фызэрихьэнур фэзгъэщIэнущ». ЦIыхухэр гуэныхьым къыбгъэдашу гъуэгу пэжым хуагъэзэжыфу ахэр зэригъэсэнур къыжриIауэ аращ Хьисэ а псалъэм кърегъэкIар. Бдзэжьей къызэраубыд хъыхэр ягъэтIылъри, Индрисрэ Петррэ занщIэу Хьисэ кIэлъыкIуащ. Ахэр зыщIигъури ежьэжауэ, Хьисэ кхъуафэжьейм ис зэшитIрэ – Екъубрэ Иуанрэ – абыхэм я адэ



Зеведейрэ ирихьэлIащ. Бдзэжьей зэрещэ хъыхэр ядыжырт абыхэм. Хьисэ къриджащ ахэри. Я адэмрэ кхъуафэжьеймрэ абдеж къыщанэри, зэшитIыр Хьисэ и ужь иуващ. Апхуэдэу и гъуэгу ирикIуэ адрей цIыхухэри къызэрыриджэххэу, занщIэу Хьисэ и ужь иуващ. Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр ирагъэдэIуэну, ахэр иригъажьэ хъуащ Хьисэ. Я узхэри ягъэхъужыфу, жин бзаджэхэр цIыхухэм хахужыфу лъэкIыныгъэ яритащ Абы.

МАТТЭ 4:12-22; МАРК 3:13-19

**Абыхэм нэгъуэщI цIэхэри яIэщ: *Нафанаил, **Левий, ***Екъуб и къуэ Иудэ икIи Леввей.*

## ХЬИСЭ ИЛЭЖЬА ЯПЭРЕЙ ТЕЛЪЫДЖЭР

Зэгуэрым Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я гъусэу Галилей деж щыIэ Канэ къалэм щекIуэкI хьэгъуэлIыгъуэм ирагъэблэгъащ. ХьэгъуэлIыгъуэр зэхэтурэ, бысымым фадэр къыIэщIэухащ. ХьэгъуэлIыгъуэм ирихьэлIат Хьисэ и анэри. Абы Хьисэ жриIащ: «Фадэ яIэжкъым мыбыхэм». Хьисэ и пIалъэр къызэрымысар и анэм жриIащ. Хьисэ яригъэлъагъури, Мэрием IуэхутхьэбзащIэхэм яжриIащ: «Хьисэ сыт къывжиIэми, вгъэзащIэ».

Мывэм къыхэщIыкIа псылъих щытт абдежым. Хьисэ IуэхутхьэбзащIэхэм захуигъазэри жиIащ: «Псы изу ивгъахъуэ псылъэхэм». Абыхэм ар щагъэзащIэм, Абы жиIащ: «Псылъэхэм хуэм-хуэмурэ къифхи, хьэгъуэлIыгъуэм и тхьэмадэм зэфэн хуэфхь».

ХьэгъуэлIыгъуэм и тхьэмадэм фадэ хъуа псым щеIубым, - абы ищIэртэкъым а фадэр къыздикIар, зыщIэр псыр къизыха IуэхутхьэбзащIэхэрт - абы къриджащ щауэр икIи жиIащ: «ФадэфIыр Iэнэм япэ щIыкIэ Iэнэм къытрагъэувэ. ХьэщIэхэр куэд ефа нэужь, фадэ нэхъ пудыр Iэнэм къытрагъэувэ, ауэ уэ фадэфIыр иджыри къэс щыбгъэтащ».

Апхуэдэу Хьисэ Галилейм щыIэ Канэ къалэм и япэрей телъыджэр къыщилэжьащ и щIыхьри щигъэлъэгъуащ; икIи Ар я фIэщ хъуащ Абы и гъуэгу ирикIуэхэм.

ИУАН 2:1-11

## ХЬИСЭ САТУУЩIЭХЭР ТХЬЭМ И УНЭШХУЭМ КЪЫЩIЕХУ

Журтхэм я IутIыж махуэшхуэм и пэIуэкIэ Хьисэ Иерусалим къэкIуащ. Тхьэм и унэшхуэм щыщIыхьэм, Хьисэ къилъэгъуащ абы вы, мэл, тхьэрыкъуэ зэрыщащэр, ахъшэ зыхъуэжхэри зэрыщIэсыр. КIапсэ лэрыгъур игъэдалъэурэ, Тхьэм и унэшхуэм а псори къыщIихуащ Хьисэ, мэлхэри вы-хэри къыщIихуащ, ахъшэ зыхъуэжхэм я ахъшэр ирикъухьащ, я Iэнэхэри щхьэпридзащ. Тхьэрыкъуэ зыщэхэм яжриIащ: «Мыхэр Iуфх. Си Адэм и унэр сатущIыпIэ фымыщI». Абы и гъуэгу ирикIуэхэм ягу къэкIыжащ абдежым Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтыр: «Уэ уи унэм сызэрыфIэлIыкIым щхьэкIэ согузавэ».

Журтхэр къыпэрыуэри, мыр къыжраIащ Абы: «Мыр пщIэну хуитыныгъэ зэрыуиIэм и щыхьэту сыт хуэдэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ дыбгъэлъагъун?» Хьисэ абыхэм жэуап яритащ: «Мы тхьэ унэр зэхэфкъути, сэ махуищкIэ зэтезгъэувэжынщ». Абы щхьэкIэ журтхэм жаIащ: «Мы тхьэ унэр илъэс плIыщIрэ хыкIэ ящIащ, уэ ар махуищкIэ зэтеубгъэувэжыфынуи?» Езым и IэпкълъэпкъымI и тхьэунэрат Абы зи гугъу ищIыр. Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, Абы и гъуэгу ирикIуэхэм ягу къэкIыжащ Хьисэ ар жиIауэ зэрыщытар икIи я фIэщ хъуащ Тхьэм и псалъэ тхахэри, Хьисэ жиIа псалъэри.

IутIыж махуэшхуэм Иерусалим щилэжьа телъыджэхэр ялъагъури, Хьисэ цIыху куэдым я фIэщ хъуащ.

ИУАН 2:13-23

*Пасха (журтыбзэкIэ - Пэсах), нэгъуэщIэу жыпIэмэ «блэкIыныгъэ», Израил лъэпкъыр Мысырым къызэрикIыжам и фэеплъ махуэшхуэм и цIэщ.*

## ХЬИСЭ НИКОДИМ ЙОПСАЛЪЭ

Никодим зи цIэ гуэр фарисейхэм яхэтт, ар журт тхьэмадэхэм ящыщт.

Хьисэ деж жэщу къакIуэри, Абы къыжриIащ: «Равви, уэ Тхьэм къыбгъэдэкIа дин егъэджакIуэу узэрыщытыр дощIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр и мыгъусэмэ, уэ къэбгъэлъагъуэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр къигъэлъэгъуэн зыми лъэкIынукъым». Хьисэ абы жэуап иритащ: «Пэж дыдэр ныбжызоIэ, цIыху гуэрми, щIэрыщIэу къамылъхуэжмэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр илъагъун лъэкIынукъым». Никодим Абы къыжреIэ: «ЦIыхур жьы хъумэ, дауэ къызэралъхужынур? И анэм и ныбэм ихьэжу, щIэрыщIэу къалъхужыну?» Жэуап итыжащ Хьисэ: «Пэж дыдэр ныбжызоIэ, псымрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ къахэкIыу, щIэрыщIэу къамылъхуэжмэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэн лъэкIынукъым цIыхум. ЦIыхум къыхуэхъур цIыхущ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыхэкI цIыхур Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум илъ цIыхущ. 'ЩIэрыщIэу фыкъалъхужын хуейщ' жысIэу зэрыбжесIар умыгъэщIагъуэ...»

Ауэ къыгурымыIуэу, Никодим щIэупщIащ: «Дауэ ар зэрыхъунур?» Езыр дунейм къыщIытехьамрэ цIыхухэр гуэныхьым къыIэщIихыну Тхьэм мураду зэриIэмрэ гуригъаIуэурэ, Хьисэ жиIащ: «Мусэ бегъымбарым губгъуэ нэщIым блэр зэрыщиIэтыгъам хуэдэу, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэри цIыхухэм яIэтын хуейщ, езымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыми мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ. СЫТ ЩХЬЭКIЭ ЖЫПIЭМЭ ТХЬЭМ ДУНЕЙМ И ЦIЫХУХЭР АПХУЭДИЗКIЭ ФIЫУЭ ИЛЪЭГЪУАТИ, ЕЗЫМ И КЪУЭ ЗАКЪУЭР ИТАЩ, ТХЬЭМ И КЪУЭМКIЭ ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭ ДЭТХЭНЭРИ МЫКIУЭДУ КЪЕЛЫН ИКIИ МЫКIУЭДЫЖЫН ГЪАЩIЭ ИIЭ ХЪУН ЩХЬЭКIЭ. Тхьэм дунейм и цIыхухэр игъэкъуэншэну аракъым езым и Къуэр дунейм къыщIигъэкIуар, атIэ и Къуэм и IэмыркIэ дунейм и цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэщ. Тхьэм езым и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри игъэкъуэншэнукъым, ауэ фIэщхъуныгъэ зимыIэ дэтхэнэри Тхьэм игъэкъуэншакIэщ и Къуэ закъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэрымыхъуам щхьэкIэ. Тхьэм цIыхухэр щIигъэкъуаншэр мыращ: нэхур дунейм къытехьащ, ауэ цIыхухэм нэхум нэхърэ кIыфIыгъэр нэхъыфIу ялъэгъуащ, абыхэм ялэжь Iуэхухэр бзаджагъэти. Бзаджагъэр зылэжь дэтхэнэми нэхур илъагъу хъуркъым, илэжьа Iуэхухэр нахуэ мыхъун щхьэкIэ, нэхум екIуалIэркъым. Ауэ пэжыр зылэжь дэтхэнэри нэхум йокIуалIэ, Тхьэр и псэм зэрыщыщым папщIэ а Iуэхухэр зэрилэжьар нахуэ хъун щхьэкIэ».

ИУАН 3:1-21; 7:50-51

## ХЬИСЭРЭ САМАРИЕМ ЩЫЩ БЗЫЛЪХУГЪЭМРЭ

Иудейм, Израилым и ипщэ щIыналъэм, икIри, Хьисэ зэгуэрым кIуэгъащ Галилейм. Иудеймрэ Галилеймрэ яку дэлъщ Самариер. Журтхэм хуэдэу, самарие цIыхухэм я фIэщ хъурт уафэри щIылъэри къэзыгъэщIа Тхьэуэ зи закъуэр, ауэ езыхэм я хабзэхэр, я дин пашэхэр яIэжт, тхьэуни яIат зэгуэрым (ар журтхэм якъутауэ щытащ). Журтхэм зыхагъэхьэртэкъым ахэр.

И гъуэгу ирикIуэхэр щIыгъуу, Хьисэ самарие къалэ Сихар нэса нэужь, гъуэгум щешати, Ар псыкъуийм деж щетIысэхащ. И гъуэгу ирикIуэхэр шхын къащэхуну ежьащ. Шэджагъуэ хъуат.

Самарие бзылъхугъэ псыхьэ къэкIуащ. Хьисэ абы жриIащ: «Псы тIэкIу сегъафэ». Ар игъэщIагъуэри, бзылъхугъэм жиIащ: «Уэ ужуртщ, сэ Самарие сыщыщ цIыхубзщ. Псы уезгъэфэну дауэ укъызэлъэIуфрэ? Хьисэ абы жэуап иритащ: 'Тхьэм и тыгъэр зыхуэдэри, Псы тIэкIу сегъафэ, къыбжезыIэри уэ пщIэуэ щытатэмэ, абы уелъэIунт, абыи гъащIэ къозытын псы уригъэфэнт'. Бзылъхугъэм къыжреIэ: 'Зи щIыхь ин, псыкъуийр куущ, уэ псы къызэрипхын уиIэкъым. А гъащIэ къызэзытыну псыр дэнэ къыздипхынур?...' Хьисэ абы жэуап иритыжащ: 'Мы псым щыщ хэт ефэми, псы хуэлIэжынущ. Ауэ сэ ест псым ефэр игъащIэкIэ псы хуэлIэжынукъым. Сэ абы естыну псыр цIыхум игу илъу, зэи мыгъуж псынэ хуэхъунущ, мыкIуэдыжын гъащIи а псынэм кърилынущ'. Тхьэм щыхьэт техъуэурэ, Хьисэ бзылъхугъэм жриIащ: 'Тхьэр псэщ, абы елъэIухэри Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIи щыпкъагъэкIи елъэIун хуейщ'. Бзылъхугъэм жэуап кърetыж: 'ХристоскIэ зэджэ Мэссихьыр къызэрыкIуэнур сощIэ. Ар къакIуэмэ, Iуэху псори къыдгуригъэIуэнущ'. Хьисэ абы жриIащ: 'А жыхуэпIэр сэращ, иджыпсту къопсалъэрщ...' ».

И кхъуэщыныр абдеж къыщинэри, бзылъхъугъэр къалэм дыхьэжащ, псыкъуийм деж зыщрихьэлIа ЦIыхум и хъыбар иIуэтэжащ. «Арауэ пIэрэ Мэссихьыр? - щIэупщIащ ар. А къалэм дэс самарие цIыху куэдым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ

яIэ хъуащ, а цIыхубзыр Хьисэ щыхьэт къытехъуэурэ... Абы къыхэкIкIэ самарие цIыхухэр Хьисэ деж къыщыкIуэм, я деж зыщиIэжьэну къелъэIуащ. КъыщелъэIум, абыхэм я деж махуитIкIэ къэнащ. Хьисэ и псалъэхэр щызэхахым, АбыкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр нэхъыбэж хъуащ».

Самарие бзылъхугъэ тхьэмыщкIэм щыхьэт щытехъуэм, Зиусхьэныр цIыху куэдым я фIэщ хъуащ. Мы хъыбарыр щыхьэт зытехъуэр мыращ: Зиусхьэным дежкIэ лъэпкъ псори зэхуэдэщ, сыту жыпIэмэ дэ псори Абы дыкъигъэщIащи.

ИУАН 4:1-42

## БДЗЭЖЬЕЙ КУЭД ДЫДЭ КЪАУБЫД

Гуэл Iуфэм Iухьэурэ, куэдрэ цIыхубэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэрт Хьисэ. Кхъуафэжьейм щихьи щыIэт Ар уаз щитынум деж.

Зэгуэрым цIыху Iув къытезэрыгуэри, Абы жиIэр цIыхухэм зэхамых хъуат. Псым кхъуафэжьеитI тетт, зыр Симон ейт. Симон и кхъуафэжьей ихьэри, гуэл Iуфэм Iут цIыху гупышхуэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэу щIидзащ Хьисэ.

Уазыр и кIэм нигъэсри, Хьисэ Симон жриIащ: «КуупIэм фыхыхьи, бдзэжьей къэвубыдын щхьэкIэ, фихъхэр хэвдзэ». Симон жэуап къритыжащ: «Гъуазэ, дэ жэщ псом гугъу дехьу дылэжьащ, зыри къэдубыдыфакъым, ауэ уэ зэрыжыпIэм тету хъыхэр хэздзэнущ». Хъыхэр щыхадзэм, апхуэдизкIэ бдзэжьей куэд къаубыдати, я хъыхэм зэфIэтхъыу щIадзащ. Симон и ныбжьэгъухэр, Екъубрэ, Иуанрэ, зыщIигъури, абыхэм бдзэжьейр кхъуафэжьейм из ящIащ, ар къатехьэлъэри кхъуафэжьейхэр щIэтIысыкIыу хуежьащ. Ар къыщилъагъум, Симон Петрэ къэгужьейри, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзащ мыр жиIэурэ: «ЗбгъэдэкI, Зиусхьэн, сэ сыцIыху гуэныхьыщIакIуэщ». Зэрыгужьеяращ абы апхуэдэу щIыжиIар, Зиусхьэн щэджащэм и пащхьэм и гуэныхьхэмкIэ зицIыхужырти. Хьисэ Симон жриIащ: «Умышынэ! Нобэ щыщIэдзауэ цIыхухэр сэ си гъуэгу къытебгъэхьэнущ».

Зэман дэкIри, Симон щIидзащ уазкIэ цIыхухэр Хьисэ къыхуигъазэу икIи абыкIэ ахэр къригъэлу.

ЛУКА 5:1-10

## ПКЪЫУЭ ХЪУА ЛIЫ ГУЭР ХЬИСЭ ЗЭРИГЪЭХЪУЖАР

Хьисэ Капернаум къалэм щыщыIам, Абы деж цIыху къызэрыгуэкI куэди цIыху цIэрыIуэ куэди къэкIуауэ щытащ, адэ-мыдэкIэ къикIыурэ; Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэрт абыхэм, сымаджэхэр зэригъэхъужымкIэ нэрылъагъут Зиусхьэным и къарур зэрыиныр. Хьисэ цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр щаригъащIэ унэм зэгуэр къахьащ пкъыуэ хъуа лIы гуэр, Абы игъэхъужын щхьэкIэ. ЦIыхур Iувти, сымаджэр унэм щIахьэфакъым. ЩыщIамыхьэфым, унащхьэм щыщ трахщ, я ныбжьэгъу сымаджэр алэрыбгъум зэрытелъу ирахьэхри, Хьисэ и пащхьэ жыхафэм тралъхьащ. Абыхэм я фIэщхъуныгъэр къыщилъагъум, Хьисэ сымаджэм жриIащ: «Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ».

Торэт егъэджэкIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ* Хьисэ зи фIэщ мыхъухэм, ягукIэ жаIащ: «Хэт мыр? Тхьэр игъэпцIыркъэ? Тхьэм фIэкI, хэт гуэныхьхэр игъэгъун зылъэкIынур?» Абыхэм ягукIэ жаIэр ищIэрти, Хьисэ яжриIащ: «Сыт фэ фигукIэ апхуэдэ щIыжыфIэр? Сытыра нэхъ тыншыр: 'Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ' жыпIэныра, хьэмэрэ 'Къэтэджи, ежьэж' жыпIэныра? ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм гуэныхьхэр игъэгъуну дунейм тепщынэгъэ зэрыщиIэр къэфщIэн щхьэкIэ, - жиIэщ, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым зыхуигъэзэри жриIащ: 'Уэ ныбжызоIэ, къэтэдж, уи алэрыбгъур къащти, уи унэм кIуэж'».

Сымаджэр къызэфIэуващ, алэрыбгъу зытелъыр къиштэри, и унэ кIуэжащ, зэрыхъужам щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ. Абдеж кърихьэлIа псоми Тхьэм фIыщIэ хуащIащ, мыр инэу жаIэурэ: «Сыту телъыджэ нобэ дэ тлъэгъуар!»

ЛУКА 5:17-26

** Фарисейхэр - журтхэм ящыщ динырылажьэ гупт.
Мусэ и хабзэхэм ткIийуэ тетын хуейуэ арат абыхэм я мурад нэхъыщхьэрт.*

## IУАЩХЬЭ УАЗЫР
## 1. ГЪУЭГУ МАХУЭ ТЕУВАХЭР

Зэгуэрым Iуащхьэм дэкIри, абдежым щетIысэхащ Хьисэ. И гъуэгу ирикIуэхэмрэ цIыхухэмрэ къыщыбгъэдыхьэм, абыхэм яригъащIэу щIидзащ «Гъуэгу махуэ теувахэм» теухуауэ. Хьисэ абдежым цIыхухэм яжриIа псалъэм «Iуащхьэ уазкIэ» йоджэ. Ар итщ «Маттэ хъыбарыфIыр къызэриIуэтам» и 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ едзыгъуэхэм. «Iуащхьэ уазыр» - Хьисэ цIыхухэм Iуэхуу яригъэщIам и купщIэщ. «Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм» и зэманым Тхьэм цIыхухэм къарита «УнафипщIым» щIыгъуу «Iуащхьэ уазыр» ди гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ гъуазэщ. Абы къыхэкIкIэ иджыри зэ щIэдджыкIынщ ар «Маттэ хъыбарыфIыр къызэриIуэтамкIэ».

«Гъуэгу махуэ теуващ гурэ псэкIэ тхьэмыщкIэхэр, ахэр Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи.

Гъуэгу махуэ теуващ гукъеуэ зиIэхэр, абыхэм я гукъеуэр Тхьэм ящхьэщихыжынущи.

Гъуэгу махуэ теуващ зигу пагагъэ имылъхэр, абыхэм IыхьэфIу къалъысынур щIылъэращи.

Гъуэгу махуэ теуващ щыпкъагъэм хуэзэшхэр икIи хуэлIэхэр, абыхэм яхурикъун щыпкъагъэ ягъуэтынущи.

Гъуэгу махуэ теуващ гущIэгъу зиIэхэр, абыхэм гущIэгъу ягъуэтынущи.

Гъуэгу махуэ теуващ зигу къабзэхэр, абыхэм Тхьэр ялъагъунущ.

Гъуэгу махуэ теуващ цIыхухэр зэзыгъэкIужхэр, абыхэм 'Тхьэм и бынкIэ' еджэнущи.

Гъуэгу махуэ теуващ щыпкъагъэм щхьэкIэ цIыхухэм гугъуехь зрагъэшэчхэр, ахэр Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи.

Гъуэгу махуэ фытеуващ сэ си гъуэгу фызэрырикIуэм щхьэкIэ цIыхухэр къыфхуэхъущIэмэ, гугъуехь фагъэшэчмэ, къыфхуэмыфащэ Iей псори къыфхужаIэмэ. Фытхъэ, хуабжьу фыгуфIэ, Тхьэм уафэм IыхьэфIу къыщыфхуигъэфэщэнур инщи. Фэ фяпэкIэ бегъымбархэми гугъуехь ирагъэшэчу щытащ апхуэдэу.

ЩIылъэм и шыгъур фэращ. АтIэ шыгъум и шыугъэр хэкIмэ, абы и шыугъэр дауэ зэрыхэплъхьэжынур? ЗыкIи и фIагъ къэхэкIынукъым. Ар иракIутыжынурэ, цIыхухэм лъэгукIэ хаутэнущ.

Дунейм и нэхур фэращ. Бгыщхьэм тет къалэр пхущIэуфэн хъунукъым. Уэздыгъэ пигъанэмэ, ар пэгун щIагъым щIигъэувэркъым зыми, атIэ тегъэувапIэ лъагэм трегъэувэ. Унэм щIэс псоми я деж нэхур нос итIанэ. Аращи, цIыхухэм я пащхьэм фи нэхур щренэху, фи фIыщIагъэхэр ялъагъуу, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм щIыхь хуащIын щхьэкIэ».

МАТТЭ 5:3-16 *къыкIэлъокIуэр*

## УАЩХЬЭ УАЗЫР
## 2. ТОРЭТ ХАБЗЭМ, ЕХАНЭРЕЙ УНАФЭМ, НЭЧЫХЬЫМ, ТХЬЭРЫПУЭМ ТЕУХУАУЭ

«Мусэ и Торэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм ятха тхылъхэм ярытхэмрэ згъэкIуэдыну сыкъэкIуауэ фи мыгугъэ. Ахэр згъэкIуэдын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ иризгъэкъуну аращ. Пэжыр нывжызоIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ щыIэху, Мусэ и Торэт хабзэм ит хьэрфхэм я нэхъ цIыкIуу, зы хьэдзэ хэкIуэдыкIынукъым, абы ит псори къэхъуху. Мы унафэхэм я нэхъ цIыкIухэм ящыщ гуэрми емыдаIуэ цIыхуу, адрей цIыхухэри а унафэм емыдэIуэну зыгъэIущым Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм я нэхъ цIыкIу дыдэкIэ еджэнущ. Ауэ мы унафэхэр зыгъэзащIэу, цIыхухэр абыхэм хуезыджэхэм Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыху инхэм ящыщкIэ еджэнущ. Пэжыр нывжызоIэ, фэ фи щыпкъагъэр торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ я щыпкъагъэм нэхърэ нэхъ ин мыхъумэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэнукъым.

Фэ зэхэфхащ пасэрей цIыхухэм зэражраIар: 'ЦIыху умыукI. ЦIыху зыукIыр хеящIэм и пащхьэм ирашэнущ'. Ауэ сэ нывжызоIэ, и къуэшым хуэгубжь дэтхэнэри хеящIэм и пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым 'Уэ уи щхьэр нэщIщ!' жезыIэр Тхьэмэдэ Хасэшхуэм и пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым 'Уэ укъылыншэщ!' жезыIэр жыхьэнмэ мафIэм хыхьапхъэщ. Аращи, Тхьэм хуэпщI тыхьыр къурмэнщIыпIэм щыпхькIэ, уи къуэшым гукъеуэ гуэр къыпхуиIэу уи гум къэкIыжмэ, уи тыхьыр къурмэнщIыпIэм деж къыщынэ, япэ щIыкIэ кIуэи, уи къуэшым екIуж. ИтIанэ тегъази, тыхь щIы!...

ЗэрыжаIар зэхэфхащ: 'Зинэ умыщIэ'. Ауэ сэ нывжызоIэ, цIыхубз гуэрым хъуэпсэнэгуу еплъ дэтхэнэми игукIэ зинэ ищIакIэщ. Аращи, гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, уи нэ ижьыр къитхъыжи, хыфIэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэнмэм хадзэ нэхърэ, уи Iэпкълъэпкъым щыщ зы пфIэкIуэдмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ. УиIэ ижьым гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, пыупщIи, хыфIэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэнмэм



кIуэ нэхърэ, уи Iэпкълъэпкъым щыщ зы пфIэкIуэдмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ. Пасэрейм мыри жаIащ: 'Зи фыз изыгъэкIыжым зэрыригъэкIыж тхылъ ирырет'. Ауэ сэ нывжызоIэ, и фыз, зинэ имыщIауэ, изыгъэкIыж дэтхэнэми фызым зинэ иригъэщIауэ мэхъу, (итIанэ фызыр аргуэру дэкIуэжмэ). Абы ещхьу лIы гуэрым иригъэкIыжа фыз къэзышэжми зинэ ищIауэ мэхъу.

Иджыри пасэрей цIыхухэм мыри зэрыжаIар зэхэфхащ: 'ПцIыкIэ зэи тхьэ умыIуэ, ауэ Зиусхьэным хуэпщIа тхьэрыIуэхэр бгъэпэжын хуейщ'».

МАТТЭ 5:17-33

*къыкIэлъокIуэр*

## ІУАЩХЬЭ УАЗЫР
## 3. ЛЪАГЪУНЫГЪЭМРЭ ТХЬЭЛЪЭІУМРЭ ЯТЕУХУАУЭ

«Мыри зэрыжаІар зэхэфхащ: 'Уи нэ къеІэм и нэм еІэж, уи дзэм къеуэм и дзэм еуэж', ауэ сэ нывжызоІэ, цІыху бзаджэм фыпэмыув. АтІэ уэ уи нэкІу ижьым къеуэ дэтхэнэми адрей уи нэкІури лъэныкъуэр хуэгъазэ. Уи джанэр птрихын щхьэкІэ, зыгуэр къодэуэну хуеймэ, уи щыгъын щІыІутелъри къыхуэгъанэ абы. Лъэбакъуэ минкІэ удэкІуэну ухэзыгъэзыхьым лъэбакъуэ минитІкІэ дэкІуатэ. ЗыгуэркІэ къолъэІум ет икІи щІыхуэ пІызыхыну хуейм уи щІыб хуумыгъазэ.

ЗэрыжаІар зэхэфхащ: 'Уи гъунэгъур фІыуэ лъагъу, уи бийр плъагъу мыхъуу щыт'. Ау сэ нывжызоІэ, фи бийхэр фІыуэ флъагъу, гугъуехь фэзыгъэшэч цІыхухэм Тхьэм фІыкІэ фахуелъэІу, фи Адэ лъапІэу уафэм щыІэм и бын фыхъун щхьэкІэ. Абы и дыгъэр цІыху бзаджэхэми цІыхуфІхэми къахукъуегъэкІы, щыпкъагъэ зигу илъхэми имылъхэми уэшх къахурегъэшхы. ФІыуэ фыкъэзылъагъухэм фІэкІа фІыуэ фымылъагъужмэ, сыт хуэдэ ІыхьэфІ фызыщыгугъыр? Хьэкътын ахъшэр хэзыххэм ар дыдэр ящІэркъэ? Фэ фи къуэшхэм фІэкІа зыми и Іэр фымыубыдмэ, егъэлеяуэ сыт фІыгъэ фщІэр? Хамэ лъэпкъхэми апхуэдэу ящІэркъэ? Аращи, фи Адэ лъапІэу уафэм щыІэм и щыпкъагъэм щыщІагъэ лъэпкъ хэмылъу, нэгъэсауэ зэрыщытым хуэдэу, фэ фи щыпкъагъэми щыщІагъэ лъэпкъ хэмылъу, цІыху нэгъэсауэ фыщытын хуейщ.

Псапэ щыфщІэкІэ, цІыхухэм евгъэгъэщІэгъуэн мурадкІэ абыхэм ялъагъуу зэрывмыщІэным фыхуэсакъ. Армыхъумэ, фи Адэ лъапІэу уафэм щыІэм ІыхьэфІыр къыфхуигъэфэщэнукъым. Аращи, псапэ тыхь щыпткІэ, цІыхухэм хъыбар йомыгъащІэ, синэгуогухэм щІэс икІи уэрамхэм тет бзитІщхьитІхэм фІыщІэ лей къахьын мурадкІэ зэрызагъэнаІуэм ещхьу. Пэжыр нывжызоІэ, апхуэдэу зыщІхэм я ІыхьэфІыр ягъуэтакІэщ. Ауэ уэ псапэ тыхь щыпткІэ, уи Іэ ижьым илэжь Іуэхур уи Іэ сэмэгум иремыщІэ, уэ пта псапэ тыхьыр щэхуу къэнэн щхьэкІэ. Уи Адэ лъапІэу цІыхухэм щэхуу ящІэр зылъагъум уи ІыхьэфІыр къуитынущ итІанэ абы утетмэ.

Уэ Тхьэм ущелъэІукІэ, уи пэшым щІыхьэж, бжэр къэгъэбыди, цІыхухэм я дежкІэ нэрымылъагъу уи Адэ лъапІэм елъэІу. ЦІыхухэм щэхуу ящІэр зылъагъу уи Адэ ЛъапІэм уи ІыхьэфІыр къуитынущ итІанэ. Тхьэм фыщелъэІукІэ, куэдыщэ жывмыІэ, хамэ лъэпкъхэм зэращІым хуэдэу; куэд жаІэмэ зыщІэлъэІухэм Тхьэр едэІуэну щогугъ ахэр. Аращи, абыхэм зэращІым хуэдэу фымыщІэ; фэ фелъэІун и пэкІэ фызыхуэныкъуэр фи Адэ лъапІэм ешІэщи». АтІэ Тхьэм фелъэІу мыпхуэдэу:

### ДИ АДЭ ЛІАПІЭ

МАТТЭ 5:38-48; 6:5-8 *къыкІэлъокІуэр*

*УЭ ДИ АДЭ ЛЪАПІЭУ УАФЭМ ЩЫІЭ!*
*УИ ЦІЭР ЦІЫХУХЭМ ИРЕГЪЭЛЪАПІЭ.*
*УИ ТЕПЩЭНЫГЪЭШХУЭР КЪРЕКІУЭ*
*УЭ УЗЫХУЕЙР УАФЭМ*
*ЗЭРЫЩЫХЪУМ ХУЭДЭУ,*
*ЩІЫЛЪЭМИ ЩРЕХЪУ.*
*ЩІАКХЪУЭУ ДЫЗЫХУЭНЫКЪУЭР*
*НОБЭ КЪЫДЭТ.*
*МЫХЪУНУ ТЩІАР КЪЫТХУЭГЪЭГЪУ,*
*ДЭ МЫХЪУН КЪЫДЭЗЫЩІАХЭМ ДЭ*
*ЗЭРАХУЭДГЪЭГЪУМ ХУЭДЭУ.*
*ШЕЙТІАНЫМ ГУЭНЫХЬ ДИГЪЭЩІЫНУ*
*ХУИТ УМЫЩІ,*
*АБЫ ДЫЩЫХЪУМЭ.*
*МЫКІУЭДЫЖЫН ТЕПЩЭНЫГЪЭШХУЭР,*
*ЛЪЭКІЫНЫГЪЭШХУЭР,*
*ЩІЫХЬЫШХУЭР УУЕЙЩ.*

*ІЭМИН*

## IУАЩХЬЭ УАЗЫР
## 4. УАФЭМ ЩЫIЭ АДЭМ ЩЫГУГЪЫНЫМ ТЕУХУАУЭ

«ЩIылъэм мылъкушхуэ щызэхуэвмыхьэс, щIылъэм щыIэр е хъуным яшх е улъыийурэ мэкIуэдыж, дыгъуакIуэхэм яхъунщIэ икIи ядыгъури. Ауэ уафэм мылъкушхуэ хузэхуэфхьэс. Хъуным абы зыри щишхыркъым, зыри щыулъийркъым, дыгъуакIуэхэри щыIэбэркъым икIи щыдыгъуэркъым. Уи мылъкушхуэр здэщыIэм уигури щыIэнущ.

ЗиусхьэнитIым хуэлэжьэн зыми лъэкIынукъым, е зым жагъуэгъу хуэхъунурэ, адрейр фIыуэ илъагъунущ, е зым пэжу хуэщытынурэ, адрейм нэмыплъ иритынущ. Тхьэми ахъшэми фахуэлэжьэн флъэкIынукъым фэ.

Аращи, нывжызоIэ, 'Сыт тшхыну, сыт дефэну?' жыфIэу фи гъащIэм щхьэкIэ фымыгузавэ. 'Сыт щыттIэгъэну?' жыфIэу Iэпкълъэпкъым щхьэкIи фымыгузавэ. Шхыным нэхърэ гъащIэр нэхъ лъапIэкъэ, щыгъыным нэхърэ Iэпкълъэпкъыр нэхъ лъапIэкъэ? Уэгум щызелъатэ бзухэм феплъыт: абыхэм жылэ ясэркъым икIи гъавэ къахыжыркъым, гуэнхэми иракIутэркъым, апхуэдэу щыт пэтми, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм ахэр егъашхэ. Фэ абыхэм нэхърэ куэдкIэ фынэхъ лъапIэкъэ? Гузавэ пэтми, хэт фэ фщыщу зы сыхьэт закъуэ и гъащIэр пызыщэн зылъэкIынур?

Фэ щыфтIэгъэным щхьэкIэ щхьэ фыгузавэрэ? Губгъуэ удз гъагъэхэм къызэрыкIым феплъыт. Ахэр лажьэркъым, цы яджыркъым, ауэ нывжызоIэ, егъэлеяуэ зызыгъэщIэращIэу щыта езы Сэлмэн пащтыхь дыдэри абыхэм ящыщ зым ещхьу хуэпауэ щытакъым. Губгъуэм нобэ щыгъагъэу пщэдей хьэкум ирадзэжыну удзыр Тхьэм апхуэдизу егъэлеяуэ щигъэщIэращIэкIэ, абы нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэхэр фэ фигъэщIэрэщIэнукъэ, фэ, фIэщхъуныгъэ зи мащIэхэр? Аращи, 'Сыт дэ тшхыну?', е 'Сыт дефэну?', е 'Сыт щыттIэгъэну?' жыфIэу фымыгузавэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ апхуэдэ Iуэху псорищ дунейм тет лъэпкъхэм къалъыхъуэр. А псоми фэ фызэрыхуэныкъуэр фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм ищIэркъэ? Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхугъуэхэмрэ Тхьэм и щыпкъагъэмрэ я ужь фит япэщIыкIэ, а Iуэхугъуэ псори къыфIэщIыхьэнущ итIанэ. Аращи, пщэдейрей махуэм щхьэкIэ фымыгузавэ. Пщэдей къакIуэр езым и щхьэм щхьэкIэ гузэвэжынущ, дэтхэнэ махуэми езыр зытегузэвыхьын хурикъуу иIэжщи».

МАТТЭ 6:16-34 *къыкIэльокIуэр*

## УАЩХЬЭ УАЗЫР
## 5. ЗЫМИ ХЬЭКУМ ТЕВМЫЩІЫХЬ, ТХЬЭМ ФЕЛЪЭІУ ЗЭПЫТ, ХАБЗЭ ДЫЩЭР, КУЭБЖЬЭ ЗЭВЫР

«Хьэкум зыми тевмыщІыхь, Тхьэм хьэкум фэ къыфтримыщІыхьын щхьэкІэ. ЦІыхухэм фэ хьэкум зэратефщІыхьым хуэдэу, Тхьэм фэри хьэкум къыфтрищІыхьынущ икІи фэ зэрыфпщ пщалъэм хуэдэ дыдэкІэ Тхьэм фэ къыфхуипщыжынущ. Уэ уи нэм щІэлъ бжэгъум гу лъумытэу, уи къуэшым и нэм щІэлъ пхъэласкІэр щІэплъагъур сыт? Уи нэм бжэгъу щІэлъ пэтрэ, уи къуэшым дауэ жепІэфрэ: 'Уи нэм щІэлъ пхъэласкІэр къыщІэзгъэх' жыпІэу? Уэ, бзитІщхьитІ, уи нэм щІэлъ бжэгъур къыщІэхыж япэщІыкІэ, уи къуэшым и нэм щІэлъ пхъэласкІэр къызэрыщІэпхынур Іупщl хъунщ итІанэ.

Фэ фигукІэ вгъэлъапІэ Іуэхугъуэхэр хьэхэм евмыт. Налкъутналмэсхэр кхъуэхэм я пащхьэм щивмыкъухь. Апхуэдэу фщІымэ, абыхэм ахэр яутэнущ, къагъэзэжынурэ фэри фызэпкъратхъынущ.

ФелъэІуи, Тхьэм къывитынущ; фылъыхъуи, къэвгъуэтынущ; куэбжэм фытеуІуи, Тхьэм къыфхуІуихынущ; Тхьэм хэт елъэІуми зыщІэлъэІур иІэ хъунущ, хэт сыт къилъыхъуэми, зылъыхъуэр къигъуэтынущ; куэбжэм теуІуэми Тхьэм къыхуІуихынущ.

Фэ цІыху къыфхэт, и къуэр щІакхъуэ щхьэкІэ къелъэІумэ, мывэ иритыну, е бдзэжьей щхьэкІэ къелъэІумэ, блэ иритыну? Аращи, фэ фыбзаджэ пэтми, фи бынхэм фІыгъуэ зэрефтынур фощІэ. АтІэ абы нэхърэ ІэджэкІэ нэхъыбэу фи Адэ лъапІэу уафэм щыІэм елъэІухэм фІыгъуэ яхуищІынукъэ? Аращи, цІыхухэр фэ къыфхущытыну фызэрыхуейм хуэдэу, фэри абыхэм фахущыт сыт щыгъуи. Аращ Торэт хабзэми бегъымбархэм ятхахэми къарыкІыр.

Куэбжэ зэвымкІэ фыдыхьэ; кІуэдыпІэм и куэбжэр бгъуэфІэщ, абы кІуэ гъуэгури гъуэгушхуэщ. А гъуэгум ирикІуэхэр куэд мэхъу. Ауэ гъащІэм и куэбжэр зэвщ, абы ухуэзышэ гъуэгури бгъузэщ. Ар къэзыгъуэтыр мащІэщ».

МАТТЭ 7:1-14 (къыкІэлъокІуэр)



## ХАБЗЭ ДЫЩЭР

«АРАЩИ, ЦІЫХУХЭР ФЭ
КЪЫФХУЩЫТЫНУ
ФЫЗЭРЫХУЕЙМ ХУЭДЭУ,
ФЭРИ АБЫХЭМ СЫТ
ЩЫГЪУИ ФАХУЩЫТ.

МАТТЭ 7:12

## IУАЩХЬЭ УАЗЫР
## 6. БЕГЪЫМАР НЭПЦIХЭМ, ТХЬЭМ ФIЭФIЫР ГЪЭЗЭЩIЭНЫМ ТЕУХУАУЭ, ЛЪАБЖЬИТI

«Бегъымбар нэпцIхэм фахуэсакъ. Абыхэм мэл Iэсафэ зытрагъауэ, ауэ ягукIэ дыгъужь хъунщIакIуэхэм хуэдэу фи деж къокIуэ. Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ зэрыпщIэм хуэдэу, а цIыхухэр зыхуэдэр ялэжь IуэхухэмкIэ къэфщIэнущ. Пыжьейм жызум, е кхъуэбанэм ахъуо къыпыкIэрэ? Дэтхэнэ зы жыгыфIми фIы къыпокIэ, жыг Iейм Iейщ къыпыкIэр. ЖыгыфIым Iей къыпыкIэнукъым, жыг Iейми фIы къыпыкIэнукъым. ФIы къызыпымыкIэ дэтхэнэ зы жыгри ираупщIыкIыжынурэ, мафIэм пэрадзэнущ. Аращи, а цIыхухэр зыхуэдэр ялэжь IуэхухэмкIэ къэфщIэнущ.

'Зиусхьэн! Зиусхьэн!' жиIэу сигъэлъапIэу къызжезыIэр цIыхуракъым Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэнур, атIэ си Адэу уафэм щыIэр зыхуейр зыгъэзащIэр арщ. ЦIыху куэдым мыпхуэдэу къызжаIэнущ а махуэм: 'Зиусхьэн! Зиусхьэн! Тхьэм езым и псалъэу ди гум кърилъхьар уэ уи цIэкIэ жытIэу щытакъэ, уэ уи цIэкIи жин бзаджэхэр цIыхухэм яхэтхужу щытакъэ, Iуэху телъыджэ куэд уэ уи цIэкIэ тщIэуэ щытакъэ?' Ауэ сэ абыхэм занщIэу яжесIэнущ: 'Сэ зэи фысцIыхуакъым. Си пащхьэм фикI фэ бзаджащIэхэр'.

Аращи, си псалъэхэр зэхихэу ахэр зыгъэзащIэ дэтхэнэри зыхуэдэр зи унэр мывэ быдэм тезыщIыхьа цIыху губзыгъэрщ. Уэшх къешхащ, псыхэри къиуащ, жьыри къепщэурэ а унэм жьэхэуащ, ауэ а унэр къызэтеуакъым, мывэм тращIыхьати. Си псалъэхэр зэхихэу ахэр зымыгъэзащIэ дэтхэнэри зыхуэдэр зи унэр пшахъуэм тезыщIыхьа лIы акъылыншэрщ. Уэшх къешхащ, псыхэр къиуащ, жьыри къепщэурэ а унэм жьэхэуащ. А унэр къызэтещэхащ икIи хьэлэчу къисэхэжащ.

Хьисэ а псалъэхэр жиIа нэужь, цIыху куэдым Iуэхухэр зэраригъащIэу щыта щIыкIэр ягъэщIэгъуащ, торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ яхуэмыдэу, тепщэныгъэшхуэ иIэу цIыхухэм Тхьэм и гъуэгур яригъащIэрти».

МАТТЭ 7:15-29

# ХЬИСЭ ФЫЗАБЭМ И КЪУЭР ЛIАХЭМ КЪЫЗЭРАХИГЪЭТЭДЖЫКIЫЖАР

Хьисэ Наин къалэм кIуащ зэгуэрым. Абы щIыгъут и гъуэгу ирикIуэхэри нэгъуэщI цIыху куэди. Къалэ куэбжэм бгъэдыхьа нэужь, хьэдэ дэзых цIыхухэр къилъэгъуащ Хьисэ: фызабэ гуэрым и къуэ закъуэр лIауэ кхъэм яхьырт абыхэм. И къуэр зыгъей анэр щилъагъум, и гур абы щIэгъури, Зиусхьэным жиIащ: «Умыгъ, ди анэ!» ИтIанэ Ар ябгъэдыхьащ хьэдэр дэзыхьхэм; ахэр щызэтеувыIэм, Хьисэ жиIащ: «Си щIалэ, уэ бжызоIэ, къэтэдж!» ЛIар къызэфIэтIысхьэри, къэпсэлъащ; ар и анэм иритыжащ Хьисэ. ЦIыхухэр зэрыгъэщтэжащ абдежем, Тхьэм фIыщIэ хуащIурэ жаIащ: «Бегъымбарышхуэ къытхэкIащ. Тхьэр и лъэпкъым нэфIкIэ къеплъащ!»

Хьисэ хузэфIэмыкIын щыIэтэкъым, сытри илэжьыфынущ, Ар псэуэ икIи псори зыхузэфIэкI Тхьэм и Къуэщи. Абы и ущир гъэнщIащ лъагъуныгъэрэ къарукIэ, и гущIэгъури инщ. Мэссихь къалъхуным иъэсищэ зыбжанэ и пэ Ешайа бегъымбарым Абы щхьэкIэ жиIэгъащ : «НыкъуэкъищIыкI хъуа къамыл кърищIыкIынукъым, ерагъыу блэ уэздыгъэку игъэункIыфIынукъым, щыпкъагъэр тригъэкIуэху». Хьисэ цIыхухэм зэрахущытыр къыхощ а псалъэхэм.

Дунейм щытетым, цIыхухэм гущIэгъу яхуищIурэ, телъыджащэ Iэджэ илэжьащ Хьисэ. Уафэм щыIэ щIыхьышхуэ зиIэ и Адэм деж игъэзэжауэ, дэркIэ нэрымылъагъущ Ар нобэ, итIани Ар зэры-КъегъэлакIуэр зы фIэщ хъу псоми Тхьэм тхуолъэIу.

ЛУКА 7:11-16

## ЖЫЛЭ ЗЫСЭМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбар яжриIащ Хьисэ: «ФыкъэдаIуэ! Жылэ исэну лIы гуэр дэкIащ. Здисэм, жылэм щыщ гъуэгум телъэлъащ. Къуалэбзухэр къэлъатэри, ар ящыпащ. ЩIыр къызэмэщIэкI мывалъэм хэлъэлъащ жылэм щыщ. ЩIыр куутэкъыми, щIэх дыдэ къыхэжащ жылэр, ауэ дыгъэр къыщыдэкIуейм, исыжащ икIи лъабжьэ куу зэримыIам щхьэкIэ гъужащ. А жылэ дыдэм щыщ банэхэм хэлъэлъащ. Банэхэм зыкъаужри, жылэм къикIыкIар ятхьэлащ. А жылэм щыщ щIыгулъ фIыцIэми хэлъалъэщ, къэкIри щхьэмыжхэр къыпыкIащ. Зы гуэдз хьэдзэр хьэдзищэ хъуащ, адрейр гуэдз хьэдзэ хыщI хъуащ, ещанэр хьэдзэ щэщI хъуащ. ТхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ».

ИтIанэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягуригъэIуащ а ущие хъыбарым и мыхьэнэр: «Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и хъыбарыр зыгуэрым зэхихрэ, ар къыгурымыIуэмэ, шейтIаныр къокIуэри а цIыхум игу илъ жылэфIыр ирехыж. Мыр гъуэгум телъэлъа жылэм хуэдэщ. Адрей цIыхури щIы мывалъэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. А цIыхуращ Тхьэм и псалъэхэр зэрызэхихыу щыгуфIыкIыурэ зыщтэр. Ауэ абы игукIэ лъабжьэ зэримыIэм щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум куэдрэ теткъым. Тхьэм и псалъэхэм щхьэкIэ гузэвгъуэ зэрыхэхуэу, е цIыхухэм абы гугъуехь ирагъэшэчу зэрыщIадзэу, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум токIыж ар. НэгъуэщI цIыху гуэр банэхэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. Тхьэм и псалъэхэр зэхех апхуэдэм, ауэ мы дунейм щызекIуэ гугъуехьхэмрэ беягъэм и пцIымрэ Тхьэм и псалъэу и гум илъхэр ятхьэлэри, абы фIыгъуэ къыпыкIыркъым. НэгъуэщI зыри щIыгулъ фIыцIэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. А цIыхуращ Тхьэм и псалъэхэр зэхихыу зэхэзыщIыкIыр. Абы фIыгъуэ къыпокI, - е хуэдищэ, е хуэдэ хыщI, щэщI».

МАТТЭ 13:3-9, 18-23

## ТХЬЭУЭ УАФЭМ ЩЫIЭМ И ТЕПЩЭНЫГЪЭШХУЭМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАРИХ

Зэгуэрым, унэм къыщIэкIри, Хьисэ гуэл Iуфэм IутIысащ. ЦIыху куэд дыдэ къыщыбгъэдыхьэм, кхъуафэжьейм иувэри, цIыхухэр иригъаджэу щIидзащ Хьисэ, мыр жиIэурэ:

«Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр хьэсэм жылэфI хэзысарщ. АрщхьэкIэ, цIыхухэр жейм хэту, а цIыхум и жагъуэгъур къакIуэщ, и гуэдз хьэсэм ежьужь къыхисэри ежьэжащ. А жылэр къэкIыурэ, щхьэмыж ищIу щыхуежьэм, абы щIыгъуу удз ежьужьри къыхэкIащ.

Хьэсэр зейм деж и лэжьакIуэхэр кIуэри жраIащ: 'Зи щIыхь ин, уи хьэсэм жылэфI тепсатэкъэ? НтIэ мы удз ежьужьыр дэнэ къикIа?'

'Жагъуэгъу гуэрщ ар къызэзыщIар', - яжриIащ абы. - 'Дэ дыкIуэу ахэр къыхэтчыну ухуей?' - еупщIащ лэжьакIуэхэр хьэсэр зейм. Ауэ абы жиIащ: 'Хьэуэ, ар хъунукъым, ежьужьым щIыгъуу гуэдзри къыхэфчынкIэ мэхъури. ТIури зэщIыгъуу хэгъуэм нэсыху къызэдрекI. Къахыжын щыхъукIэ, гъавэр къэзыххэм сэ яжесIэнущ: ЯпэщIыкIэ ежьужьыр япэ щIыкIэ зэхуэфхьэси, пхыр фщIы, мафIэкIэ вгъэсын щхьэкIэ; итIанэ гуэдзыр зэхуэфхьэси, си гуэнхэм ифкIутэ'.

НэгъуэщI ущие хъыбари яжриIащ Хьисэ абыхэм: Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр пщагъэрщ. ЦIыхубз гуэрым ар къищтэщ, IэнлъищкIэ хупцIынэ ипщэри, хъупцIынэр игъэтэджащ...

Абы нэмыщIкIэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр хьэсэм щыгъэпщкIуауэ щыта мылъкушхуэр арщ. А мылъкушхуэр цIыху гуэрым къыщигъуэтым, игъэпщкIужщ, гуфIэурэ кIуэщ, иIэ псори ищэжри, а хьэсэр къищэхуащ.

ИтIанэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр налкъутналмэс дэгъуэхэр къэзылъыхъуэ сатуущIэращ. Налкъутналмэс лъапIэ къыщигъуэтым, кIуэщ, иIэ псори ищэжри, мал?тмалмэсыр къищэхуащ.

ИтIани, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр



хым хадзэу бдзэжьей лъэпкъыгъуэ Iэджи къызэраубыда хъырщ. Бдзэжьейр из хъуа нэужь, бдзэжьеящэхэм ар хы Iуфэм къытралъэфэжащ. Ахэр тIысщ, бдзэжьей нэхъыфIхэр пэгунхэм иралъхьэри, бдзэжьей нэхъыкIэхэр хыфIадзэжащ. Апхуэдэущ зэрыхъунур мы дунейм и кIэухым деж. МелыIычхэр къехынурэ, щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэм цIыху бзаджэхэр къыхашурэ мафIэшхуэ зэрылъ хьэкум ирадзэнущ. Абы гъы макърэ дзэ зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ.

МАТТЭ 13:24-50

## ХЬИСЭ БОРЭНЫР ГУЭЛЫМ ЩЕГЪЭУВЫIЭ

Хьисэрэ Абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Геннисарет гуэлым кхъуафэжьейкIэ зэпрыкIырт зэгуэрым. Псым здытетым, Хьисэ Iурихащ. А гуэлым хыкIэ еджэрт абы щыгъуэ. НапIэзыпIэм гуэлым борэнышхуэ къыщыхъейри, кхъуафэжьейм псыр къиуэ хъуащ. И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэщ, Хьисэ къызэщагъэуащ, гужьеяуэ: «Зиусхьэн, докIуэд, дыкъегъэл». Хьисэ абыхэм яжриIащ: «Фи фIэщхъуныгъэр дэнэ щыIэ? Сыт апхуэдизу фыщIэшынэр фIэщхъуныгъэ зи мащIэхэр?». ИтIанэ къызэфIэувэри, жьапщэшхуэми егиящ, псыми жриIащ: «Сабырыж, увыIэ». Жьыр увыIащ асыхьату, гуэлыр и пIэ ихьэжащ, дунейр щым дыдэ хъужащ.

Къэщтарэ гъуэщIэгъуэн къащыхъуауэ, и гъуэгу ирикIуэхэм зым адрейм жриIэрт: «Хэт мыр? Жьыми псыми унафэ яхуещIри, егъэдаIуэ».

АтIэ пэжщ, Зиусхьэну Тхьэм и псалъэм йодаIуэ дуней псор!

Дзыхь хуэдвгъэщI, шэч лъэпкъ къытедвмыгъэхьэ Зиусхьэным, «Дэнэ щыIэ фи фIэщхъуныгъэр?» жиIэу Абы къыджимыIэн щхьэкIэ.

МАТТЭ 8:23-27, ЛУКА 8:22-25

## ХЬИСЭ ИАИР ИПХЪУ ЛIАР КЪЫЗЭРИГЪЭТЭДЖЫЖАР

Хьисэ Галилей гуэлым и Iуфэм адэ-мыдэкIэ къикIа Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэ щIидзащ. Синэгуэгум и пашэхэм ащыщ зы, Иаир зи цIэр, къыбгъэдыхьаш Абы. Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри, быдэу къелъэIуащ ар: «Сипхъу цIыкIур малIэри телъщ. Къэхъужын икIи псэууэ къелын щхьэкIэ, накIуи, уи Iэхэр телъхьэ!». Абы щIыгъуу ежьащ Хьисэ. ЦIыху куэди къеувэкIыурэ, Хьисэ щIыгъуу кIуэрт.

Абыхэм цIыхубз яхэтт. Илъэс пщыкIутI хъуауэ, абы лъы куэдрэ щIэкIыурэ игъэгуIэрт. Iэзэ куэди еплъащ, гугъуи куэдрэ ирагъэхьащ. ЦIыхубзым иIэ псори Iэзэхэм ятригъэкIуэдащ, ауэ нэхъыкIэ хъуа мыхъумэ, нэхъыфI хъуакъым. Абы Хьисэ и хъыбар зэхихати, цIыхухэм яхэту, Хьисэ и щIыбагъымкIэ къыбгъэдыхьэри, и щыгъыным къеIусащ, игукIэ мыпхуэдэу жиIэри: «НэгъуэщI мыхъуми, Хьисэ и щыгъыным сеIусэмэ, сыхъужынущ!». Хьисэ зэреIусэу, цIыхубзым лъы щIэкIыныр увыIащ икIи зэрыхъужар и IэпкълъэпкъымкIэ зыхищIащ.

А зэман дыдэми Хьисэ зыхищIащ Езым къару зэрыхэкIар. Ар щIэупщIащ: «Хэт си щыгъыным къеIусар?» Ар щIыщIэупщIэр къагурымыIуауэ и гъуэгу ирикIуэхэм къыжраIащ Ар цIыху куэдым къызэраувыхьар. ИтIани Хьисэ зиплъыхьырт, къеIусар зригъэлъагъун щхьэкIэ. ЦIыхубзым къыщыщIар ищIэжырти, къэщтарэ кIэзызу къыбгъэдыхьэщ, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри зэрыхъуа жриIащ Абы. Хьисэ цIыхубзым жриIэжащ: «Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ. Гъуэгу махуэ, уи узыгъуэр Тхьэм пщхьэщихауэ узыншэу упсэу!».

Хьисэ ар щыжиIэм ирихьэлIэу синэгуэгу пашэм и цIыхухэр къэсри, къыжраIащ: «Уи пхъур дунейм ехыжащ. Дин егъэджакIуэр сыт щхьэкIэ гугъу ебгъэхьыжрэ?» Ар щызэхихым, Хьисэ Иаир жриIащ: «Умышынэ, фIэщхъуныгъэ зигъыIэ къудей». Синэгуэгу пашэм и унэм щынэсым, цIыхур зэрызехьэу, хьэдагъэ ящIу, пыхьэу илъэгъуащ Хьисэ. Хьисэ абыхэм яжриIащ: «ФыщIызэрызехьэр, хьэдагъэ щIэфщIыр сыт? Хъыджэбз цIыкIур лIакъым, ар мэжей». Ар щыжиIэм Хьисэ къыщыдыхьэшхащ. Петр, Екъуб, Иуан сыми хъыджэбз цIыкIу лIам и адэ-анэри зыщIигъури, хьэдэр зыщIэлъ пэшым щIыхьащ Хьисэ. Ар хъыджэбз цIыкIум бгъэдыхьащ, и Iэр къиубыдри жриIащ: «Си хъыджэбз, сэ ныбжызоIэ, къэтэдж!» Хъыджэбз цIыкIур асыхьэтым къызэфIэувэри, зекIуащ. А телъыджэр зылъэгъуахэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым.

МАРК 5:21-42

## ХЬИСЭ ЦIЫХУ МИНИТХУ ЗЭРИГЪЭШХАР

Зэгуэрым Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр щIыгъуу кIуащ Галилей гуэлым и адрыщIым, Тивериадэ къалэм и Iэшэлъашэм. «Сымаджэхэр игъэхъужурэ, Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэнышэхэр зэралъэгъуам щхьэкIэ, цIыху гупышхуэр абы и ужь иту кIуэрт.

Хьисэ Iуащхьэм дэкIащ, и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу абдежым тетIысхьащ. Журтхэм я IутIыж махуэшхуэр къэблэгъат. Хьисэ, къаплъэри, цIыху куэд къыкIэлъыкIуэу щилъагъум, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ Филипп зи цIэм жриIащ: ‘Мы цIыхухэм едгъэшхын щIакхъуэ дэнэ къыщытщэхунур?’ Хьисэ ар щIыжиIар Филипп игъэунэхуну арат, езым ищIэн хуейр ищIэжырти.

Филипп жэуап иритыжащ Хьисэ: ‘Дэтхэнэми щIакхъуэ бзыгъэ лъысу къэпщэхун щхьэкIэ, динар щитIри мащIэщ’.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Симон Петр и къуэш Индрис жиIащ: ‘Хьэ щIакхъуитхурэ бдзэжьеитIрэ зиIэ щIалэ цIыкIу гуэр къытхэтщ, ауэ мыпхуэдиз цIыхум ар яхурикъун?’ Хьисэ жиIащ: ‘ЦIыхухэр евгъэтIысэх’. А щIыпIэр удзыпцIэт. Минитху хуэдиз хъу лIыхэр етIысэхащ.

Хьисэ щIакхъуэхэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, и гъуэгу ирикIуэхэм яритащ. ЩIакхъуэр цIыху щысхэм хуагуэшащ абыхэм, бдзэжьейхэм щыщуи щхьэж зыхуейм хуэдиз иратащ. ЦIыхухэм зыщагъэнщIым, Хьисэ езым и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ: ‘Зыри хэмыкIуэдыкIын щхьэкIэ, къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуэфхьэсыж’. Арати, хьэ щIакхъуитхум щыщу шхахэм къадэхуа бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри, матэ пщыкIутIым ярыз хъуащ.

Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэнышэр цIыхухэм щалъагъум, жаIащ: ‘Пэж дыдэу, дунейм къэкIуэн хуей бегъымбарыр мыращ’.

ИУАН 6:3-14

## ХЬИСЭ ПСЫ ГУ ЩIЫIУМ ТЕТУ ЗОКIУЭ

ЩIаккхъуэмрэ бдзэжьеймкIэ яригъэлъэгъуа телъыджэм и ужькIэ цIыху купышхуэхэр иригъэжьэжыху зыпимыгъаплъэу, и гъуэгу ирикIуэхэр иригъэтIысхьащ Хьисэ итIанэ, гуэлым зэпырыкIын щхьэкIэ. ЦIыхухэр иутIыпщыжа нэужь, Тхьэм елъэIуну Iуащхьэм и закъуэ дэкIуеящ. Пщыхьэщхьэр щыхъуам, ар и закъуэ абдеж къытенащ. И гъуэгу ирикIуэхэр зэрыс кхъуафэжьейр гуэлым и кум нэсащ апщIондэху. Жьышхуэ къепщэрти, толъкъунхэр къыжьэхэуэурэ, кхъуэфэжьейр зэхэзедзэ хъуащ.

Джэд Iуэгъуэм деж Хьисэ, псы щIыIум тету, кхъуафэжьейм исхэм я лъэныкъуэкIэ кIуащ. Псы щIыIум тету Хьисэ къакIуэу щалъагъум, и гъуэгу ирикIуэхэр къэгузэващ: «Ар хьэдэджадэщ», жари. Зэрыгъэщтэжри, кIий-гуоууэ щIадзащ абыхэм. Ауэ Хьисэ абыхэм къепсэлъащ икIи къажриIащ: «Фымыдзыхэ, Сэращ ар, фымышынэ».

Петр Абы жэуап къритащ: «Зиусхьэн, ар уэрауэ щытмэ, псы щIыIум сытету, уи деж сынэкIуэну унафэ щIы». Хьисэ жиIащ: «КъакIуэ». ИкIи кхъуафэжьейм къикIри, Петр псы щIыIум тету, Хьисэ деж кIуэну ежьащ. Ауэ жьышхуэр къыщыкъуэум, гузавэри къэшынащ. Псым щIилъафэ щыхъум, къэгуоуащ: «Зиусхьэн, сыкъегъэл». И Iэр ишийри ар иубыдащ Хьисэ, мыри жриIащ: «Уэ, фIэщхъуныгъэ зи мащIэ, дзыхь щхьэ къысхуумыщIрэ?» ИкIи ахэр кхъуафэжьейм щитIысхьэжым, жьыбгъэр увыIэжащ.

Кхъуафэжьейм исхэр къыбгъэдыхьэри Абы къыжраIащ: «И пэжыпIэкIэ уэ Тхьэм ури-Къуэщ».

МАТТЭ 14:22-33

## ХЬИСЭ И ТЕПЛЪЭМ ЗЕХЪУЭЖ

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм зэгуэрым яжриIащ Ар Иерусалим зэрыщылIэнур. И гъуэгу ирикIуэхэм ягу щIыхьащ ар, сыту жыпIэмэ ахэр хуейт Ар пащтыхьу трагъэхьэну. И гъуэгу ирикIуэхэм ягу хэщIащ, Зиусхьэным мыр къащыжриIэм: «Сэ Иерусалим сыкIуэн хуейщ. Нэхъыжьхэми, дин пашэшхуэхэми, торэт егъэджакIуэ пашэхэми гугъуехь куэд сагъэшэчын икIи саукIын хуейщ, ау лIахэм сакъыхэтэджыкIыжын хуейш ещанэ махуэм». ЛIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынур къажриIа щхьэкIэ, и гъуэгу ирикIуэхэм ягу пыхьакъым, Абы и псалъэм къикIыр къагурыIуатэкъым.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Хьисэ Петри, Якъуби, Иуани зыщIигъури, бгы лъагэм дэкIащ, асыхьэтуи абыхэм я пащхьэм и теплъэм зыщихъуэжащ: Абы и напэр дыгъэм хуэдэу зэщIэлыдащ, и щыгъынхэри уэсым хуэдэу хужьыбзэ хъуащ. Асыхьэтым Мусэрэ Илясрэ абдеж къыщыхутауэ, Хьисэ Иерусалим дунейм зэрыщехыжын хуейм тепсэлъыхьырт. Петр Хьисэ жриIащ итIанэ: «Зиусхьэн, мыбдежым дызэрыщыIэр фIыщ. Уэ ухуеймэ, мыбдежым шэтырищ щызгъэувынщ, зыр уэр щхьэкIэ, зыр Мусэ щхьэкIэ, ещанэр Иляс щхьэкIэ». Абы ар щIыжиIар къэшынауэ, жиIэри ищIэжыртэкъыми, аращ. Петр здэпсалъэм, пшэ Iэрамэ нэху напIэзыпIэм абыхэм къащхьэщыхьащ. А пшэм макъ къыхэIукIащ: «Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр. Абы жиIэм федаIуэ».

А макъыр щызэхахым, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр хуабжьу къэшынэри, щIым бгъэгукIэ зытрадзащ. Хьисэ абыхэм ябгъэдыхьэри IэпэкIэ еIусэурэ жиIащ: «Фыкъэтэдж, фымышынэ». Къыщыдэплъейм, Хьисэ фIэкIа зыри ялъэгъужакъым.

Бгым къыщехыжым, абыхэм унафэ яхуищIащ Хьисэ: «ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр лIахэм къахэтэджыкIыжыху, флъэгъуар зыми хуэвмыIуэтэж».

МАТТЭ 17:1-9

## ПСОРИ ЗЫГЪЭГЪУ ФІЫЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Зэгуэрым Петр Хьисэ къыбгъэдыхьэри, къеупщІащ: «‘Зиусхьэн, си къуэшым сэркІэ гуэныхь къихьэмэ, дапщэрэ хуэзгъэгъун хуей? Блэнейрэ хуэзгъэгъун хуейуэ ара?’

‘Сэ ныбжызоІэр, блэней къудейкъым, атІэ блыр блыщІкІэ гъэбэгъуауэщ.

Аращи, Тхьэуэ уафэм щыІэм и Тепщэныгъэшхуэр зэщхьыр и унэІутхэм ятелъ щІыхуэр илъытэну хэта пащтыхьырщ. Илъытэну щыщІидзэм, талант минипщІ щІыхуэу зытелъ гуэр къыхуашащ. ЩІыхуэр зэрипшыныжын зэримыІэм къыхэкІкІэ, ари, абы и фызри, и бынхэри, иІэ псори ящэу, щІыхуэр иригъэпшыныжыну, пащтыхьым унафэ ищІащ.

Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу итІысхьэри, унэІутым жриІащ: ‘Сыхыумыгъэзыхь. Псори уэстыжынщ’. Пащтыхьым а унэІутым гущІэгъу хуищІщ, щІыхуэр хуигъэгъури, иутІыпщыжащ.

А унэІутыр щІэкІыжри, адрей унэІутхэм ящыщу езым и динарищэ щІыхуэу зытелъым щыхуээзэм, ‘Си щІыхуэр къызэтыж’, жриІэщ, къиубыдри итхьалэу хуежьащ.

Адрей унэІутым абы и пащхьэм зыщридзыхри, лъаІуэу щІидзащ: ‘Сыхыумыгъэзыхь, тІэкІу къыспэплъэ, уэстыжынущ’. Ауэ мыдрейм ар имыдэу, кІуэри, ар лъэхъуэщым щІригъэдзащ, щІыхуэр къыритыжыху. Адрей унэІуту ар зылъэгъуахэм я гум икъукІэ къеуати, пащтыхьым деж кІуэхэри, къэхъуа псори хуаІуэтэжащ.

Пащтыхьым а унэІутыр къригъашэри жриІащ: ‘Уэ унэІут бзаджэ, укъызэлъэІуати, си щІыхуэу птелъ псори сэ пхуэзгъэгъуащ. Сэ уэ гущІэгъу зэрыпхуэсщІам хуэдэу, уэри адрей унэІутым гущІэгъу хуэпщІын хуеякъэ?’ Пащтыхьыр икъукІэ къэгубжьри, и щІыхуэу телъ псори кърритыжыху яІыгъыну, а унэІутыр лъэхъуэщ хъумакІуэхэм яритащ».

‘Ди Адэ лъапІэ’ тхьэлъэІумкІэ Хьисэ дэ дыхурегъаджэ Тхьэм дызэрелъэІун хуей щІыкІэм: «Мыхъуну тщІар къытхуэгъэгъу, мыхъун къыдэзыщІахэм дэ зэрахуэдгъэгъум хуэдэу».

МАТТЭ 18:21-35; 6:12

## ГУЩІЭГЪУ ЗЫХЭЛЪ САМАРИЕ ЦІЫХУМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

Торэт егъэджакIуэ пашэ гуэр, Хьисэ игъэунэхун папщIэ, къеупщIащ: «Дин егъэджакIуэ, мыкIуэдыжын гъащIэр Iыхьэф Iу къыслъысын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр?» Хьисэ абы жриIащ: «Торэт хабзэм сыт итыр? Дауэ абы укъызэреджэр?» Адрейм жэуап къитыжащ: «Уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи къару псомкIи, уи зэхэщIыкI псомкIи Зиусхьану уи Тхьэр фIыуэ лъагъу икIи уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу». Хьисэ абы жриIащ: «Пэжыр жыпIащ. А жыпIар гъэзащIи, мыкIуэдыжын гъащIэ бгъуэтынущ». Торэт егъэджакIуэ пашэм зигъэхеину хуеяти, Хьисэ къыжриIащ: «АтIэ, хэт сэ си гъунэгъур?» Абы и жэуапу, Хьисэ мы ущие хъыбарым иригъэдэIуащ ар:

«ЛIы гуэр Ерусалим дэкIауэ, Ерихон къалэм ехыурэ, хъунщIакIуэхэм яIэщIэхуащ. ХъунщIакIуэхэм ар яхъунщIэщ, и щыгъыныр щахщ, хуабжьу яубэрэжьауэ, ныкъуэлIэу къагъанэри, щIэпхъуэжащ. Абы ирихьэлIэу, зы дин пашэ гуэр а гъуэгум кърикIуэрт. ЛIыр щилъагъум, адрей гъуэгубгъуэм зритри, ар блэкIащ. Апхуэдэ дыдэу, Левий зи цIэ унагъуэ лъэпкъым щыщу дин пашэ гуэри а щIыпIэм нэсри, а лIыр щилъагъум, адрей гъуэгубгъум зритри блэкIащ. Самарие хэкум щыщ зы лIы гуэр, а гъуэгум тетурэ, а лIым деж нэсащ. Щилъагъум, игу щIэгъури, бгъэдыхьащ абы, дагъэрэ шагъыркIэ еIэзэри, и уIэгъэр ипхащ. ИтIанэ лIыр къиIэтщ, езыр зытеса шыдым трилъхьэщ, хьэщIэщ гуэрым щIихьэри кIэлъыплъащ. И жыпым динаритI кърихщ, хьэщIэщыр зейм иритри, абы етIуанэ махуэм жиIащ: «Уэ мы лIым кIэлъыплъи, сыт хуэдиз нэхъыбэ тебгъэкIуадэми къыщызгъэзэжкIэ уэстыжынущ».

Ущие хъыбарыр иухри, Хьисэ торэт егъэджакIуэ пашэм еупщIащ: «Иджы уэ дауэ узэрегупсысыр: а цIыхуищым ящыщу хъунщIакIуэхэм яIэщIэхуа лIым и гъунэгъум хуэдэу хэт хущытар?» Торэт егъэджакIуэ пашэм жиIащ: «ГущIэгъу хуэзыщIарщ». Хьисэ абы жриIащ итIанэ: «Уэри кIуэи, апхуэдэу щIы».

ЛУКА 10:25-37

## ХЬИСЭ – ЛЭГЪУПЭЖЬЫФІЩ

Хьисэ Мэссихь, Тхьэм и Къуэр, уафэм къыщІехар дунейм и цІыхухэр къригъэлын щхьэкІэщ. ЦІыхухэми Езым и гъуэгу ирикІуэхэми Хьисэ куэдрэ яжриІэрт цІыхухэр гуэныхьым зэрыхэхуахэр, ахэр я гуэныхьхэм яхущІегъуэжэу, Тхьэм деж ягъэзэжын зэрыхуейр, икІи «Тхьэм дунейм и цІыхухэр апхуэдизкІэ фІыуэ илъэгъуати, езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкІэ фІэщхъуныгъэ зиІэ дэтхэнэри мыкІуэду къелын икІи мыкІуэдыжын гъащІэ иІэ хъун щхьэкІэ».

А псор Хьисэ къиІуатэрт ущие хъыбархэмкІэ, щапхъэхэмкІэ, ІуэхугъуэхэмкІэ: Мэлыхъуэр мэл хъушэм зэрыхуэсакъым хуэдэу, Хьисэи, дунейм и КъегъэлакІуэр, яхуосакъыр зи гумкІэ Езыр зыщтэхэм икІи Абы и унафэхэр зыгъэзащІэхэм. Мис Зиусхьэн Хьисэ и псалъэхэр:

«Пэж дыдэр вжызоІэр, чэтым и бжэр сэращ. Сяпэ къэкІуауэ щыта псори дыгъуакІуэт икІи хъунщІакІуэти, мэлхэр абыхэм едэІуакъым. Бжэр сэращ. А бжэмкІэ щІыхьэр мыкІуэду къелынущ, щІыхьэнущ икІи къыщІэкІыжынущ, хъупІи игъуэтынущ. ДыгъуакІуэр къыщІэкІуэр дыгъуэну, цІыхур иукІыну икІи игъэкІуэдыну аращ. Сэ сыкъыщІэкІуар цІыхухэм гъащІэр щызу естыну аращ.

ЛэгъупэжьыфІыр сэращ. ЛэгъупэжыфІым и псэр мэлхэм папщІэ ет. Мэлхэр имейуэ пщІэкІэ лажьэр мэлыхъуэ хъуркъым. Дыгъужьыр къакІуэу илъагъумэ, мэлхэр къегъанэри, ар щІопхъуэж. Дыгъужьыр къахолъадэри, мэлхэр зэбгреху. А лІыр щІыщІэпхъуэжыр пщІэкІэ лажьэурэ, мэлхэр хъымпІар ищІыркъыми, арщ.

ЛэгъупэжьыфІыр сэращ. Адэ лъапІэм сыкъицІыхуу, сэри Адэ лъапІэр зэрысцІыхум хуэдэу, си мэлхэр соцІыху, мэлхэми сыкъацІыху. Сэ си псэр мэлхэм папщІэ сот. Мы мэл хъушэм щымыщу нэгъуэщІ мэлхэри сиІэщ. Ахэри си деж къэсшэн хуейщ, ахэри си макъым къедэІуэнущ. Ахэр зы мэл хъушэрэ зы мэлыхъуэрэ хъунущ.

Си псэр зыхэзгъэхьэжыну зэрыстыр арщ Адэ лъапІэм фІыуэ сыкъыщІилъагъур. Сэ си псэр зыми стрихыркъым, сэр сэру сот. Ар стынэуи зыхэзгъэхьэжынуи лъэкІыныгъэ сиІэщ. А унафэр си Адэм къысхуищІащ».

ИУАН 10:7-18

## ЗЭЩЫПХЪУХЭР - МАРФЭРЭ МЭРИЕМРЭ

ЦIыхухэм яфIэтелъыджэт Хьисэ и акъылыфIагъэмрэ и гуащIэмрэ. Хьисэ цIыхухэр фIыуэ илъагъут, Езыри цIыхухэм фIыуэ къалъагъурт. Жагъуэгъуи иIэт Хьисэ, абыхэм янэхъыбэр фарисейхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ (цIыхубэм я дин егъэджакIуэхэр) ящыщт. Ахэр теплъэ хъуртэкъым Хьисэ. Абы илэжь теплъыджэхэр ялъагъурэ пэт, я фIэщ хъуртэкъым Ар Тхьэм зэри-Къуэр.

Ерусалим пэмыжыжьэу, зы жылэ щыIэт, ВифаниекIэ еджэу. ЗэщыпхъуитI дэст абы - Марфэрэ Мэриемрэ. Абыхэм я дэлъху Лазари дэст а жылэм. А щым фIыуэ ялъагъурт Хьисэ, Ар ирагъэблагъэурэ ягъэхьэщIэрт.

Абыхэм я деж къэкIуащ Хьисэ зэгуэрым. Хьисэ и пащхьэ итIысхьауэ, Мэрием Абы и псалъэм едаIуэрт, Марфэ Iэнэр къыгъэхьэзырырт. Марфэ игу къеуащ и шыпхъур къызэрыдэмыIэпыкъур. Хьисэ бгъэдэкIуатэри, Марфэ жиIащ: «Зиусхьэн, Iуэху псори сэ си закъуэу сщIэну си шыпхъум сыкъызэригъэнар пфIэемыкIукъэ? КъыздэIэпыкъуну жеIэ абы». Хьисэ абы жэуап иритыжащ: «Ей Марфэу, си Марфэ! Куэд щхьэкIэ зыбгъэгузавэурэ, гугъу зыбогъэхь. Зыщ нэхъ узыхуейр. Мэрием Iыхьэ нэхъыфIыр къыхихащ, а IыхьэфIыр абы Iахыжынукъым».

ЛУКА 10:38-42

## ЛIЫ БЕЙ АКЪЫЛЫНШЭМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАРЫР

Хьисэ, цIыхубэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэрэ, жиIащ: «Фысакъ! Фымынэпсей, цIыхум сыт хуэдиз мылъку иIэми, абы гъащIэм къыпищIыркъыми». Мы ущие хъыбарыр яхуиIуэтащ итIанэ: «ЛIы бей гуэрым и щIым гъавэ бэв къытекIат. Арати, егупсысри, и щхьэм хужиIэжащ: «Сыт сщIэнур» Си гъавэр зэрыслъхьэн гуэн сиIкъым?. ЕтIанэ жиIащ: «Мыращ сщIэнур: сэ сигуэнхэр къезгъэгъэуэнщ, нэхъ гуэн ин езгъэщIынщи, си гъавэ псори си мылъкури ярыслъхьэнщ. СигукIэ жысIэнщ итIанэ: Илъэс куэдкIэ схурикъун фIыгъуэ Iэджи сиIэщ. Зыгъэпсэху, шхэ, ефэ, зыгъэтхъэж». Тхьэм абы къыжриIащ: «Уэ уцIыху акъылыншэщ! Уи псэр мы жэщ дыдэм хэсхынущ. Уи гъэтIылъыгъэхэр хэт къызыхуэнэжынур?» Зи щхьэм мылъкушхуэ хузэхуэзыхьэсу, Тхьэм дежкIэ мылъкушхуэ зимыIэм аращ къыщыщIынур.

Хьисэ жиIащ адэкIэ: «Фэри фшхынумрэ фызэфэнумрэ я ужь фимыт икIи абыхэм фримыгумэщI. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ апхуэдэ Iуэху псори аращ дунейм тет лъэпкъхэм къалъыхъуэр. Фэ абы фызэрыхуэныкъуэр фи Адэ лъапIэм ищIэркъэ? Ауэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхугъуэхэм я ужь фит япэщIыкIэ, адрейуэ къэна Iуэхугъуэхэри псори къыфIэщIыхьэнущ итIанэ. Фымышынэ фи гуп мащIэр, фи Адэ лъапIэм и Тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ тепщэныгъэр къывитыну хуейщи. Фи хьэпшыпхэр фщэжи, ахъшэр тхьэмыщкIэхэм яхуэвгуэш. ТIорысэ мыхъужын бохъшэхэр вгъэхьэзыр, зыхэмыщIын мылъкушхуэ уафэм щызэвгъэгъуэт. ДыгъуакIуэ лъэпкъ а мылъкушхуэм екIуэлIэфынукъым итIанэ, хъунми яшхынукъым. Фи мылъкушхуэр здэщыIэм, фи гухэри щыIэнущ».

ЛУКА 12:15-21, 29-34

## ЛIЫ БЕЙМРЭ ЛАЗАРРЭ ЯТЕУХУА ХЪЫБАР

Мы хъыбарыр теухуащ зыкIи зэмыщхь цIыхуитIым я гъащIэм. Зы цIыхур псэут бейуэ, ауэ щыпкъагъэ хэлъ-тэкъым абы, адрейр тхьэмыщкIэт, ауэ захуэт.

«ЛIы бей гуэр щыIащ. Шыгъыным я нэхъ лъапIэмкIэ зи-хуапэрт абы, махуэ къэси ефэ-ешхэшхуэ ищIырт. ЛIы бейм и куэбжэм деж лIы тхьэмыщкIэ гуэр, Лазар зи цIэр, и щIыфэр бэгум зэщIищтауэ щылът. А тхьэмыщкIэр и мэжалIэ игъэу-выIэну хэтт лIы бейм и Iэнэм къехуэхымкIэ. Хьэхэри къе-кIуалIэурэ, абы и бэгухэм къебзейрт. ЛIы тхьэмыщкIэр ду-нейм ехыжащ, мелыIычхэм ар Ибрэхьим бегъымбарым деж яхьащ. ЛIы бейри дунейм ехыжри щIалъхьэжащ. А лIы бейм, лIахэм я лъахэм хьэзаб щытелъу, и нэхэр къиIэтри, Ибрэхьим жыжьэу къилъэгъуащ, Лазари бгъэдэсу. Ар щилъагъум джащ: 'Ди адэ Ибрэхьим, гущIэгъу къысхуэщI, Лазар къыфс-хуэгъакIуи, абы и Iэпэр псым хищIэм, си бзэгум къытрилъ-хьэурэ ирегъэупщIыIу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы мафIэм сыхэтщи, хьэзаб стелъщ'.

'Си щIалэ', - жиIащ Ибрэхьим, - 'уигу къэгъэкIыж дунейм ущытетым уэ абы IыхьэфIыр щыбгъуэтрэ, Лазар гугъу щехьу зэрыщытар. Ауэ абы игу зыгъэзагъэ фIыгъуэхэр егъуэт иджы, уэ гугъу уохь. Абы нэмыщI фэрэ дэрэ ди зэхуакум къуэ куу дэтщ, мыбы никIыу фи деж нэкIуэну хуейхэр нэмыкIуэфын щхьэкIэ. Апхуэдэу, фи деж къикIыу ди деж къэкIуэни ялъэ-кIынукъым'.

'АтIэ, ди адэ', жиIащ лIы бейм, - 'сынолъэIу, си адэм и унэм Лазар гъакIуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къуэшитху сиIэщ. Мы гугъуехь шэчыпIэм ахэри къэмыкIуэн щхьэкIэ, зыхуэса-къыжынхэу ягурыгъэгъаIуэ'.

Ибрэхьим абы къыжриIащ: 'Абыхэм Мусэ бегъымбарым итхахэмрэ адрей бегъымбархэм ятхахэмрэ яIэщ, а тхыгъэхэм ирырегъуазэ'.

'Хьэуэ, ди адэ Ибрэхьим', - жиIащ лIым, - 'ауэ зыгуэр лIахэм къахэтэджыкIыжауэ игъэзэжмэ, ахэр я гуэныхьхэм хущIегъуэжынущ'.



'Мусэ бегъымбарымрэ адрей бегъымбархэмрэ емыдаIуэ-мэ, лIахэм зыгуэр къахэтэджыкIыжми, я фIэщ хъунукъым' - къыжриIащ Ибрэхьим.

Бейм и цIэр къриIуэркъым мы хъыбарым – абыкIэ гъэщIэ-гъуэнщ ар. Зи цIэ къриIуэр тхьэмыщкIэрщ. Ар щыхьэт зэ-рытехъуэщи, дунейм зэгуэр щыцIэрыIуахэм я цIэр ящо-гъупщэж, зи цIэр ямыщIа щыпкъагъэ зигу илъхэр уафэм цIэрыIуэ щохъу. Хъыбарым къыджеIэ: лIэныгъэм цIыхум и дуней гъащIэр IэщIехри, мыкIуэдыжын гъащIэм и щIэдзапIэ мэхъу ар. Дунейм дызэрытетам елъытащ ди мыкIуэдыжын гъащIэ зыхуэдэнур.

ЛУКА 16:19-31

## МЭЛ ЩХЬЭРЫУАМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

ЦIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, уафэм щиIэ и щIыхьыр къызэринэкIри, Хьисэ дунейм къэкIуащ, Тхьэм къыбгъэдэкIарэ Ар зыщагъэгъупщауэ гуэныхь зылэжьхэр къригъэлын папщIэ. МэлэхъуэфIым хуэдэу, мэл щхьэрыуар къилъыхъуж зэпытщ Ар.

И ущие хъыбархэм ящыщ зым Хьисэ щыжиIащ: «Фщыщ гуэрым мэлищэ иIэу жытIэнщ. Абыхэм ящыщ зы фIэкIуэдмэ, адрей бгъущIрэ бгъур губгъуэм къринэу, фIэкIуэдар къигъуэтыжыхукIэ лъыхъуэнукъэ? Ар къыщигъуэтыжкIэ, гуфIэу къеIэтри, и дамэм трелъхьэ. Унэм къыщыкIуэжкIэ, и ныбжьэгъухэмрэ и гъунэгъухэмрэ къреджэри, яжреIэ: 'ФыкъыздэгуфIэ, сфIэкIуэда мэлыр къэзгъуэтыжащ'. Сэ нывжызоIэ, абы ещхьыркъабзэу, гуэныхь хущIегъуэжыным хуэмыныкъуэ, щыпкъагъэ зигу илъ цIыху бгъущIэрэ бгъум папщIэ уафэм щыхъуну гуфIэгъуэм нэхърэ зи гуэныхьхэм хущIегъуэж гуэныхьыщIэ закъуэм щхьэкIэ уафэм нэхъ гуфIэгъуэшхуэ щыхъунущ».

ЩIэджыкIакIуэхэм ящыщу Хьисэ гурэ псэкIэ иджыри емыувэлIа гуэрым Абы и IэмыщIэ зрилъхьэрэ и гуэныхьхэм хущIегъуэжауэ, тхьэлъэIукIэ Абы зыхуигъазэмэ, гуфIэгъуэшхуэр щыщыIэнущ уафэхэм. Хьисэ къыгурыIуэнущ, зэхихынущ, къыхуигъэгъунущ, гупсэхугъуэ къритыжынущ.

ЛУКА 15:3-7

## КЪУЭ КIУЭДАМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

Нэгъуэщ1 зы ущие хъыбар яхуиIуэтащ Хьисэ цIыхухэм: «ЛIы гуэрым къуитI иIэт. Къуэ нэхъыщIэм и адэм жриIащ: 'Си адэ, мылъкум щыщу къыслъысыну Iыхьэр къызэт'. Арати, адэм мылъкур яхуигуэшащ.

Зыкъом дэкIа нэужь къуэ нэхъыщIэм иIэ псори зэщIикъуэри, хамэ къэрал гуэрым кIуащ. И мылъкур а къэралым щхьэпсыншагъэкIэ щигъэкIуэдащ. Псори фIэкIуэдауэ, а къэралым гъаблэшхуэ къыщыхъури, щIалэр тхьэмыщкIэ дыдэ хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, а къэралым щыпсэу лIы гуэрым деж кIуэри, хуэлIыщIэну гурыIуащ. А лIым ар игъэкIуащ и кхъуэхэр губгъуэм щригъэгъэхъуну. Кхъуэхэм я Iусым щыщ и ныбэ из ищIыну ехъуапсэрт лIыщIэм, ауэ а Iусым щыщ зыми къритакъым.

ЩIалэм и тхьэмыщкIагъэр къыщыгурыIуэжым, и щхьэ хужиIащ: 'Си адэм и лIыщIэхэр сыт хуэдиз хъухэми, абыхэм яшхын яхурикъуни къелыжыни яIэщ, ауэ сэ мэжалIэм сиукIыу, мыбы сыщыIэщ. Си адэм деж сыкIуэжынщи, жесIэнщ: Си адэ, уафэмкIи уэркIи гуэныхь сщIащ. Уэ узикъуэщ къызжепIэну сэ схуэфащэкъым. Уи лIыщIэхэм ящыщ зы хуэдэу сэри сыщтэ'. ИтIанэ зиIэтри, и адэм деж кIуэжыну ежьэжащ итIанэ.

ЛУКА 15:11-19
*къыкIэлъокIуэр*

## КЪУЭ КІУЭДАМ КЪЕГЪЭЗЭЖ

Къуэ кIуэдам и ущые хъыбарым пищащ Хьисэ: «Адэм и къуэр къэкIуэжу жыжьэу къыщилъагъум, игу щIэгъущ, жэри, Iэплъэ иришэкIыу, ба хуищIу щIидзащ. ЩIалэм и адэм къыжриIащ: 'Си адэ, уафэмкIи уэркIи гуэныхь сщIащ. Уэ узикъуэщ къызжепIэну схуэфащэкъым'. Адэм и унэIутхэм яжриIащ: 'Щыгъынхэм я нэхъыфIыр къыхуэфхьи фхуапэ, зы Iэлъыни Iэрыфлъхьэ, вакъи лъыфтIагъэ. Танэ гъэшхар къафши, фIэвгъэж. Дывгъашхэ-девгъафэ икIи дывгъэгуфIэ. Мы си къуэр лIауэ щыташ, ауэ къэхъужащ, кIуэдауэ щытащ, ауэ къэдгъуэтыжащ' - жиIэри, ефэ-ешхэшхуэ зэхригъэублащ.

Адэм и къуэ нэхъыжьыр губгъуэм итти, къэкIуэжурэ унэм и гъунэгъу къыщыхъужым, уэрэд макъ рэ Iэгуауэ макъ рэ зэхихащ. УнэIутхэм ящыщ зыгуэр къриджащ: 'Сыт къэхъуар?' - жиIэри щIэупщIащ. УнэIутым къыжриIащ: 'Уи къуэш нэхъыщIэр къэкIуэжащ. Уи адэм, ар узыншэу къызэригъуэтыжам щхьэкIэ, танэ гъэшхар фIригъэгъэжащ». Къуэ нэхъыжым ар щызэхихым, къэгубжьри, унэм щIыхьэжын идакъым. И адэр къыщIэкIри щIыхьэжыну къелъэIуащ. Ауэ абы и адэм жриIащ: 'Мис, сэ илъэс дапщэ хъуауэ сыпхуэлажьэрэ, уи унафэхэми зэи сытекIакъым. Си ныбжьэгъухэм ефэ-ешхэ яхуэсщIын щхьэкIэ, зэи зы чыщIи къызэптакъым. Ауэ иджы уи къуэ зыхужыпIэу уи мылъкур цIыхубз псэжьхэм ятезыгъэкIуэдар къэкIуэжати, танэ гъэшхар хуфIебгъэгъэжащ'.

Апхуэдэу щыхъум, адэм къыжриIащ: 'Си къуэ! Уэ сытым щыгъуи узигъусэщ, сиIэ псори ууейщ. Ауэ иджыпсту дэ дыгуфIэн икIи дытхъэн хуейкъэ? Уи къуэш нэхъыщIэр лIауэ щытащ, ауэ къэхъужащ, кIуэдауэ щытащ, ауэ къэдгъуэтыжащ'».

Хьисэ мы ущие хъыбарымкIэ аргуэру зэ къыджеIэ: и гуэныхьым хущIегъуэжауэ къэзыгъэзэжым щогуфIыкI уафэм щыIэ Адэр икIи хуегъэгъу.

ЛУКА 15:20-32

## ХЬИСЭ ЛАЗАРЫР КЪЕГЪЭХЪУЖ

Вифаниек1э зэджэ зы жылэ щы1эт Ерусалим пэмыжыжьэу. Абы Лазаррэ и шыпхъуит1ымрэ, Марфэрэ Мэриемрэ, дэст. Хьисэ и хэгъэрейт ахэр. Зэгуэрым, и гъуэгу ирик1уэхэри щ1ыгъуу, щ1ып1э пхыдза гуэрым здэщы1эм, Хьисэ хъыбар гуауэ къы1эрыхьащ. Сымаджэм и шыпхъухэм Абы деж я1уэхуащ: «Зиусхьэн! Уэ ф1ыуэ плъагъур сымаджэщ». Ар щызэхихым, Хьисэ жи1ащ: «А узыр зэрыл1ык1ын узыкъым, ат1э Тхьэм и щ1ыхьышхуэр къыхуэзыхьын узыфэщ. А узыфэм и хьэтырк1э, ц1ыхухэм Тхьэм и Къуэм щ1ыхьышхуэ хуащ1ынущ». Махуит1к1э зыщи1эжьащ а щ1ып1эм Хьисэ, ит1анэ Вифанием к1уащ, Лазар зэрыл1ар ищ1эу.

Журт куэд къахуэк1уат зэшыпхъуит1ым, я дэлъхур зэрыл1ам щхьэк1э хуэгузэвэну. Хьисэ къилъагъури, Марфэ жи1ащ: «Зиусхьан! Уэ мыбдеж ущы1атэмэ, си дэлъхур л1энтэкъым. Тхьэм сыт ищ1ыск1э уелъэ1уми, абы иджыри къызэрыпхуищ1энур сощ1э». Хьисэ жэуап итащ: «Къэтэджыжынущ уи дэлъхур... Л1ахэр къэзыгъэтэджыжу, гъащ1э езытыр сэращ; сэрк1э ф1эщхъуныгъэ зи1эр л1эми, псэунущ. Апхуэдэ гъащ1э зи1э хъууэ, сэрк1э ф1эщхъуныгъэ зи1э дэтхэнэри игъащ1эк1э л1энукъым. Ар уи ф1эщ хъурэ уэ?» Марфэ жи1ащ: «Мэхъу, Зиусхьэн! Тхьэм и Къуэ Мэссихьу дунейм къэк1уэн хуеяр уэрауэ зэрыщытыр си ф1эщ мэхъур». Ит1анэ ар к1уэри, и шыпхъу Мэрием къриджащ.

Мэриеми абы щ1ыгъу журтхэри гъыуэ щилъагъум, ар игу щ1ыхьэри, Хьисэ щ1эупщ1ащ: «Дэнэ хьэдэр щыщ1эфлъхьэжар?» Абы жэуап къратыжащ: «Зиусхьэн! К1уэи еплъ».

Лазар зыщ1алъхьа бгъуэнщ1агъым бгъэдыхьащ Хьисэ. (А хэкум л1ахэр бгъуэнщ1агъым щыщ1алъхьэу щытащ абы щыгъуэ, щ1ыхьэп1эр мывэк1э ягъэбыдэжурэ) Хьисэ унафэ ищ1ащ мывэр къык1уахыну, ауэ Марфэ жи1ащ Лазар махуипл1 хъуауэ бэным зэрыдэлъыр. Хьисэ абы жри1эжащ: «Уэ ф1эщхъуныгъэ уи1эмэ, Тхьэм и щ1ыхьышхуэр зэрыплъагъунур бжес1атэкъэ?» Мывэр 1уагъэк1уэта нэужь, уафэм дэплъейри, Хьисэ жи1ащ: «Си Адэ, си лъэ1ум зэрызэхэпщ1ык1ам щхьэк1э ф1ыщ1э пхузощ1... Си лъэ1ухэм дапщэщи укъызэреда1уэр сощ1э...» Ар жи1эри, Хьисэ макъышхуэк1э джащ: «Лазар! Мыбы къыщ1эк1ыж! Л1ар, и 1эхэми и лъакъуэхэми джэбынхэр къешэк1ауэ, и нэк1уми щэк1 хужь тепхъуауэ кхъэлэгъунэм къыщ1эк1ыжащ»...

А телъыджэр зылъэгъуа журт куэдым я ф1эщ хъуащ Ар, ауэ фарисейхэмрэ дин пашэхэмрэ хасэ зэхашащ, Хьисэ яук1а зэрыхъуну щ1ык1эм тепсэлъыхьын щхьэк1э.

ИУАН 11:1-50

## УЭШЫН УЗ ЗЫПКЪРЫТ ЦIЫХУИПЩIЫР

Ерусалим кIуэуэ, Хьисэ жылэ гуэрым дыхьащ. Уэшын уз зыпкърыт лIипщI къыщыIущIащ абы Хьисэ, жыжьэу къэуври, къегуоуащ: «Хьисэ, гъуазэ! ГущIэгъу къытхуэщI!» Ахэр къилъагъури, Хьисэ жиIащ: «ФыкIуи, дин пашэхэм закъевгъэлъагъу». Ежьауэ гъуэгу здытетым, я уз Iейр зэракIэрыхуам гу лъатащ абыхэм.

Уэшын уз зыпкърытауэ узыншэ хъужа цIыхуипщIым щыщу зыщ Хьисэ деж къэзыгъэзэжар. Абы Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзащ, фIыщIэ хуищIу и макъ утIыпщауэ Тхьэр игъэлъапIэу. А зыр самарие цIыхут, адрейхэр журтт.

Хьисэ жиIащ: «ЛIипщIыр къабзэ хъужакъэ? Адрей лIибгъур дэнэ щыIэ? Мы лIы хамэ закъуэм фIэкIа, къигъэзэжу Тхьэм фIыщIэ хуэзыщIын зыри къахэмыкIауэ аракъэ?»

Хьисэ абы хамэкIэ щIеджар самарие цIыхухэмрэ журтхэмрэ зэлъэпкъэгъутэкъыми, аращ. Зы диными иттэкъым ахэр. Хьисэ а лIым жриIащ: «Къэтэджи, кIуэж. Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ».

Дэри зэи тщыгъупщэ хъунукъым Зиусхьэным и гущIэгъум папщIэ фIыщIэ хуэтщIын зэрыхуейр.

ЛУКА 17:11-19

# ФАРИСЕЙМРЭ ХЬЭКЪХЭХЫМРЭ ЯТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

Дэ куэдрэ зыкъытфIощIыж дызахуэу, дыщыпкъэу икIи дыгуэныхьыншэу. Ауэ Зиусхьэным дэ дыхуеущий зыкъытфIэщIыж зэрымыхъунум, Тхьэм дапщэщи дыхуэIурыщIэн зэрыхуейм. Фарисеймрэ хьэкъхэхымрэ ятеухуа мы ущие хъыбарыр Хьисэ къыщIиIуэтар езыхэм захуэу залъытэжурэ нэгъущIхэр зи щхьэм езымыпэсхэм папщIэш.

«Тхьэм елъэIун щхьэкIэ, Тхьэм и унэшхуэм цIыхуитI кIуащ, зыр фарисейт, адрейр хьэкътын ахъшэр хэзыххэм ящыщт. Фарисейр абдежым здэщытым, Тхьэм мыпхуэдэу елъэIурт игукIэ: 'Си, Тхьэ! Адрей цIыху хъунщIакIуэхэми, бзаджащIэхэми, зинэ зыщIэхэми, мобдеж щыт хьэкътын ахъшэр хэзыхми яхуэдэу сызэрыщымытым щхьэкIэ, фIыщIэ пхузощI. Сэ тхьэмахуэ къэс махуитI сонэщI, къысхэхъуэм и пщIанэр Тхьэм щхьэкIэ сот'.

Ауэ хьэкътын ахъшэр хэзыхыр жыжьэу увауэ, уафэм и нэхэмкIэ дэплъеин хумейуэ, и бгъэгум еуэу, Тхьэм елъэIурт: 'Си Тхьэ! Сэ, цIыху гуэныхьыщIэм, гущIэгъу къысхуэщI!'

Сэ нывжызоIэ, япэ лIым хуэмыдэу мы лIым Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ игу илъу унэм кIуэжащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи щхьэ зыгъэин дэтхэнэри Тхьэм игъэлъэхъшэнущ, зи щхьэр зыгъэлъахъшэри Тхьэм игъэинынущ».

Iуащхьэ уазымкIэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэри цIыхубэри иущийрт:

«Хьэкум зыми тевмыщIыхь, Тхьэм хьэкум фэ къыфтримыщIыхьын щхьэкIэ. ЦIыхухэм фэ хьэкум зэратефщIыхьым хуэдэу, Тхьэм фэри хьэкум къыфтрищIыхьынущ икIи фэ зэрыфпщ пщалъэм хуэдэ дыдэкIэ Тхьэм фэ къыфхуипщыжынущ».

ЛУКА 18:10-14; МАТТЭ 7:1-2

## ХЬИСЭРЭ САБИЙХЭМРЭ

Хьисэ Мэссихь сабийхэр фIы дыдэу елъагъу.
Зэгуэрым Хьисэ сабий зыбжанэ къыхуашащ, и Iэхэр ятрилъхьэн, Тхьэм яхуелъэIун щхьэкIэ. Ауэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар цIыхухэм хуадэртэкъым. Хьисэ жиIащ: «Сабийхэр си деж кърекIуэ, фапэрымыуэ, апхуэдэхэр Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи». ИтIанэ Хьисэ и Iэхэр сабийхэм ятрилъхьащ икIи и нэфI абыхэм ящыхуащ.

И гъуэгу ирикIуэхэр Хьисэ къеупщIащ зэгуэрым: «Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм ящыщу хэт нэхъ ин дыдэр?» Хьисэ сабий гуэр къриджэщ, яку дигъэувэри, жиIащ:

«Пэжыр нывжызоIэ, фи гум илъыр зэфхъуэкIыу, сабийхэм хуэдэ фымыхъумэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэнукъым.

Аращи, мы сабийм хуэдэу зи щхьэр зыгъэлъахъшэ дэтхэнэри Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм нэхъ ин дыдэщ.

Мыпхуэдэ сабийр си цIэкIэ езыгъэблагъэ дэтхэнэми сэ сригъэблэгъауэ мэхъу».

МАТТЭ 18:1-5; 19:13-15; МАРК 9:36,37

## ХЬИСЭ НЭФЫМ И НЭР КЪЫЗЭРИГЪЭПЛЪЭЖАР

Зэгуэрым Хьисэ Ерихон къалэшхуэм кIуащ. Дапщэши хуэдэу, Абы цIыху куэд щIыгъут.

Къалэ дыхьэпIэм деж нэф гуэр щыст, факъырэIус лъаIуэу. ВартимейкIэ еджэрт абы. Хьисэ илэжь телъыджэхэм я хъыбар зэхихауэ щыгъуазэт ар. Хьисэ абыкIэ зэрыблэкIыр щызэхихым, нэфыр гуоууэ щIидзащ: «Хьисэ, Даутэ и Къуэ! ГущIэгъу къысхуэщI!» Хьисэ 'Даут и къуэкIэ' щIеджэр Абы мы дунейм щиIэ адэ-анэр пащтыхь Даут и лъэпкъым щыщти, ращ. И жьэр ирагъэубыдынут Вартимей, ягъэпсэлъэнутэкъым, ауэ пэлъэщакъым, и макъым нэхъри зригъэIэтащ абы: «Даутэ и Къуэ! ГущIэгъу къысхуэщI!»

Хьисэ къэувыIащ, унафэ ищIащ нэфыр къыбгъэдашэну. Нэфым цIыху зыщыплI бгъэдыхьэри жраIащ: «Умыдзыхэ, къэтэдж, Езыр къоджэ». Вартимей и щыгъын щIыIутелъыр зыщидзащ, къэтэджри, Хьисэ бгъэдыхьащ. Хьисэ абы еупщIащ: «Сыт пхуэсщIэну узыхуейр?» Нэфым жэуап къитащ: «Равви! Си нитIыр къысхуэгъэплъэж». Хьисэ абы жриIащ: «КIуэж, уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ». Асыхьэтым къэплъэжащ Вартимей, Хьисэ и ужь иуващ, Тхьэм щIыхь хуищIурэ.

Дунейм щытетам щыгъуэ Хьисэ телъыджэ Iэджэ илэжьащ. Ноби уафэм зыдэщыIэм, Ар хьэзырщ елъэIу псоми къадэIэпыкъуну. Гурэ псэкIэ елъэIум я хьэтыр елъагъу Абы.

МАРК 10:46-52

## ХЬЭКЪХЭХ ЗАКХЕЙ ХЬИСЭ И УЖЬ ЗЭРИУВАР

Хы Псэншэм и гъунэгъу Ерихон къалэм аргуэру кIуащ Хьисэ. А къалэм Закхей зи цIэ хьэкъхэх дэст. Хьэкъхэххэм цIыхухэр яфыщIырт, хабзэм къигъэув хьэкътым нэхърэ нэхъыбэ къыхахыурэ. Абы къыхэкIкIэ, цIыхухэм фIыуэ ялъагъуртэкъым хьэкъхэххэр.

«Хьисэ Ерихон къалэм дыхьэри, зэхикIухьащ. Закхей зи цIэ гуэр дэст абы. Ар хьэкъхэххэм я пашэхэм щыщт, бейт. Хьисэ шыфэлIыфэ зригъалъэгъуну хуеят ар, арщхьэкIэ езыр лIы лъахъшэ цIыкIути, цIыху гупышхуэм яхэту зыри илъагъун лъэкIакъым. Арати, цIыхухэм япэ ищри, ахъуо жыгым дэпщеящ, Хьисэ зригъэлъагъун папщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ а гъуэгумкIэ блэкIын хуейт. Хьисэ а щIыпIэм щынэсым, дэплъейри, Закхейм жриIащ:

'Закхей! ПсынщIэу къех, уи унэм сынеблэгъэн хуейщ нобэ'.

Закхей псынщIэу къехыжри, и гуапэ хъуауэ, и унэм Хьисэ иригъэблэгъащ. Ар щалъагъум, цIыхухэм мыарызыуэ жаIащ: Гуэныхь зыщIэ цIыхум и унэ хьэщIэу ихьащ».

ЦIыхухэм гукъанэ зэращIэр щилъагъум, Закхей къэтэджри Зиусхьэным жриIащ:

«Зиусхьэн! Мис, си мылъкум и ныкъуэр тхьэмыщкIэхэм яхуэзгуэшынущ. ЦIыху гуэр къэзгъэпцIаIамэ, хуэдиплI естыжынущ'.

Хьисэ абы къыжриIэжащ:

'ЦIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлыр мы унагъуэм нобэ къэкIуащ. Мы лIыри Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм ящыщщ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэкIуар кIуэдыпIэ ихуа цIыхухэр къилъыхъуэурэ, мыкIуэду кънригъэлыну аращ».

Хьисэ фIыуэ елъагъу щыпкъагъэ зыхэлъхэри, гуэныхьыщIэхэри. Абы и лъагъуныгъэ телъыджэм гуэныхьыщIэхэм тобэ къарегъэхьыж.

ЛУКА 19:1-10

## КУЭД ЗЫХУЭГЪУМ И ФIЫЛЪАГЪУНЫГЪЭР ИНЩ

Фарисейхэм ащыщ зы, Симон, Хьисэ иригъэблэгъащ, Iэнэ къыхуищтэну. Хьисэ аразы хъури, абы деж кIуащ.

«Къалэм щыщ гуэныхьыщIэ цIыхубз псэжь гуэрым Хьисэ фарисейм и унэм щышхэну зэреблагъэр къищIащ. Алавастрэ зи цIэ мывэм къыхэщIыкIауэ, зы барщыбэ, дагъэ лъапIэ иту, къыздихьри къэкIуащ. Хьисэ и щIыбагъкIэ къыщыбгъэдыхьэри, апхуэдизкIэ хуабжьу гъати, и нэпсхэмкIэ Хьисэ и лъакъуэхэр псыф ищIащ. Абы и щхьэцымкIэ Хьисэ и лъакъуэхэр илъэщIыжащ, и лъакъуэхэм ба яхуищIащ, дагъэ лъапIэм щыщи щихуащ.

Хьисэ къезыгъэблэгъа фарисейм ар щилъагъум, игукIэ жиIащ: 'Мыр бегъымбару щытатэмэ, мы къеIуса цIыхубзыр зыхуэдэр, ар гуэныхьыщIэ цIыхубз псэжьу зэрыщытыр къищIэнт'. Хьисэ а лIым жриIащ: 'Симон, зыгуэр ныбжесIэнщ'. 'КъызжеIэ, дин егъэджакIуэ', - жэуап иритыжащ Симон.

Хьисэ жиIащ: 'ЩIыхуэ зыт лIы гуэрым и щIыхуэ цIыхуитIым ятелъгъ, зым динар щитху, адрейм тхущI. Ауэ щIыхуэр япшыныжын щамылъэкIым, тIуми яхуигъэгъуащ. АтIэ къызжеIэ, а тIум язым дэтхэнэра щIыхуэ зыт лIыр нэхъыфIу зылъагъунур?' Симон жэуап итащ: 'СызэригугъэмкIэ, нэхъыбэ зыхуигъэгъуаращ'. Хьисэ жриIащ: 'КъэпщIащ'.

ЦIыхубзым дежкIэ зигъазэри, Хьисэ Симон жриIащ: 'Мы цIыхубзыр плъагъурэ? Уи унэм сыкъыщыщIыхьэм, си лъакъуэхэр иристхьэщIыну уэ псы къызэптакъым, ауэ мы цIыхубзым и нэпсхэмкIэ си лъакъуэхэр псыф ищIри, и щхьэцымкIэ илъэщIыжащ. Уэ ба къысхуэпщIакъым, сэ унэм сыкъызэрыщIыхьэрэ мы цIыхубзым си лъакъуэхэм зэпымыууэ ба къысхуещI. Си щхьэм дагъэ къыщыпхуакъым, мыбы си лъакъуэхэм дагъэ лъапIэр къащихуащ. Абы къыхэкIкIэ уэ ныбжызоIэ, фIылъагъуныгъэшхуэ игу илъщи, абы и гуэныхь куэдыр къыхуэгъуащ. Ауэ мащIэу зыхуэгъуам игу фIылъагъуныгъэ мащIэщ илъыр'.

ИтIанэ Хьисэ цIыхубзым жриIащ: 'Къыпхуэгъуащ уи



гуэныхьхэр'. Адрей хьэщIэхэм ягукIэ жаIащ итIанэ: 'Хэт гуэныхьхэр зыгъэгъу мы лIыр?' Хьисэ цIыхубзым жриIащ: 'Уи фIэщхъуныгъэм умыкIуэду укъригъэлащ. Гъуэгу махуэ. Уигу ирезагъэ».

ЛУКА 7:37-50

## ЗИУСХЬЭНЫР ЕРУСАЛИМ ДОХЬЭ

Ерусалим здэкIуэм, Елеон Iуащхьэм и гъунэгъу Вифание жылэм дыхьащ Хьисэ. Абы и гъуэгу ирикIуэхэм щыщу цIыхуитI щригъэжьащ мыр яжриIэри: «Фяпэ ит жылэм фыдыхьэ. Фызэрыдыхьэу зы шыдыбз, и шыд шыщIэр щIыгъуу, епхауэ фрихьэлIэнущ. Ахэр къыкIэрыфтIэтыкIи, си деж къафшэ. Зыгуэрым зыгуэр къывжиIэмэ, 'Зиусхьэныр мыбыхэм хуейщ' жефIи, шыдхэр къэфшэну хуит фищIынущ». Ахэр кIуэри, Хьисэ зэражриIам хуэдэу къагъуэтащ. Шыд шыщIэр къыщыкIэратIэтыкIым, ар зейхэр къеупщIащ: «Сыт къыщIыкIэрыфтIэтыкIыр шыд шыщIэр?» И гъуэгу ирикIуэхэм жэуап ятыжащ: «Зиусхьэныр хуейщ абы».

Шыдыбзымрэ шыд шыщIэмрэ Хьисэ деж къахуащ абыхэм. Я щыгъынхэр траубгъуахэщ шыдхэм. Хьисэ шыдым шэсащ. Ар Ерусалим щынэблагъэм, цIыху куэд къыпежьэри, я щыгъынхэмрэ хъурмэ къудамэхэмрэ къытралъхьащ Абы и гъуэгум, мыр жаIэурэ: «Хьусаннэ* Даут и Къуэм деж! Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэм щIыхьышхуэр ейщ! Хьусаннэ! Тхьэуэ Лъагэм щIыхьышхуэр ейщ!» Апхуэдэ щIыкIэкIэ пэж хъуащ Зэчрей бегъымбарым жиIэгъауэ щыта псалъэхэр: «Сион къалэу** пхъум хуэдэм жефIэ: мис, гущабагъэ иIэу икIи шыдым тесу уи пащтыхьыр къыпхуокIуэр; ар зытесыр шыдыбзым и шыд шыщIэрщ».

Хьисэ Ерусалим дыхьа нэужь, къалэм дэс псори зэхэзежэ хъуащ; псори щIэупщIэрт: «Хэти ар?» ЩIыхь хуэзыщIэхэм жэуап ятащ: «Ар Хьисэщ, Галилей хэкум щыщ Назарет къикIа бегъымбарырщ». Куэд щыхьэт техъуэрт Абы Лазар къызэригъэхъужам икIи телъыджэ куэд зэрищIам. фарисейхэм жаIащ итIанэ: «Феплъ, абы зыри ефщIэну зэрыфлъэмыкIыр фолъагъу. Дунейм и цIыху псори абы и ужь йоувэ». Абыхэм Хьисэ жраIащ Абы и щIыхь и гъуэгу ирикIуэхэм ящIыну яхуимыдэну. Ауэ Хьисэ абыхэм жэуап къаритыжащ: «Сэ нывжызоIэ, абыхэм щагъэтмэ, мывэхэр къэгуоунущ».

МАТТЭ 21:1-10; ЛУКА 19:29-40;ИУАН 12:12-19



* *ЩIыхь псалъэщ!*

** *НэгъуэщIу жыпIэмэ Ерусалимрэ абы и лъэпкъымрэ*

## ЕРУСАЛИМ ПАПЩIЭ ХЬИСЭ И ГЪЫБЗЭ

Хьисэ игу хэщIырт Ерусалим щхьэкIэ, Ар зымыдэхэм, зыукIыну хэтхэм папщIэ.

«Еууей, Ерусалим, Ерусалим! Уи цIыхухэм бегъымбархэр яукI, Тхьэм и лIыкIуэхэри, мывэкIэ еуэурэ, яукI. Бзум и шырхэр и дамэ щIагъым зэрыщызэхуишэсым хуэдэу, сыт хуэдизрэ сыхуея уи бынхэр зэхуэсшэсыну, ауэ фэ фыхуеякъым. АтIэ, фи къалэм Тхьэр нэфIкIэ къеплъыжынукъым. Сэ нывжызоIэр, 'Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэм щIыхьышхуэр ейщ', щыжыфIэну махуэм нэсыху сыкъэфлъагъужынукъым!»

Ерусалим зэгуэр кIуауэ, абы дэплъэри, Хьисэ гъауэ щытащ, мыр жиIэурэ: «Мамырыгъэ къыпхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэр нобэ уэри пщIэуэ щытыгъатэмэ, сыгуфIэнт, ауэ уи нэхэм ахэр ящыбзыщIауэ щытщ зэкIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уи бийхэм быдапIэхэмкIэ укъыщаувыхьын махуэхэр къыпхуэкIуэнущ. Абыхэм укъаухъуреихьынущ, дэнэ лъэныкъуэкIи къыщыптеуэнущ. Уэри уи быну къалэм дэсхэри уи бийхэм фагъэкIуэдынущ, мывитIу зэтелъу къагъэнэнукъым, Тхьэм умыкIуэду укъыщригъэлыну зэманыр къэсауэ къызэрыбгурымыIуам щхьэкIэ».

Ди гъащIэр ирехъу апхуэдэ - дэ дыкъыщилъагъукIэ Хьисэ мыгъыну.

ЛУКА 13:34,35; 19:42-44

# ЖЫЗУМГЪЭКI БЗАДЖЭХЭМ ЯТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

Дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ къызэрыхущытым теухуауэ ущие хъыбар яжриIащ Хьисэ абыхэм.

«Унэр зей гуэрым жызум хадэ игъэтIысащ. Хадэр мывэ сэрейкIэ къищIыхьщ, жызум пIытIалъэри ищIри, бэтэгъей игъэуващ. ЖызумгъэкI гуэрхэм хадэр яIэщIилъхьэри, хамэ къэрал гуэрым кIуащ езыр. Жызум пычыжыгъуэр къыщысым, и жызум Iыхьэр къыIахыну жызумгъэкIхэм я деж унэIутхэр игъэкIуащ абы.

ЖызумгъэкIхэм унэIутхэр яубыдри, зыр яубэрэжьащ, адрейр яукIащ, ещанэри яукIащ, мывэкIэ еуэурэ. Хадэр зейм унэIутхэр игъэкIуащ аргуэру, япэу игъэкIуахэм нэхърэ нэхъыбэжу, ауэ абыхэми ар дыдэр къращIащ. ИкIэм-икIэжым хадэр зейм, 'Си къуэм пщIэ къыхуащIынщ', жиIэри, и къуэр абыхэм я деж игъэкIуащ.

ЖызумгъэкIхэм хадэр зейм и къуэр щалъагъум, жаIащ: 'Жызум хадэр къызыхуэнэжынур мыращ. Ар дывгъэукIи, хадэр дэ къытхуэнэнщ'. Арати, ар яубыдщ, жызум хадэм ирашыжри яукIащ.

'Аращи, жызум хадэр зейр къакIуэмэ, а жызумгъэкIхэм сыт ярищIэнур?'- щIэупщIащ Хьисэ.

Хьисэ абыхэм къыжраIащ: 'Абы а бзаджащIэхэр кIуэдыкIейуэ игъэкIуэдынурэ, жызум пычыжыгъуэр къыщыскIэ, и жызум Iыхьэр къезытыжыну нэгъуэщI жызумгъэкIхэм хадэр яIэщIилъхьэнущ'.

ИтIанэ Хьисэ яжриIащ: «Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэу зэрыхэтым феджакъэ? 'УхуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэр унэр зытезыIыгъэ мывэ лъабжьэ хъуащ. Мыр Зиусхьэным къыбгъэдэкI Iуэхущ икIи ар дэ тфIэтелъыджэщ'. Аращи, нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэнымкIэ хуитыныгъэр фэ къыфтрихынурэ, и Тепщэныгъэшхуэм хуэфащэу фIыгъуэр зылэжь нэгъуэщI лъэпкъ гуэрым иритынущ. Мы мывэм къытехуэр зэпкъриудынущ, ауэ езыр зытехуэр ипIытIынущ».



Мы ущие хъыбархэр дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ щызэхахым, а хъыбархэр езыхэм зэратеухуар къагурыIуати, Хьисэ яубыдыну пылъащ, ауэ цIыхубэм ящышынащ, абыхэм ар бегъымбару ялъытэрти».

МАТТЭ 21:33-46

## «КЪЕБЛЭГЪАХЭР КУЭДЩ, АУЭ ХЭПЛЪЫХЬАУЭ ЯХЭТЫР МАЩIЭЩ»

Фарисей гуэрым игъэхьэщIэну иригъэблэгъати, Хьисэ бысымым жриIащ: «Уэ щэджагъуашхэ е пщыхьэщхьэшхэ щыпщIкIэ, уи ныбжьэгъухэри, уи къуэшхэри, уи благъэхэри, уи гъунэгъу бейхэри къыумыгъэблагъэ. Ахэр къебгъэблагъэмэ, яхуэпщIар къыпхуащIэжын папщIэ, урагъэблэгъэжынкIэ хъунущ. Ауэ уэ шэджагъуашхэ е пщыхьэщхьэшхэ щыпщIкIэ, тхьэмыщкIэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, лъашэхэр, нэфхэр къегъэблагъэ. ЯхуэпщIар абыхэм къызэрыпхуамыщIэжыфынум щхьэкIэ, гъуэгу махуэ утеуващ. Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр къыщытэджыжкIэ, яхуэпщIар Тхьэм къыпхуищIэжынущ.

Хьисэ щIыгъуу Iэнэм бгъэдэса гуэрым ар щызэхихым, жиIащ: 'Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ, адрей хьэщIэхэм я гъусэу Iэнэм бгъэдэсынур гъуэгу махуэ теуващ'. Хьисэ а лIым жриIащ:

ЛIы гуэрым гухэхъуэ Iэнэ тригъэувэну мурад ищIащ, цIыху куэди кърigъэблэгъащ. Гухэхъуэ Iэнэр щаублэну сыхьэтыр къыщысым, къеблэгъэнухэм я деж унэIут гуэр игъэкIуащ, мыпхуэдэу яжриIэну: 'Иджы фыкъеблагъэ, псори хьэзырщ'. Ауэ псоми зэрыгъэIуща нэхъей щхьэусыгъуэхэр ящIу щIадзащ. Япэрейм унэIутым къыжриIащ: 'Сэ щIы къэсщэхуащи, сыкIуэу абы семыплъмэ, хъунукъым. ЕмыкIу къысхуумыщI'. НэгъуэщI зыми жиIащ: 'ВипщI къэсщэхуащи, я щытыкIэм сеплъыну сокIуэ. ЕмыкIу къысхуумыщI'. Ещанэми жиIащ: 'Сэ фыз къэсшащи, сынэкIуэфынукъым'.

УнэIутым къигъэзэжри, Iуэхур зэрыхъуар и тепщэм къыжриIэжащ. Апхуэдэу щыхъум, бысымыр къэгубжьри, унэIутым жриIащ: 'Къалэм и уэрамышхуэхэми и уэрам згъэзэщIащ, ауэ тIысыпIэ нэщIхэр щыIэщ иджыри'. Тепщэм унэIутым жриIащ итIанэ: 'Гъуэгухэмрэ лъагъуэхэмрэ техьи, си унэм щIэз хъун щхьэкIэ, къэкIуэну цIыхухэм яжеIэ. Сэ нывжызоIэ, къезгъэблэгъахэм ящыщ зыри си ерыскъым къыхэIэбэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къеблэгъахэр куэдщ,



ауэ хэплъыхьауэ яхэтыр мащIэщ».

ЛУКА 14:12-24

## «КЕСАРЫМ ЕЙР КЕСАРЫМ ЕФТЫЖ, ТХЬЭМ ЕЙРИ ТХЬЭМ ЕФТЫЖ»

Хьисэ и псалъэхэмрэ и ІуэхущІафэхэмрэ фІыгъуэ къызэрыдэкІуэм къигъэгубжьри, псалъэ гуэрым зэрытраубыдэн щІыкІэмкІэ зэчэнджэщыжаш фарисейхэр. Абыхэм я гъуэгу ирикІуэхэр Хьисэ деж ягъакІуэри, мыр жрырагъэІащ: «Дин егъэджакІуэ, щыпкъагъэ зигу илъ цІыхуу узэрыщытми щыпкъагъэм тету Тхьэм и гъуэгур цІыхухэм зэребгъащІэми дыщыгъуазэщ. ЦІыхухэм жаІэм зыкІи уигъэгузавэркъым, цІыхухэм я фэм уемыплъу, цІыху псори уи зэхуэдэщи. Аращи, къыджеІэ: дауэ уеплърэ? Кесарым* хьэкъытын ахъшэр етт хъуну, е мыхъуну?» (Палестинэр абы щыгъуэ зыІэщІэлъа Рим къэралыгъуэм и лІыщхьэращ кесарыр)

Фарисейхэм я упщІэм бзаджагъэ хэлът. Кесарым хьэкъ етын хуейуэ жиІатэмэ, Хьисэ абыхэм епцІыжауэ, Римым и телъхьэ хъуауэ жаІэнут. Хьэкъ пты мыхъуну жиІатэмэ, Ар рим унафэм къыщІэкІауэ ягъэІунут.

Абыхэм я хъуагъэщагъэр къыгурыІуэри, Хьисэ жиІащ: «Сыщывгъэуэну фыщІыпылъыр сыт фэ, бзитІщхьитІхэ? Хьэкъытын ахъшэр сывгъэлъагъу». Абы динар къыхуахьащ. Хьисэ еупщІащ абыхэм: «Хэт и сурэт мыбы тетыр, хэт и цІэ мыбы тетхари?» Фарисейхэм жэуап къатащ: «Кесарырщ». Зиусхьэным абыхэм яжриІащ: «Апхуэдэу щыщыткІэ, кесарым ейр кесарым ефтыж, Тхьэм ейр Тхьэм ефтыж». Ар щызэхахым, ягъэщІэгъуащ абыхэм, икІи Ар къагъанэри, лъэныкъуэ зрагъэзыжащ.

Абы и ужькІэ Хьисэ цІыхухэмрэ и гъуэгу ирикІуэхэмрэ яжриІащ: «Торэт егъэджакІуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ Мусэ бегъымбарым и тахъгэм тетІысхьащ. Аращи, фщІэн хуейуэ икІи вгъэзэщІэн хуейуэ абыхэм къывжаІэ псори вгъэзащІэ, ауэ ящІэр фымыщІэ, абыхэм жаІэ фІэкІ, жаІар ягъэзащІэркъыми. Хьэлъэ зехьэгъуейхэр зэкІуэцІапхэри, цІыхухэм я дамащхьэм тралъхьэ, ауэ цІыхухэм ядэІэпыкъуну езыхэм я зы Іэпхъуамби ягъэхъейркъым. Абыхэм я ІуэхуфІ псори цІыхухэм ирагъэлъагъун щхьэкІэщ щІащІэр...»

МАТТЭ 22:15-22; 23:1-5

## ТХЬЭМ И УНАФЭХЭМ ЩЫЩУ НЭХЪ ИН ДЫДЭР

Торэт егъэджакIуэ пашэ гуэр къыбгъэдэхьащ Хьисэ зэгуэрым. ХъыбарыфIым ущрохьэлIэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ я хъыбар. Апхуэдэу еджэу щытащ Тхыгъэ ЛъапIэр джынымрэ цIыхухэм гурыIуэгъуэ ящыщIымрэ зи гъащIэ псор езыхьылIа щIэныгъэлIхэм. Ахэр псом хуэмыдэу зи ужь итыр Мусэ и Торэт хабзэрт.

Торэт егъэджакIуэ пашэ гуэр Хьисэ къеупщIащ: «Дин егъэджакIуэ, Тхьэм и унафэхэм щыщу дэтхэнэра нэхъ ин дыдэр?» Хьисэ абы жриIащ:

«УЭ УИГУ ПСОМКIИ,
УИ ПСЭ ПСОМКIИ,
УИ ЗЭХЭЩIЫКI ПСОМКIИ
ЗИУСХЬЭНУ УИ ТХЬЭР ФIЫУЭ ЛЪАГЪУ».

Аращ я нэхъ ин дыдэу япэрей унафэр. ЕтIуанэ унафэри* апхуэдэщ:

«УИ ЩХЬЭР ФIЫУЭ ЗЭРЫПЛЪАГЪУМ ХУЭДЭУ,
УИ ГЪУНЭГЪУРИ ФIЫУЭ ЛЪАГЪУ».

Мы унафитIым къызэщIаубыдэ Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм ит псори, адрей бегъымбархэми жаIа псори».

НыбжьыщIэ цIыкIухэ, фи гум ивубыдэ икIи зыщывмыгъэгъупщэ Зиусхьэну Хьисэ жиIа мы псалъэхэр.

МАТТЭ 22:36-40

## ФЫЗАБЭ ТХЬЭМЫЩКIЭМ И АХЪШЭ ЖЬГЪЕИТI

Зэгуэрым Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм деж щригъаджэт, мыр жиIэурэ: «Торэт егъэджакIуэ пашэхэм фахуэсакъ! Абыхэм фащэ кIыхьхэр ящыгъыу къакIухьын я щIасэщ. ЦIыху зэхыхьэпIэхэм езыхэм цIыхухэм пщIэ лей защыхурагъэщIынри, синэгуэгухэм цIыхухэр щыщызэхуэскIи, ефэ-ешхэшхуэм щыгъуи тхьэмадэ тIысыпIэхэр яубыдынри яфIэфIщ. Фызабэхэм я унэхэр къытрах. ЦIыхухэр зыщагъэтхъун щхьэкIэ, я тхьэлъэIухэр кIыхь ящI. Ахэр хуабжьу игъэпшынэнущ Тхьэм».

ИтIанэ цIыхухэм Тхьэм тыгъэ хуащI ахъшэхэр зыдалъхьэ пхъуантэхэм хуэзанщIэу тIысауэ, цIыхухэм ахъшэхэр пхъуантэхэм зэрыдалъхьэм Хьисэ еплъырт. ЦIыху къулейхэм ахъшэ куэд далъхьэрт пхъуантэхэм. Фызабэ тхьэмышкIэ гуэр къакIуэри, гъуаплъэ ахъшэ жьгъеитI дилъхьащ пхъуантэм. Ар зы хъурыщэ хуэдизт зэрыхъур.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къриджэри яжриIащ: «Пэжыр нывжызоIэ, мы фызабэ тхьэмыщкIэм и закъуэ адрей псоми нэхърэ нэхъыбэ дилъхьащ пхъуантэм; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм къелыжа ахъщэм щыщщ далъхьар, фызабэм иIэ псори дилъхьащ пхъуантэм - зэрыпсэуну иIэ мащIэ тIэкIур зэрыщыту».

Ди гумрэ ди псэмрэ къыбгъэдэкIрэ Тхьэм хуэдгъэкIуэдыр, Ар фIыуэ зэрытлъагъум къыхэкIрэ Абы хуэтщIэр?

МАРК 12:38-44

## ХЬИСЭ КЪЭХЪУНУМ ТОПСЭЛЪЫХЬ

Библием щыщ Iыхьэ куэдым дэ дыкъыщоджэ Хьисэ дунейм къызэрытехьэжынум. ЕтIуанэу къыщыкIуэжкIэ, и щIыхьыр псори бгъэдэлъынущ Абы, дуней псом зэри-Зиусхьэнури къигъэлъэгъуэнущ. Абы къигъэзэжын и пэ щIым гугъуехь куэд къыщыхъунущ. Ар дыдэм Ар шыхьэт техъуащ Езым къыщигъэзэжынум щыгъуэ дунейр зэрыхъунум теухуауэ и гъуэгу ирикIуэхэм къащыжриIэм:

«Зыми фыкъызэримыгъэпцIэным фыхуэсакъ! Си цIэр зыфIащурэ, 'Мэссихьыр сэращ' жаIэу, цIыху куэд къэкIуэнущ, цIыху куэди къагъэпцIэнущ. Гъунэгъууи жыжьэуи зауэ хъыбар щызэхэфхынущ, ауэ фыщIэшынэн щыIэкъым. А Iуэхухэр къэхъун хуейщ, ауэ дунейм и кIэухыр иджыри къэсауэ аркъым. Зы лъэпкъыр адрей лъэпкъым, зы къэралри адрей къэралым езэуэну къызэщIэтэджэнущ. Гъабли къэхъунущ, щIыр щIыпIэ-щIыпIэхэмкIи хуабжьу щыхъеинущ. А Iуэху псори гугъуехь куэдым я къежьапIэ къудейщ. ЦIыхухэм фэ гугъуехь фагъэшэчын щхьэкIэ, тепщэныгъэ зиIэхэм фрагъэубыдынынурэ фрагъэукIынущ икIи си цIэр зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ лъэпкъ псори жагъуэгъу къыфхуэхъунущ. ЦIыху куэд фIэщхъуныгъэм и гъуэгум текIынущ абы щыгъуэ; зым адрейр тепщэныгъэ зиIэхэм яригъэубыдынущ, зым адрейр илъагъу мыхъу хъунущ. Бегъымбар нэпцI куэд къежьэнущ, цIыху куэди къагъэпцIэнущ. Бзаджагъэм къызэрыхэхъуэм къыхэкIкIэ, цIыху куэдым я лъагъуныгъэр упщIыIунущ. Ауэ и кIэм нэсыху теубыдэныгъэ зиIэр Тхьэм мыкIуэду къригъэлынущ. Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыфIым щIылъэ псом тет цIыхухэр ирагъэдэIуэн хуейуэ щытщ, цIыху лъэпкъ псоми я пащхьэм щыхьэт щыхъун щхьэкIэ. Дунейм и кIэухыр къэсынущ абы и ужькIэ... Мэссихь нэпцIхэмрэ бегъымбар нэпцIхэмрэ къежьэнущ. Абыхэм нэщэнэ гъэщIэгъуэнхэри Iуэху телъыджэхэри къагъэлъагъунущ, Тхьэм къыхиха цIыхухэри ягъэпцIэн мурадкIэ, ялъэкIмэ... А гузэвэгъуэшхуэ махуэхэм я ужь дыгъэр напIэзыпIэм ункIыфIынущ, мазэри къэунэхужынукъым. Вагъуэхэри уафэм къехуэхынущ, уафэм щыIэ къарухэри къызэщIэхъеенущ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и нэщэнэ уафэм къыщылъэгъуэнущ икIи дунейм тет лъэпкъ псори гъыурэ я бгъэм еуэжынущ абы щыгъуэ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, пшэхэм хэтрэ лъэкIыныгъэшхуэрэ щIыхьышхуэрэ иIэу, къакIуэу цIыхухэм ялъагъунущ... Уафэмрэ щIылъэмрэ кIуэдыжынущ, ауэ си псалъэхэр кIуэдыжынукъым. А махуэр е а сыхьэтыр къыщысынур зыми ищIэркъым. Уафэхэм щыIэ мелыIычхэми ящIэркъым, Тхьэм и Къуэми ищIэркъым. Адэ лъапIэм и закъуэщ ар зыщIэр... Аращи, фымыжейуэ фысакъ, Зиусхьэныр дунейм къыщыкIуэжыну махуэр фщIэркъыми».

МАТТЭ 24:4-42

## ХЪЫДЖЭБЗИПЩIЫМ ТЕУХУА УЩИЕ ХЪЫБАР

ЩIым етIуанэу къызэрыкIуэнум теухуауэ Хьисэ мыпхуэдэ ущие хъыбар жиIащ:

«Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр а махуэм зыхуэдэ щытынур мыращ. ХъыджэбзипщI я уэздыгъэхэр къыздащтэри, щауэм пежьэну дэкIащ. Абыхэм ящыщу тхур ахьмахъг, тхур Iущт. Ахьмакъхэм я уэздыгъэхэр къыщащтэм, дагъэр къыздащтакъым. Iущхэм я уэздыгъэхэри дагъэ зэрыт дагъалъэхэри къыздащтащ. Щауэр къыщыгувэм, псори щхьэукъуэри жеящ.

Жэщ ныкъум деж макъ гуэр къэIуащ: 'Мес, щауэр къэкIуэ, фыпежьэ!' Ар щызэхахым, хъыджэбз псори къэтэджри я уэздыгъэхэр ягъэхьэзыращ. Ахьмакъхэр Iущхэм елъэIуащ: 'Фи дагъэм щыщ къыдэфт, ди уэздыгъэхэр мэункIыфIри'. Хъыджэбз Iущхэм жэуап кърататщ: 'Фэри дэри ар тхурикъунукъым. Дагъэ зыщэхэм я деж фыкIуэрэ дагъэ къэфщэхумэ, нэхъыфIщ'. Ахэр дагъэ щыху кIуауэ, щауэр къэсащ икIи хьэзыру щыта хъыджэбзитхур зыщIигъущ, джэгу щащI унэм щIыхьэхэри, бжэри къагъэбыдэжащ.

Адрей хъыджэбзхэри абы и ужькIэ къэкIуэжри, мыпхуэдэу жаIащ: 'Зиусхьэн, Зиусхьэн, куэбжэр къытхуIух!' Ауэ абы жиIащ: 'Пэжыр нывжызоIэ, фэ хэт фыщыщми, сэ сщIэркъым'. Аращи, фымыжейуэ фысакъ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къыщыкIуэжыну махуэри сыхьэтри фщIэркъыми».

МАТТЭ 25:1-13

## ХЬИСЭ «ЖЫЗУМЕЙЩ»

Хьисэ щIылъэм илъэсищкIэ щригъэджащ, сымаджэхэр игъэхъужу- рэ икIи ХъыбарыфIыр игъэIуурэ. Абы и гъуэгу ирикIуэхэр хуигъэхьэзырырт Зиусхьэным зэрыIущIэным. Ахэр Хьисэ зыхуригъаджэм и щапхъэщ мыр:

«Жызумыпкъ пэжыр сэращ, жызумгъэкIри си Адэращ. Си къудамэхэм ящыщу зыри къызыпымыкIэр пеупщI Абы; къызыпыкIэ къудамэр еухъуэнщI, нэхъыбэ къыпыкIэн щхьэкIэ. Фэ фигухэр Сэ вжесIа псалъэхэмкIэ къабзэ хъуакIэщ. Сэ фи псэм сыт щыгъуи сыхэвгъэлъ, фэри си псэм сыт щыгъуи фыщыщынущ. Къудамэр жызумыпкъым пымытмэ, зыри къызэрыпымыкIэфынум хуэдэу, фэри фи псэм сыт щыгъуи сыхэвмыгъэлъмэ, фIыгъуэ къыфпыкIынукъым. Жызумыпкъыр сэращ, къудамэхэр фэращ. ЦIыху гуэрым и псэм сыт щыгъуи сыщыщ хъумэ, езыри си псэм сыт щыгъуи щыщ хъумэ, а цIыхум фIыгъуэ куэд къыпыкIынущ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ фэ сывимыгъусэмэ, зыри фщIэн флъэкIынукъым. ЦIыху гуэрым и псэм сыт щыгъуи сыщыщ мыхъумэ, къудамэм хуэдэу ар хыфIадзэжынурэ, гъужынущ. Апхуэдэ къудамэхэр зэхуахьэсынурэ, мафIэм пэрадзэнурэ ягъэсынущ. Фэ фи псэм сыт щыгъуи сыщыщ хъууэ, си псалъэхэри сыт щыгъуи фи псэм щыщ хъумэ, си Адэм фызыхуеймкIэ фелъэIу, фызэрелъэIури къыфхуищIэнущ.

Адэ лъапIэм сэ фIыуэ сызэрилъагъум хуэдэу, сэри фэ фIыуэ фыслъэгъуащ. Си фIылъагъуныгъэм зыхэвмыгъэн. Фэ си унафэхэр щывгъэзащIэкIэ, сэ фэри сыт щыгъуи фIыуэ фыслъагъунущ, си Адэм и унафэхэр зэрызгъэзэщIам щхьэкIэ, абы сыт щыгъуи фIыуэ сызэрилъагъум хуэдэу... ФIыуэ фызэрылъагъуну аращ унафэу фхуэсщIыр.

Дунейм и цIыхухэм фыкъалъагъу мыхъуу щытмэ, фэ фыкъалъагъу мыхъу хъун и пэкIэ сэри сыкъалъагъу мыхъуу зэрыщытар зыщывмыгъэгъупщэ. Фэ дунейм фыщыщу щытатэмэ, мы дунейм и цIыхухэм езыхэм яхуэдэу фIыуэ фыкъалъагъунт. Иджы зэрыщытымкIэ, мы дунейм фыщыщкъым, ауэ мы дунейм фи Iыхьэр хэмылъыну сэ мы дунейм и цIыхухэм фыкъыхэсхащ. Аращ мы дунейм и цIыхухэм фыкъалъагъу щIэмыхъур... Сэ гугъуехь сагъэшэчащ, фэри гугъуехь фагъэшэчынущ. Сэ си псалъэхэм едэIуау щытамэ, фэ фи псалъэхэми едэIуэнущ. Ауэ си цIэр зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ, а бзаджагъэ псори къывващIэнущ, сэ сыкъэзыгъэкIуар яцIыхуркъыми. Сэ сыкъакIуэу, си псалъэхэр яжезмыIауэ щытатэмэ, гуэныхь яIэнутэкъым, ауэ иджы гуэныхьу ящIахэм щхьэкIэ щхьэусыгъуэ зыри яIэкъым. Сэ сыкъэзылъагъу мыхъум си Адэри илъагъу хъуркъым».

ИУАН 15:1-7; 9-10; 17-23

## ЗИУСХЬЭНЫМ И ПЩЫХЬЭЩХЬЭШХЭР

IутIыж махуэшхуэр къыщысым, Хьисэ иригъэжьащ Петррэ Иуанрэ, мыпхуэдэу яжриIэри: «ФыкIуи, IутIыж пщыхьэщхьэшхэр тшхын щхьэкIэ, вгъэхьэзыр». Абыхэм къыжраIащ: «Дэнэ щыдгъэхьэзырыну ухуей?» Хьисэ яжриIащ: «Къалэм фызэрыдыхьэу, лIы гуэр, псы кхъуэщын ихьу, къыфхуэзэнущ. А лIым и ужь фиту, ар зыщIыхьэ унэм фэри фыщIыхьэ. Унэр зейм жефIэ: 'Дин егъэджакIуэм къыбжеIэ: Сэрэ си гъуэгу ирикIуэхэмрэ IутIыж пщыхьэщхьэшхэр щытшхыну пэшыр дэнэ щыIэ? ГъэщIэрэщIауэ пэшэшхуэ лъагэ гуэр фигъэлъагъунущ. Абдежым псори щывгъэхьэзыр'». И гъуэгу ирикIуэхэр кIуэщ, Хьисэ зэражриIам хуэдэу псори ирахьэлIэри, IутIыж пщыхьэщхьэшхэр ягъэхьэзыращ.

ПIалъэр къыщысым, апостол пщыкIутIыр и гъусэу, Хьисэ Iэнэм пэрытIысхьащ икIи абыхэм яжриIащ: «Гугъуехь сшэчынум и пэ къихуэу мы IутIыж пщыхьэщхьэшхэр фи гъусэу сшхыну гукъыдэжышхуэ сиIащ. Сэ нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къэсауэ, IутIыж махуэшхуэм къикIыр пэж хъун и пэкIэ, IутIыж пщыхьэщхьэшхэр сэ сшхыжынукъым».

Зы фалъэ къиштэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, Хьисэ жиIащ: «Мыр къафщти, мыбы итым щыщ фыкъыздефэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къэсыху, санэ сефэжынукъым»!.

Хьисэ щIакхъуэр къиштэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIщ, зэгуищIыкIщ, абыхэм яритри жиIащ итIанэ: «Мы щIакхъуэр, фи фIагъ къыхэкIын щхьэкIэ, стыну си пкъыращ. Фи гум сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, мыр фшхы». Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым, фалъэр къиштэри, Хьисэ жиIащ: «Мы фалъэм санэу итым къикIыр зэгурыIуэныгъэщIэу Тхьэм Езымрэ фэрэ фяку къыдилъхьэр ащ. ФIы къыфхудэкIуэн щхьэкIэ а зэгурыIуэныгъэщIэр зыгъэщыпкъэр сэ къысщIэкIыну лъыращ».

ЛУКА 22:8-20

## ПЩЫХЬЭЩХЬЭШХЭ НЭУЖЬЫМ ЗЭРЫЗЭПСЭЛЪАР

Пщыхьэшхьэшхэ нэужым Хьисэ къэтэджащ, и бгыр напэIэлъэщIкIэ щIипхыкIащ, тасым псы иригъахъуэри, и гъуэгу ирикIуэхэм я лъакъуэхэр яхуитхьэщIу, и бгым къришэкIа напэIэлъэщIымкIэ яхуилъэщIыжу щIидзащ. Ар Симон Петр бгъэдыхьа нэужь, абы Хьисэ жриIащ: «Зиусхьэн, уэ си лъакъуэхэр птхьэщI хъуну?» Хьисэ абы жэуап иритащ: «Сэ сщIэр иджыпсту уэ къыбгурыIуэркъым, ауэ итIанэ къыбгурыIуэнущ».

Абыхэм я лъакъуэхэр яхуитхьэщIа нэужь, Хьисэ мыр яжриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм: «ФхуэсщIар къывгурыIуэрэ? Фэ 'Дин егъэджакIуэкIэ' ыкIи 'ЗиусхьэнкIэ' фыкъызоджэ; жыфIэр пэжщ, апхуэдэуи сыщытщ. Сэ фи Зиусхьэну икIи фи дин егъэджакIуэу сыщыт пэтми, фи лъакъуэхэр фхуэстхьэщIащ. Фэри зым адрейм и лъакъуэхэр хуэфтхьэщIын хуейщ. ФщIэн хуейр фэзгъэлъэгъуащ... Пэж дыдэр нывжызоIэ, IуэхутхьэбзащIэр и тепщэм нэхърэ нэхъыщхьэкъым; апхуэдэуи лIыкIуэр езыр зыгъэкIуам нэхърэ нэхъыщхьэкъым. Мы Iуэхугъуэхэр зэхэфщIыкIрэ вгъэзащIэмэ, гъуэгу махуэ фытеуващ. Ауэ фэ псоми фтеухуауэкъым сэ жысIэр. Сэ къыхэсхар сощIэ, Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр пэж хъун хуейщ: «Си щIакхъуэр зышхам и лъэдакъэр къысхуигъэзэжри, бий къысхуэхъуащ».

Хьисэ, а псалъэхэр къыжиIа нэужь, къэгузавэри, щыхьэт техъуэурэ, жиIащ: «Пэж дыдэр вжызоIэ, фэ фщыщ гуэрым тепщэныгъэ зиIэхэм саIэщIигъэхьэнущ». Ар къыщыжиIэм, Хьисэ зи гугъу ищIыр ящIэртэкъыми, Абы и гъуэгу ирикIуэхэр зыр зым еплъыжащ. Хьисэ дежкIэ зигъазэри, Иуан Абы еупщIащ: «Зиусхьэн! Хэт ар жыхуэпIэр?» Хьисэ абы жэуап кърита щ: «Мы щIакхъуэ бзыгъэр фалъэм хэзгъапщIэу зэстынуращ». ЩIакхъуэ бзыгъэр фалъэм хигъапщIэри, Симон Искариот и къуэ Иудэм хуишиящ. Иудэм щIакхъуэ бзыгъэр Хьисэ къызэрыIихыу щIэкIащ. Жэщт. Ар щыщIэкIым, Хьисэ жиIащ: «Сэ си бынхэ!... УнафэщIэ фхузощI: фIыуэ



фызэрылъагъу. Сэ фIыуэ фызэрыслъагъум хуэдэу, фэри фIыуэ фызэрылъагъу. ФIыуэ фызэрылъагъумэ, си гъуэгу фызэрырикIуэр цIыху псоми ящIэнущ».

ИтIанэ Хьисэ абыхэм къажриIащ а жэщым абыхэм Езыр и закъуэу утыгум къызэрыранэнур. Ауэ Петр жэуап къитащ: «Псоми утыкум укъранэми, сэ зэикI укъизнэнукъым». Хьисэ абы жриIащ: «Пэж дыдэр бжызоIэ, сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ джэд мыIуэ щIыкIэ!»

ИУАН 13:4-38

## ХЬИСЭ ГЕФСИМАНИЕМ ТХЬЭМ ЗЭРЫЩЕЛЪЭIУАР

Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым, а жэщ дыдэм, и гъуэгу ирикIуэ пщыкIузыр щIыгъуу, Ерусалим къыдэкIри Хьисэ Кедрон псым зэпрыкIащ, Ерусалим и гъунэгъу ГефсиманиекIэ зэджэ жыг хадэм кIуащ. Абы нэсри, и гъуэгу ирикIуэхэр щIыгъуу, жыг хадэм ихьащ Хьисэ, мыри яжриIащ: «Мыбдеж фыщыс, Сэ модэ сыкIуэу, Тхьэм селъэIуху». Петр, Екъуб, Иуан зыщIигъури, Абы игу хэщIащ, и нэщхъеи къэхъуащ, сыту жыпIэмэ ди гуэныхьхэр псори Абы зыхищIэрт, ахэр Абы къытехьэлъэрт. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ: «СылIэн хуэдэ, хуабжьу согузавэ. Фымыжейуэ, фысакъыу мыбы си гъусэу фыщыIэ».

Абыхэм тIэкIу ябгъэдэкIуэтри, Хьисэ Тхьэм елъэIуу щIидзащ, лъэгуажьэмыщхьэ зищIри: «Си Адэ, хъуну щытмэ, мы гугъуехьым и фалъэр сIых. АтIэми сэ сызэрыхуейр мыхъуу, уэ узэрыхуейр ирехъу». Уафэм къехри, мелыIычыр къыхуэкIуащ Абы, игу фIы къыхуищIуи щIидзащ. Плъыржьэрым здыхэтым, Ар нэхъри ерыщу Тхьэм елъэIурт, икIи Абы и пщIэнтIэпсхэр хуэдэт щIым хэткIуэрэ лъы ткIуэпсхэр. И гъуэгу ирикIуэ цIыхуищым я деж къыщигъэзэжым, ахэр жейуэ кърихьэлIэжащ Хьисэ. Абыхэм яжриIащ: «Зы сыхьэт закъуэкIэ фызигъусэу, фымыжейуэ, фысакъын фхузэфIэкIакъым. Фымыжейуэ фысакъ, гуэныхь щIэным фыдимыхьэхын щхьэкIэ Тхьэм фелъэIу. Гур мэхъуапсэ, ауэ пкъым хузэфIэкIыркъым».

Абыхэм къабгъэдэкIыжа нэужь, Ар Тхьэм елъэIуащ аргуэру: «Си Адэ! Мы гугъуехьым и фалъэр сIыпх мыхъунумэ, уэ узэрыхуейуэ ирехъу».

А тхьэлъэIум Мэссихь зи гугъу щищIыр дэ псори ди гуэныхьхэм папщIэ дызэфэн хуей гугъуехь фалъэрщ. Зыми и нэгу къыщIигъэхьэфынукъым абы нэхърэ нэхъ дыджрэ нэхъ гужьейгъуэрэ. Ауэ Тхьэм и Къуэм жыIэщIэу къищтащ ар. Абы ищIэрт дэ дыкъригъэлын щхьэкIэ, Абы Езым къурмэныпхъэу зэрызитыр. Гузэвэгъуэм и фалъэм Ар хэмыфатэмэ, ди гуэныхьхэр тхуэгъунутэкъым.

МАТТЭ 26:36-44; ЛУКА 22:39-46

## ХЬИСЭ ЗЭРАУБЫДАР

Хьисэ щэнейрэ кIуащ и гъуэгу ирикIуэхэм я деж, кIуэху къэси ахэр жейуэ ирихьэлIащ. Ещанэу кIуа нэужь, Хьисэ абыхэм яжриIащ: «Зывгъэпсэхуу фыжейрэ иджыри? Мис, пIалъэр къэблэгъащ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр гуэныхь зыщIэхэм яIэщIыхьэнущ. Фытэдж! ФынакIуэ, абыхэм сезыгъэубыдынур къэблэгъащ».

Хьисэ ар щыжиIэм, Иудэ къэсащ - Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ пщыкIутIым ящыщ зыр. Абы дин пашэшхуэхэр джатэхэри, бжыхэри яIыгъыу. Къумал Иудэ абыхэм нащхьэ яхуищIащ мыр яжриIэри: «Ба зыхуэсщIынуращ жыхуэсIэр. Ар къэвубыд». Хьисэ къыбгъэдыхьэри, абы жиIащ: «ФIэхъус апщи, Равви». ИтIанэ абы Хьисэ ба хуищIащ. Хьисэ абы жриIащ: «Ныбжьэгъу, укъыщIэкIуар сыт? ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм ба зэрыхуэпщIым къикIыр ар тепщэныгъэ зиIэхэм ябгъэубыдыну ара?»

ИтIанэ Хьисэ Иудэ щIыгъуу къэкIуа зауэлIхэм захуигъазэри еупщIащ: «Хэт фызылъыхъуэр?» Абыхэм жэуап къатащ: «Назарет щыщ Хьисэр аращ». Зиусхьэным абыхэм яжриIащ: «Ар Сэращ». Ар щызэхахым, ахэр икIуэтыжри, щIым зрадзыхащ.

ИтIанэ Хьисэ абыхэм яжриIащ: «ХъунщIакIуэ фубыд хуэдэу, джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ фIыгъэу фыкъыспежьаи? Тхьэм и унэшхуэм сывигъусэу махуэ къэс сыщIэтт, ауэ сывубыдакъым... Фи пIалъэр къэсащ иджы икIи мы сыхьэтым кIыфIыгъэ бзаджэм тепщэныгъэр IэщIыхьащ».

ЗауэлIхэм Хьисэ Мэссихь яубыдри дин пашэшхуэм и унэм яшащ, и гъуэгу ирикIуэхэр, Езыр утыкум къранэри, щIэпхъуэжащ.

МАТТЭ 26:45-57; ЛУКА 22:45-53; ИУАН 18:1-12

## ПЕТР ХЬИСЭ ИМЫЦIЫХУУ ЗЭРЫЖИIАР

Хьисэ дин пашэшхуэм нашэсыху, Петррэ нэгруэщI зы гъуэгурыкIуэрэ Абы и ужь итащ жыжьэу, Iуэхум кърихъуэнур зрагъэлъагъун щхьэкIэ. Дин пашэшхуэхэри, нэхъыжьхэри, синедрионри* гъусэ къахуэхъуауэ, Хьисэ укI тралъхьэн щхьэкIэ щыхьэт нэпцI ягъэувыну къалъыхъуэрт. Щыхьэт нэпцI куэд къэтэджри, Хьисэ Iэджэ тралъхьа пэтми, зыхуейр ягъуэтакъым.

ИкIэм-икIэжым щыхьэт нэпцIитI къэтэджыри жаIащ: «Мы лIым жиIэгъащ: Тхьэм мы и унэшхуэр зэхэскъутэнурэ, махуищкIэ ар зэтезгъэувэжын слъэкIынущ». Дин пашэшхуэр къэтэджри, Абы еупщIащ: «Сыт зыри щIыжумыIэр? Мы лIыхэм уэ къыптралъхьэр сыт?» Ауэ Хьисэ зыри жиIакъым. Дин пашэшхуэр Хьисэ къеупщIащ: «СынолъэIу, гъащIэр зи IэрыкI Тхьэм и цIэкIэ къыджеIэ, уэра Мэссихьу Тхьэм и Къуэр?»

Хьисэ абы жреIэ: «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ. Сэ нывжызоIэ, иджы къыщыщIэдзауэ лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ Тхьэм и ижьырабгъумкIэ къыщысрэ, пшэхэм яхэту, къакIуэу флъагъунущ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр».

Ар щызэхихым дин пашэшхуэм и щыгъынхэр зэфIитхъри жиIащ: «Тхьэр игъэпцIащ! Сыт нэгъуэщI щыхьэт дыщIыхуеижыр? Мис, Тхьэр зэригъэпцIар зэхэфхащ. Дауэ феплърэ?» Абыхэми жэуап къатыжащ: «УкI хуэфащэщ».

Хьисэ и напэм щIэубжьытхэри, IэштIымкIэ еуащ ахэр. НэгъуэщIхэри енэпэфауэурэ, мыпхуэдэу жаIащ: «Мэссихь, убегъымбармэ, уэ къоуар хэтми къыджеIэт».

Петр пщIантIэм дэст, лIыщIэхэм яхэтIысхьауэ мафIэ зригъэууэ. Жэщыр щIыIэт. Зы унэIут хъыджэбз абы къыбгъэдыхьэри къыжриIащ: «Галилей щыщ Хьисэ уригъусэу щытащ уэри». Ауэ ар идакъым, и тхьэкIумэ иригъэхьакъым, мыр жиIэри: «Хьэуэ, уэ жыхуэпIэр сщIэркъым». Ар пщIантIэм къыщыдэкIыжым, нэгъущI унэIут хъыджэбз гуэрми ар къилъагъури, абдеж щытхэм яжриIащ: «Мы лIыри Назарет щыщ Хьисэм и гъусэу щытащ». Аргуэру абы идакъым, тхьэ иIуащ Хьисэ и мыгъусауэ, имыцIыхуххэу. Заул дэкIауэ, абдеж щытхэр къыбгъэдыхьэхэри, Петр къыжраIащ: «Пэж дыдэу, уэри абыхэм уащыщщ, уи псэлъэкIэм ар нахуэ къещIри». ИтIанэ тхьэ яфIиIуэрт абы Хьисэ щIымыгъуауэ, Ар имыцIыхуу. Асыхьэтым джэд Iуащ.

Петр игу къэкIыжащ Хьисэ къыжриIауэ щыта псалъэхэр Петр: «Джэд мыIуэ щIыкIэ, сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ». Ар игу къыщыкIыжым, пщIантIэм дэкIри, игу хэщIу гъащ Петр.

МАТТЭ 26:58-75

## ПИЛАТ И ПАЩХЬЭМ ХЬИСЭ ЗЭРЫРАШАР

«Нэху зэрыщу дин пашэшхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэчэнджэщыжри, Хьисэ укI тралъхьэну мурад ящIащ. Хьисэ япхри, Понтий Пилат Iэтащхьэм IэщIалъхьащ.» (Мт 27:1).

«Журтхэр щIыхьакъым преторием (Пилат хамэм и унэм), зауфIеину хуейтэкъыми. Пилат абыхэм я деж къыщIэкIри, жиIащ: 'Мы лIыр сыткIэ вгъэкъуаншэрэ?' Абыхэм абы жэуап иратыжащ: 'Мы лIым щIэпхъаджагъэ ищIауэ щымытамэ, уи деж къэтшэнутэкъым'» (Ин 18:28-30). «Хьисэ ягъэкъуаншэу щIадзэри, мыпхуэдэу жаIащ: 'Мы лIым ди лъэпкъыр зэИщIэу, кесарым хьэкътын ахъшэр ярыримыгъэту, Езым Мэссихь пащтыхь зыхужиIэжу дубыдащ'» (Лк 23:2). «Пилат аргуэру преторием щIыхьэжщ, Хьисэ къригъашэри жриIащ: 'Журтхэм урапащтыхь?' Абы Хьисэ жриIащ: 'Сэ си пащтыхьыгъуэр мы дунейм щыщкъым; Си пащтыхьыгъуэр мы дунейм щыщу щытатэмэ, журтхэм саIэщIэмыхуэн щхьэкIэ, къысхуэлажьэхэр схуэзэуэнт...' Пилат Хьисэ еупщIащ: 'АтIэ упащтыхь?' Хьисэ жиIащ: 'Сэ сыкъыщIэхъуари мы дунейм сыкъыщIытехьари щыпкъагъэм щыхьэт сытехъуэну аращ. Щыпкъагъэм и ужь ит дэтхэнэри си макъым къедэIуэнущ'. Пилат абым къыжриIащ: 'Щыпкъагъэу жыхуэпIэр сыт?' (Ин 18:33-38).

Ирод зипщ хэкум Хьисэ зэрыщыщыр къыщищIэм Пилат, Ирод деж Хьисэ иригъэшащ, а махуэ дыдэхэм Ирод пщыр Ерусалим къэкIуауэ щыIэти. Ирод...куэдкIэ Хьисэ къеупщIащ, ауэ Хьисэ абы зы жэуапи иритыжакъым. Абдежым щыт дин пэшэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ хуабжьу ягъэкъуаншэрт. ИтIанэ Ирод Пилат деж иригъэшэжащ Хьисэ. Пилатрэ Иродрэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ а махуэ дыдэм. Абы и пэкIэ зэбийуэ щытащ. Пилат Iэтащхьэм дин пашэшхуэхэри, адрей тхьэмадэхэу Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщхэри, цIыхухэри зэхуишэсри, яжриIащ: 'Мы лIым цIыхухэр зэIищIэу жыфIэу къысхуэфшащ. Фи пащхьэм абы сыщеупщIащ, ауэ зэрывгъэкъуаншэмкIэ лажьэ иIэу езгъуэтылIакъым' ... Лъэхъуэщым щIэсхэм ящыщ Пилат IутIыж махуэшхуэм и хьэтыркIэ цIыхухэм къахуитIыпщыжын хуейуэ хабзэу щытащ. ЦIыхухэм зэрыгъэгуоууэ щIадзащ: 'Ар укIыпхъэщ! Вараввэ къытхуэутIыпщыж'. А Вараввэ зи цIэр къалэм дэсхэр къызэрызэщIиIэтам икIи цIыху гуэр зэриукIам щхьэкIэ, лъэхъуэщым щIадзауэ щытащ. Пилат Iэтащхьэм Хьисэ къиутIыпщыжыну хуейти, аргуэру цIыхухэм захуигъэзэри къепсэлъащ. Ауэ ахэр зэрыгъэгуоурт: 'Жорым еIулI! Жорым еIулI' ... икIи я кIий макъымкIи зыхуейр зрагъэхъулIащ» (Лк 23:7-23).

## И ЖОРЫР ИХЬУ...

«Пилат зауэлIхэм Хьисэ яригъэубыдри, щIопщкIэ иригъэуащ абы и ужькIэ. ЗауэлIхэм банэм къыхэщIыкIауэ пащтыхь таж яблэри, Хьисэ и щхьэм фIалъхьащ. Абэ плъыжь-фIыцIафэ кIыхь щатIэгъащ. Къыбгъэдыхьэри къыщIэнакIэрт зауэлIхэр: 'Упсэу, журтхэм я пащтыхь!' ИтIанэ абы енэпэфауэрт. Преторием къыщIэкIыжри, Пилат журтхэм яжриIащ: 'Зэрызгъэкъуэншэн зыри зэрезмыгъуэтылIар фщIэн щхьэкIэ, езыр къыфхущIызош'. Хьисэ щалъагъум, дин пашэшхуэхэмрэ хъумакIуэхэмрэ зэрыгъэкIиящ: 'Жорым еIулI! Жорым еIулI!' Пилат яжриIащ: '... сэ зэрызгъэкъуэншэн лъэпкъ езгъуэтылIакъым'. Журтхэм къыжраIэжащ: '...а ди хабзэм тету лIэн хуейщ ар, Тхьэм и Къуэу зэрызигъэIуам щхьэкIэ'. Ар щызэхихым, Пилат хуабжьу къэшынащ. Преторием щIыхьэжри, Хьисэ жриIащ: 'Уэ дэнэ ущыщ?' Хьисэ жэуап кърітыжакъым. Пилат Хьисэ жриIэжащ: 'Уэ укъызэпсэлъэну ухуэмейуэ, ара? УзутIыпщыжынуи жорым урезгъэIулIынуи лъэкIыныгъэ зэрызиIэр пщIэркъэ?' Хьисэ жэуап къитыжащ: 'Ди щхьэщыгу ит Тхьэм къуимытатэмэ, зыри къызэпщIэну лъэкIыныгъэ уиIэнтэкъым'. Абы къыщыщIэдзауэ, Хьисэ зэриутIыпщыжыным и ужь итащ Пилат». Абы «Хьисэ къыщIишри хеящIэ тIысыпIэм тетIысхьащ. Пилат журтхэм яжриIащ: 'Мис фи пащтыхьыр!' Ауэ ахэр зэрыгъэкIиящ: 'Iуш, Iуш, ар жорым еIулI!'» (Ин. 19:1-14).

Пилат Вараввэ къргъэутIыпщыжыну икIи Хьисэ ирагъэгъэкIуэдыну, дин пашэшхуэхэмрэ нэхъыжъхэмрэ цIыху гупышхуэм жраIащ... Пилат абыхэм еупщIащ: 'МэссихькIэ зэджэ Хьисэ сыт есщIэнур?' Псоми жаIащ: 'Жорым еIулI!' Пащтыхьым къажриIащ: 'Абы сыт щIэпхъаджагъэу ищIар?' Ауэ ахэр нэхъ ину къызэрыгъэкIиящ: 'Жорым еIулI!' Пилат, зыри хищIыхьыжын хузэфIэмыкIыу, цIыхухэм нэхъ зэрызехьэ зэрыхъуар щилъагъум, псы къищтэщ, цIыхухэм я пащхьэм и Iэхэр щитхьэщIри, жиIащ: 'Мы лIыуэ щыпкъагъэ зигу илъым и лъыр сэ къыстехуэркъым. Абы и лъыр фэращ зытехуэр'. ЦIыху псоми жаIащ: 'Абы и лъыр дэри ди бынхэми къыттрырехуэ!' Пилат Вараввэ къахуиутIыпщыжащ, зауэлIхэр щIопщкIэ иригъэауэри, Хьисэ жорым ираIулIыну яIэщIилъхьащ» (Мт. 27:19-26).

ЗауэлIхэм «Хьисэ здашэри, IукIыжащ. Хьисэ, и жорыр ихьурэ, къалэм дэкIри '?хьэ къупщхьэ' жыхуаIэ щIыпIэм кIуащ. А щIыпIэм журтыбзэкIэ Голгофэщ зэреджэщ» (Ин. 19:16-17). «ЦIыху гупышхуэ Хьисэ кIэлъыкIуэрт» (Лк. 23:27).

## ХЬИСЭ ЖОРЫМ ЗЭРЫРАIУЛIАР

«Хьисэ щIыгъуу жорхэм ираIулIыну бзаджащIитI дашащ. 'Щхьэ къупщхьэ' жыхуаIэ щIыпIэм щынэсым, Хьисэ жорым щраIулIащ абдеж. БзаджащIитри Хьисэ щIыгъуу жорхэм ираIулIащ. Хьисэ жиIэрт: 'Си Адэ! Къахуэгъэгъу абыхэм, ялэжьыр зи щIысыр къагурыIуэркъым' (Лука 23:32-34).

«ЗауэлIхэм Хьисэ жорым щраIулIым, и щыгъынхэр ящтэри, дэтхэнэ зауэлIми зы Iыхьэ иратурэ, IэхьиплIу ягуэшащ (Иуан 19:23).

«Абдежым щыта цIыхухэм ялъэгъуащ а псор. Тхьэмадэ Хэсэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм дыхьэшхыурэ мыпхуэдэу жаIащ: 'НэгъуэщI цIыхухэр мыкIуэдэу къригъэлащ. Езыр Тхьэм къыхиха Мэссихьыр арамэ, мыкIуэду зыкърырегъэлыж'. ЗауэлIхэми, Хьисэ къыжраIащ: 'Уэ журтхэм урапащтыхьыр пэжмэ, умыкIуэду зыкъегъэлыж'... Абдежым щраIулIа бзаджащIитIым я зым, Хьисэ къыщIэнакIэри, жиIащ: 'Уэракъэ Мэссихьыр? Уэри дэри дымыкIуэду дыкъегъэл!' Адрей лIыр абы егиящ: 'Уэ Тхьэм ущышынэркъэ? Мы лIым тращIыхьа хьэкумыр уэри къыптращIыхьакъэ? Дэ тхуэфащэщи дагъэпшынэж. ЩIэпхъаджагъэу тщIам яхуэфащэр дагъэгъуэтыж. Ауэ мы лIым мыхъуну зыри ищIакъым'. ИтIанэ жиIащ: 'Хьисэ, уи Тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ, уигу сыкъэгъэкIыж'. Хьисэ а лIым жриIащ: 'Пэжыр ныбжызоIэ, жэнэтым ущызигъусэнущ нобэ'(Лука 23:35-43).

«Шэджагъуэм къыщыщIэдзауэ сыхьэтыр щым нэсыху а къэралыр зэрыщыту кIыфIыгъэм щIиуфащ. Сыхьэтыр щым Хьисэ макъ хэIэтыкIакIэ джащ: 'Или, или, ламэ савахфани?' (Абы къикIыр 'Уэ си Тхьэ, уэ си Тхьэ, утыкум си закъуэу щхьэ сыкъибна?') ...Абыхэм ящыщ гуэр бгъэдэлъадащ серчэ Хьисэ хуишиящ, щIигъэфыну...» (Маттэ 27:45-49). Серчэм щIэфа нэужь, Хьисэ жиIащ: 'Си лэжьыгъэр нэзгъэсащ!' (Иуан 19:30).

«Хьисэ макъ хэIэтыкIакIэ жиIащ: 'Си Адэ, си псэр уи IэмыщIэ изолъхьэ». А псалъэхэр жиIэри, и псэр итащ' (Лука 23:46).

«Тхьэм и унэшхуэ кIуэцIым фIэлъ Iупхъуэр и щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъабжьэм нэс тIууэ къызэгуэтхъащ абы ирихьэлIэу. ЩIыри къэхъеящ. Мывэхэри зэгуэудащ. Кхъэлэгъунэхэр къызэIуха хъури, Тхьэм и цIыху лъапIэу лIауэ щытахэм ящыщ куэд къэтэджыжащ. Ахэр кхъэлэгъунэхэм къыщIэкIыжащ икIи Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, къалэ лъапIэу Ерусалим дыхьэри, цIыху куэдым зыкърагъэлъэгъуащ. Дзэ пашэмрэ абы и гъусэу Хьисэ зыхъумэу щытахэмрэ щIыр зэрыхъейри мо къэхъу псори щалъагъум, хуабжьу къэшынауэ жаIащ: 'ИпэжыпIэкIэ мыр Тхьэм и Къуэу щытащ' (Маттэ 27:51-54).

## ХЬИСЭ И ХЬЭДЭР ЗЭРЫЩIАЛЪХЬАР

Мэрем махуэрат Хьисэ щылIар. Щэбэт махуэр махуэшхуэти, журтхэр Пилат Iэтащхьэм деж кIуащ, жорхэм ираIулIахэм я лъэдийхэр зэпауда нэужь, жорхэм къыфIахыжын щхьэкIэ, хуит зыкърагъэщIыну – хьэдэхэр жорхэм фIэлъ хъунутэкъыми щэбэт махуэм. Iэтащхьэм хуит къищIа нэужь, зауэлIхэр кIуэри, бзаджащIытIым я лъэдийр зэпаудащ. Хьисэ щыбгъэдыхьэм, гу лъатащ Ар зэрылIам, абы къыхэкIкIэ и лъэдийр зэпаудакъым. Ауэ зауэлIхэм ящыщ зы Хьисэ и дзажэм бжыкIэ епыджащ; уIэгъэм псырэ лъырэ къижащ. Тхыгъэ ЛъапIэм зэритым хуэдабзэущ ар къызэрыхъуар: «Иремыкъутэ Абы и къупщхьэр» (2 Мусэ 12:46). Зэчрей бегъымбарми жиIэгъат: «Еплъынухэщ Зэпыджам».

Абы и ужькIэ Пилат деж кIуащ цIыху къулей, цIыху цIэрыIуэ гуэр - Аримафей жылэм щыщ Исуф; ар Тхьэмадэ Хасэшхуэм (синедрионым) хэтт. Журтхэм ящыщынэрти, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр ибзыщIырт абы. Хьисэ и хьэдэр жорым къыфIригъэхыжыну елъэIуащ Исуф Iэтащхьэм. Пилат хуит ищIащ ар. Синедрионым щыщ нэгъуэщI зыи, Никодим къэкIуащ; жэщым Хьисэ деж къэкIуат ар. Абы мэ гуакIуэ къызпих дагъэ литрищэ хуэдиз къыздихьащ. Дагъэр джэбын къабзэм тракIащ абыхэм, журтхэм я хабзэм ипкъ иткIэ, ар Хьисэ и хьадэм кърашэкIащ. Хьисэ жорым щраIулIа щIыпIэм пэмыжыжьэу жыг хадэ итт, хадэм хьэдэ зыщIалъхьэ бгъунщIагъ хэтт. Исуфрэ Никодимрэ Хьисэ и хьэдэр а кхъэлэгъунэым щIалъхьащ, щIыхьэпIэм мывэшхуэ Iуалъхьэжащ.

Щэбэт махуэм дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ Iэтащхьэ Пилат деж къакIуэри, Хьисэ папщIэ къыжраIэу щIадзащ: «Зиусхьэн! А пцIыупсыр щыпсэум щыгъуэ, 'Махуищ нэужьым лIахэм сакъыхэтэджыкIыжынущ' зэрыжиIэгъар дигу къэкIыжащ. Аращи, ещанэ махуэм нэсыху кхъэлэгъунэм хуэсакъыурэ яхъумэну унафэ щIы. Армыхъумэ, и гъуэгу ирикIуэхэр къэкIуэнурэ, и хьэдэр ядыгъужынущ икIи цIыхухэм жраIэнущ: 'Ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ'. А и ужьрей дыдэ пцIыр япэрей пцIым нэхъри нэхъейж хъунущ ар». Хуит зыкърагъэщIри, ахэр кIуэри кхъэлэгъунэм хъумакIуэхэр бгъэдагъэуващ, щIыхьэпIэм Iулъ мывэми мыхъур традзащ.

МАТТЭ 27:62-66; ИУАН 19:31-42

*Лирта - Хьисэ Мэссихь и зэманым щыIа рим пщалъэ, грамм 350-рэ хуэдиз мэхъу. Литрищэр килограмм 35-рэ мэхъу.*

## ХЬИСЭ ЛIАХЭМ КЪАЗЭРЫХЭТЭДЖЫКIЫЖАР

Щэбэт махуэр блэкIа нэужь, жэщым щIыр инэу хьеящ, сыту жыпIэмэ Зиусхьэным и мелыIычыр уафэм къехри, кхъэлэгъунэм и щIыхьэпIэм Iулъ мывэр IуигъэкIуэтащ, икIи Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь лIахэм къахэтэджыкIыжри, кхъэлэгъунэм къыщIэкIыжащ!

УафэхъуэпскIым ещхьт мелыIычым и теплъэр, абы и щыгъыныр уэс хуэдэ хужьыбзэт. Абы игъащтэри, кхъэлэгъунэр зыхъумэхэм, я псэр IукIауэ, щIым зыхадзащ. ЗыкъащIэжа нэужь, ахэр къалэм дыхьэжри, я нэгу щIэкIар дин пашэшхуэхэм хуаIуэтэжащ. Тхьэмадэхэр зэхуашэсри, зэчэнджэщащ дин пашэшхуэхэр, зауэлIхэм ахъшэ куэд иратащ, мыр жраIэри: «Жэщым дэ дыщыжейм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къакIуэри, и хьэдэр ядыгъужащ, жыфIэн хуейщ. А хъыбарыр Iэтащхьэм щызэхихкIэ, дэ дгъэсабырынщ, фэри зыри къывжимыIэну тщIынщ». ЗауэлIхэм ахъшэр ящтэри, къызэрыжраIам хуэдэу ящIащ.

Нэхущым апостол Иуанрэ Екъубрэ я анэ Саломие, Екъуб ‘нэхъыщIэмрэ’ Иошиерэ я анэр Мэрием, икIи Магдалэ жылэм щыщ Мэрием сымэ кхъэлэгъунэр зэрыт хадэм кIуащ, Хьисэ и хьэдэм мэ гуакIуэ къызыпих дагъэ лъапIэхэр щахуэн щхьэкIэ.

Хадэм щыкIуэм, ягу къеуэу, абыхэм жаIэрт: «Кхъэлэгъунэ щIыхьэпIэм Iулъ мывэшхуэр хэт къытхуIуигъэукIуриикIын?» Кхъэлэгъунэм щыбгъэдыхьэм, бзылъхугъэхэм къалъэгъуащ мывэр IугъэукIуриикIауэ; а мывэр езыр ин дыдэт. Кхъэлэгъунэм щыщIыхьэм, абыхэм къалъэгъуащ щыгъын хужьыбзэкIэ хуэпа мелыIычыр. Бзылъхугъэхэр къэщтащ, ауэ мелыIычым къажриIащ: «Фымыгузавэ! Жорым ираIулIа Хьисэ фызэрылъыхъуэр сощIэ. Ар мыбдежым щыIэжкъым. ЗэрыжиIам хуэдэу, ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ. Фыбгъэдыхьи, Зиусхьэныр здэщылъа щIыпIэм феплъ. ИкIи фэ псынщIэу фыкIуи, абы и гъуэгу ирикIуэхэм яжефIэ Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар...»

Кхъэлэгъунэм псынщIэу къыщIэкIыжри, бзылъхугъэхэр



шынагъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ хэту щIэпхъуащ Мэссихь лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам и хъыбарыр Абы и гъуэгу ирикIуэхэм хуаIуэтэн папщIэ.

МАТТЭ 28:1-8; МАРК 16:1-7; ЛУКА 24:1-7

## ХЬИСЭ ПСЭУЩ

Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар Абы и гъуэгуирикIуэхэм жраIэн щхьэкIэ, пIащIэу здэкIуэм, Хьисэ цIыхубзхэм гъуэгум къащыIущIэри, къажриIащ: «Фыпсэу». Ахэр Хьисэ бгъэдыхьэри, Абы щхьэщэ хуащIащ. Хьисэ яжриIащ: «Фымышынэ! ФыкIуэ, хъыбар евгъащIэ си къуэшхэм» (н.ж. и гъуэгу ирикIуэхэм)...

И гъуэгу ирикIуэ пщыкIузым я деж кIуэри, Хьисэ къэхъужауэ зэралъэгъуар абыхэм жраIащ цIыхубзхэм. Ауэ зигу зэщыуауэ, нэщхъейуэ зэхэс и гъуэгу ирикIуэхэм я фIэщ хъуакъым бзылъхъугъэхэм къыхуахьа хъыбарыр, ар нэпцI къащыхъуащ.

ИтIани, Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам и хъыбарыр щызэхахым, Петррэ Иуанрэ кхъэлэгъунэм жащ. Зэхахар я нэкIэ ялъагъуным хуэпабгъэрт ахэр. Дин егъэджакIуэм хуаIэ лъагъуныгъэм и мафIэр щыблэрт абыхэм я гум, ауэ я нэгу щIэкIам гуауэщхьауэ ищIауэ нэщхъейт. Абыхэм ягугъат Хьисэ мы дунейм щыщ зы къэралыгъуэшхуэ гуэрым и пащтыхь хъуну, Хьисэ зи гугъу къахуищIа Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр зищIысри къагурыIуэн ялъэкIыртэкъым. Абыхэм Хьисэ зэхащIыкIакъым, Абы мыр къащыжриIам: «Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр фи гум илъщ».

Петр нэхърэ нэхъ псынщIэу Иуан жэрти, япэ ищри, нэсащ Хьисэ зыщIэлъа кхъэлэгъунэм. Зигъэщхъри, кхъэлэгъунэм щIэплъаш ар, джэбынхэр къилъэгъуащ, ауэ кхъэлэгъунэм щIыхьакъым, Петр пэплъэрти.

Абы и ужь иту къэсащ Петр кхъэлэгъунэм. Кхъэлэгъунэм щыщIыхьэм, Хьисэ и хьэдэр къешэкIауэ щыта джэбынри Хьисэ и щхьэм ешэкIауэ щыта джэбыныри илъэгъуащ абы. Кхъэлэгъунэм щIыхьэри, Иуани илъэгъуащ кхъэлэгъунэ нэщIым илъ хьэдэ джэбыныр. Абдежым аби и фIэщ хъуащ Зиусхьэныр пэж дыдэу къызэрыхъужар. Тхыгъэ ЛъапIэм итыр - Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынынур ящIэртэкъым иджыри.

МАТТЭ 28:8-10; ЛУКА 24:9-11; ИУАН 20:3-9

## ЭММАУС ЖЫЛЭМ КIУЭ ГЪУЭГУР

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщитI Ерусалим пэмыжыжьэ Эммаус жылэм кIуэ гъуэгум тетт а махуэ дыдэм. Гъуэгу здытетым, ахэр иужьрей махуэхэм къэхъуа Iуэхухэм тепсэлъыхьырт. Езы Хьисэ къабгъэдэкIуатэри, ядэкIуащ, ауэ абыхэм Ар къацIыхужакъым.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ: «Гъуэгум фытету сыт фызытепсэлъыхьыр? ФыщIэнэщхъейри сыт?» Абыхэм ящыщ зым, Клеопа зи цIэм, Хьисэ къыжриIащ: «Ерусалим дэсхэм ящыщу абы мы махуэхэм къыщыхъуар зымыщIэр уэ зызакъуэрауэ къыщIэкIынущ?». Хьисэ абыхэм еупщIащ: «Сыт къыщыхъуауэ жыхуэфIэ Iуэхухэр?» И гъуэгу ирикIуэхэм жэуап ятыжащ: «Назарет щыщ Хьисэ къыщыщIарщ зи гугъу тщIыр. Тхьэми цIыху псоми я дежкIэ ар и псалъэхэмкIи илэжьа IуэхухэмкIи лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ бегъымбару щытащ. Дин пашэшхуэхэмрэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм и тхьэмадэхэмрэ укI трырагъэлъхьэн щхьэкIэ, ар Пилат Iэтащхьэм IэщIагъыхьэри, жорым ирырагъэIулIащ. Израил лъэпкъым щхьэхуитыныгъэ къритынкIэ дыщыгугъырт Абы. А псори къызэрыхъурэ нобэ махуэ ещанэщ, ди цIыхубзхэм ящыщ гуэрхэми хъыбар гъэщIэгъуэн къытхуаIуэтащ. Ахэр пщэддджыжьым жьыуэ кхъэлэгъунэм кIуат, ауэ Хьисэ и хьэдэр ягъуэтыжакъым. Къыщагъэзэжым, мелыIычитI къахуэкIуэри абыхэм Хьисэ псэууэ къыжраIауэ къыджаIэжащ. Дэ тщыщ гуэрхэр кхъэлэгъунэм кIуати, цIыхубзхэм зэрыжаIам хуэдэу ирахьэлIащ, ауэ езы Хьисэ ялъэгъуакъым».

Хьисэ абыхэм яжриIащ итIанэ: «Сыту фызэхэщIыкIыншэ, бегъымбархэм жаIэгъа псори фи фIэщ хъун щхьэкIэ сыту гугъу фехьрэ! И щIыхьышхуэр иIэ хъун папщIэ, абы нэсыху мы гугъуехьхэр ишэчын хуеякъэ Мэссихь?» Муси адрей бегъымбар псоми я деж къыщыщIэдзауэ Тхьэм и псалъэ тхахэм Езым теухуауэ хэтхэр ягуригъэIуащ Хьисэ. Псалъэурэ, ахэр здэкIуэ жылэм нэблэгъащ, икIи Абы къелъэIуащ: «Махуэр хэкIуэтащ, пщыхьэщхьэм нэблэгъакIэщи, ди гъусэу къанэ». Ар къыщыжраIэм, абыхэм ящIыгъуу унэм щIыхьащ Хьисэ.

Пщыхьэщхьэшхэ щышхэм щыгъуэ, Хьисэ щIакхъуэр къиштащ. Тхьэм фIыщIэ хуищIщ, зэгуищIыкIри яритащ. Абы ирихьэлIэу я нэхэр къэплъэжри, зэры-Хьисэр къацIыхужащ. КъацIыхужа нэужь, Хьисэ бзэхыжри, ялъагъужакъым. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм жаIащ итIанэ: «Гъуэгум дыщытетым, Хьисэ къыдэпсалъэурэ Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтхэр къыдгуригъаIуэ щыхъум, и псалъэхэмкIэ дигъэгуфIэрэ, дигухэр мафIэм хуэдэу къызэщIигъэнауэ щытакъэ?»

ЛУКА 24:13-32

## ХЬИСЭ И ГЪУЭГУ ИРИКIУЭХЭМ ЗАКЪЫЗЭРЫРИГЪЭЛЪЭГЪУАР

Эммаус жылэм щыкIуэм щыгъуэ къаIущIа Хьисэ Абы и гъуэгу ирикIуэ цIыхуитIым ямылъагъуж щыхъум, асыхьатым ахэр къэтэджри Ерусалим кIуащ. Абдежым щахуэзащ апостол пщыкIузым, абыхэм хуаIуэтэжащ гъуэгум къащыщехъулIар, щIаккхъуэр щызэгуищIыкIым, Хьисэ къызэрацIыхужари жраIащ.

Ахэр мы Iуэхухэм щытепсэлъыхьым, езы Хьисэ яхуэувэри, яжриIащ: «Фигу ирезагъэ!» АпхуэдизкIэ шынэрти, ягухэр щIэхуащ, хьэдрыхэпсэ ялъагъуу къафIэщIащ. Ауэ Хьисэ къажриIащ: «Сыт фыщIэгузавэр? Сыт фи гум шэч къыщIихьэр? Си Iэхэми си лъакъуэхэми фыкъеплъ. Сэр дыдэращ мыр. ФыкъыстеIэби, феплъ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хьэдрыхэпсэм фэи, лыи, къупщхьи иIэкъым, сэ сиIэу зэрыфлъагъум хуэдэу». Ар къажриIэри, Абы уIэгъэ зытелъ и Iэхэри и лъакъуэхэри яригъэлъэгъуащ.

ГуфIэгъуэшхуэм къыхэкIыу я фIэщ мыхъуу ягъэщIагъуэ щыхъум, яжриIащ: «Мыбдежым шхын гуэр щывиIэу пIэрэ?» Ар щыжиIэм, бдзэжьей гъэжьа ныкъуэ къратащ. Ар къаIихри, я пащхьэм щышхащ. Хьисэ абыхэм яжриIащ итIанэ: «Сыщывигъусам нывжесIауэ щытар мыращ: Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэми, адрей бегъымбархэм я тхылъхэми, Сабурми сэ къыстеухуауэ ит псори къысщыщIурэ пэж хъун хуейщ. Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ: Мэссихь гугъуехь ишэчын, лIэуэ, ещанэ махуэм лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ. Ерусалим къыщыщIэдзауэ дунейм тет лъэпкъ псори хиубыдэу, сэ, Мэссихьым, си цIэкIэ цIыхухэр мы хъыбарым щрагъэдэIуэнущ: Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, Тхьэм ахэр къыфхуигъэгъунущ. Фэ а Iуэху псоми фрищыхьэтщ. ФыкъэдаIуэ, си Адэм фыкъызэригъэгугъар къыфхуезгъэхынущ. Ауэ уафэм къикIыу къару къыфхуехыху, Ерусалим къалэм фыкъыдэнэ».

Тхыгъэ ЛъапIэр къазэрыгурыIуэн акъыл Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къахилъхьащ абы щыгъуэ.

ЛУКА 24:33-49

## «ФIЫУЭ СЫКЪЭПЛЪАГЪУРЭ СЭ?»

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм Тивериадэ гуэлым деж аргуэру закъыщ-ригъэлъэгъуащ абы и ужькIэ. Ар зэрыхъуар мыпхуэдэущ:

«Симон Петр, ТIолъхуэныкъуэкIэ зэджэ Фомэ, Галилей хэкум ит Канэ жылэм щыщ Нафанаил, Зеведей и къуитIыр, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ нэгъуэщI лIитI зэгъусэт. Симон Петр адрейхэм яжриIащ: 'Бдзэжьей сещэну сокIуэ'. Адрейхэм къыжраIащ: 'Дэри уи гъусэу дынэкIуэнущ'. ИтIанэ ежьэщ, кхъуафэжьейм итIысхьэри кIуащ, ауэ а жэщым зыри къаубыдакъым.

Нэху щыщм, Хьисэ псы Iуфэм Iутт, ауэ ар зэры-Хьисэр и гъуэгу ирикIуэхэм къацIыхужакъым. Хьисэ яжриIащ: 'Ныбжьэгъухэ, бдзэжьей къэвубыда?' Абыхэм къыжраIэжащ: 'Хьэуэ, зыри къэдубыдакъым'. Хьисэ абыхэм яжриIащ: 'Кхъуафэжьейм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ хъыр хэвдзи, къэвубыдынущ'. Ар щажриIэм, хъыр хадзэри, хъым апхуэдизкIэ бдзэжьей куэд къихьати, къыхахыжын яхузэфIэкIакъым. И гъуэгу ирикIуэхэм Хьисэ нэхъ и щIасэм Петр жриIащ: 'Мыр Зиусхьэныращ' ...Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр бдзэжьей зэрылъ хъыр къыздалъэфурэ, кхъуэфэжьеймкIэ къэсащ. Ахэр псы Iуфэм пэжыжьэтэкъым. Псы Iуфэм къыщысым, фIамыщI мафIэр зэщIэгъэнауэ, абы бдзэжьей пэрылъу, щIакхъуи бгъэдэлъу ялъэгъуащ...

Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, и гъуэгу ирикIуэхэм абдеж ещанэрейуэ закъригъэлъэгъуауэ арат.

Шха нэужь, Хьисэ Симон Петр жриIащ: 'Уэ, Симон, Иуан и къуэ, мыбыхэм фIыуэ сызэралъагъум нэхърэ нэхъыфIыжу сыкъэплъагъурэ?' Петр абы къыжриIащ: 'АтIэ, Зиусхьэн. Сэ уэ фIыуэ узэрыслъагъур уощIэ'. Хьисэ абы жриIэжащ: 'Си щынэхэр гъэхъу'. Хьисэ етIуанэу еупщIащ: 'Симон, Иуан и къуэ, фIыуэ сыкъэплъагъурэ?' Петр къыжриIэжащ: 'АтIэ, Зиусхьэн! ФIыуэ узэрыслъагъур уощIэ'. Хьисэ жиIащ: 'Си мэлхэм мэлыхъуэ яхуэхъу'. Ещанэу Хьисэ Петр жриIащ: 'Симон, Иуан и къуэ, фIыуэ сыкъэплъагъурэ?' 'ФIыуэ сыкъэплъагъурэ?' жиIэу, Хьисэ ещанэу къызэреупщIар Петр и жагъуэ хъуауэ, къыжриIэжащ: 'Зиусхьэн, уэ псори уощIэ. ФIыуэ узэрыслъагъури уощIэ'. Хьисэ жиIащ: 'Си мэлхэр гъэхъу'.

'Си щынэхэр гъэхъу', 'Си мэлхэр гъэхъу' псалъэхэмкIэ Хьисэ Петри адрей цIыхуу и гъуэгу ирикIуэхэми я пщэ делъхьэ ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхуэсакъыну. 'Сэ фIыуэ сыкъэплъагъурэ?' - псалъэхэмкIэ щэнейрэ къыщIеупщIар Петр щэнейрэ Хьисэ имыцIыхуу жиIауэ зэрыщытарагъэнущ.

Уэ фIыуэ плъагъурэ Хьисэ?

ИУАН 21:1-17

## ХЬИСЭ МЭССИХЬ УАФЭМ ЗЭРЫДЭКIУЕИЖАР

ЛIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, Хьисэ махуэ плIыщIым къриубыдэу апостолхэм куэдрэ закъригъэлъагъурт икIи Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхухэм теухуауэ яхутепсэлъыхьырт.

ИкIэм-икIэжым Абы ахэр зэхуишэсри къажриIащ: «ФыдэмыкI Ерусалим къалэм, ауэ зи гугъу фхуэсщIауэ, Адэ лъапIэм фызэригъэгугъам фыпэплъэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Иуан цIыхухэр псыкIэ иумэхъыу щытащ, ауэ махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, Тхьэм Езым и Псэ ЛъапIэмкIэ фиумэхъынущ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыщыфхуехкIэ, лъэкIыныгъэ фиIэ хъунурэ, Ерусалим къалэми, Иудей, Самарие хэкухэми дунейм и кIэм нэсыху щыхьэт фыкъыщысхуэхъунущ... Дуней псор къэфкIухьурэ, цIыху псори хъыбарыфIым евгъэдаIуэ. Ар зи фIэщ хъууэ псымкIэ зезыгъэумэхъыр Тхьэм мыкIуэду къригъэлынущ, ауэ зи фIэщ мыхъур Тхьэм игъэкъуэншэнущ. Мы нэщэнэхэр фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ядэфлъагъунущ: Сэ си цIэкIэ цIыхухэм жин бзаджэхэр къыхахунущ; ямыщIэ бзэхэмкIи псэлъэнущ, я IэхэмкIи блэхэр къаубыдынущ, ажал къызыхэкIын гуэр ефэкIи, зыри къащыщIынукъым; абыхэм я Iэхэр зытралъхьэ сымаджэхэр хъужынущ».

А псалъэхэр жиIа нэужь, Хьисэ абыхэм ялъагъуу Тхьэм уафэм дришеижащ. Пшэ къытехьэри, Хьисэ ямылъагъуж хъуащ. Хьисэ уафэм щыдэкIуеижым, я нэхэр траубыдауэ уафэм дэплъей апостолхэм я пащхьэм щыгъын хужькIэ хуэпа лIитI а зы напIэ зыпIэм къыщыхутащ. А лIитIым жаIащ: «Фэ, Галилей хэкум щыщ цIыхухэр! Мыбдежым фыщыту уафэм щхьэ фыдэплъейрэ? Тхьэм уафэм дришеижа Хьисэ уафэм дэкIуеижауэ зэрыфлъэгъуам хуэдабзэу къехыжынущ».

МАРК 16:15-19; АПОСТОЛХЭМ 1:13-11

## «ГЪУЭГУРИ, ЩЫПКЪАГЪЭРИ, ГЪАЩIЭРИ СЭРАЩ»

Мис Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь зыщIигъэджыкIыу щыта ущиехэм ящыщ зыбжанэ:

*Гъуэгури, щыпкъагъэри, гъащIэри сэращ; Си гъуэгу иримыкIуэмэ, Адэ лъапIэм деж зы цIыхуи кIуэн лъэкIынукъым* (Иуан 14:6).

*ЛIахэр къэзыгъэтэджыжу, гъащIэ езытыр сэращ; сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр лIэми, псэунущ (*Иуан 11:25).

*Дунейм Сэ сытетыху, дунейм и нэхур сэращ* (Иуан 9:5).

*ЦIыхухэм гъащIэ езыт щIакхъуэр сэращ. Си деж къакIуэр мэжэлIэжынукъым, сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр игъащIэкIэ псы хуэлIэжынукъым* (Иуан 6:35).

*ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэкIуар кIуэдыпIэ ихуа цIыхухэр къилъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлыну araщ* (Лука 19:10).

*Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхугъуэхэмрэ Тхьэм и щыпкъагъэмрэ я ужь фит япэщIыкIэ...* (Маттэ 6:33).

*Гузэгъэгъуэ къыфхузогъанэ, си гузэгъэгъуэр фызот: Гузэгъэгъуэу сэ фэстыр дунейм къывитын лъэкIынукъым. Фымыгузавэ икIи фымышынэ* (Иуан 14:27).

*ЦIыху ешаелIа, хьэлъэ уэндэгъу зытелъ псори, си деж фыкъакIуэ, гузэгъэгъуэ фэстынущи. Си бжьыр зытефлъхьэ, жысIэр зэвгъащIэ, Сэ сигур щабэщ икIи пагагъэ хэлькъыми. ПсэмкIэ гузэгъэгъуэ вгъуэтынущ итIанэ; си бжьыр шэчыгъуафIэщ, си хьэльэри уэндэгъукъыми* (Маттэ 11:28-30).

*...Сэ си псалъэхэм едаIуэу, сыкъэзыгъэкIуамкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъуащ. Тхьэм ар игъэкъуэншэнукъым, ар лIэныгъэм IэщIэкIыжри, гъащIэм IэщIыхьащ* (Иуан 5:24).

*Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъуащ, Къуэм емыдаIуэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэнукъым, Тхьэм и губжьыр къытехуэнущ абы* (Иуан 3:36).

*Си ужь зыгуэр къиувэну хуеймэ, езыр зыхуей Iуэхугъуэхэр къэрегъанэ, лIэныгъэм и жорыр махуэ къэс кърещти, сиужь къреувэ* (Лука 9:23).

*Дуней псор зы цIыхум ей хъуурэ, езыр кIуэдмэ, е и псэм зэран хуэхъумэ, а цIыхум и фIыуэ къыхухэкIынур сыт?* (Лука 9:25).

*Си гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр цIыхухэм я пащхьэм щыжызыIэ дэтхэнэри си гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр си Адэу уафэм щыIэм и пащхьэм сэри щыжысIэнущ. Си гъуэгу ирикIуэхэм ящымыщу цIыхухэм я пащхьэм щыжызыIэ дэтхэнэри си гъуэгу ирикIуэхэм зэращымыщыр си Адэу уафэм щыIэм и пащхьэм сэри щыжысIэнущ* (Маттэ 10:32-33).

*Уафэмрэ щIылъэмрэ кIуэдыжынущ, ауэ си псалъэхэр: кIуэдыжынукъым* (Лука 21:33).

# АПОСТОЛХЭМ Я IУЭХУЩIАФЭХЭР

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар ХъыбарыфIыр зытепсэлъыхь къэхъукъащIэхэращ - Хьисэ Мэссихь уафэм дэкIуеижын и пэ къихуа къэхъукъащIэхэрщ. А къэхъукъащIэхэр итщ ХъыбарыфIым и япэрей тхылъиплIым. А тхылъхэр зытхар Маттэ, Марк, Лука, Иуан сымэщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абыхэм ятхын хуейр ягу кърилъхьэри, яригъэтхащ.

ХъыбарыфIым и етхуанэ тхылъыр 'Апостолхэм я IуэхущIафэхэрщ'. 'IуэхущIафэхэм' къыщыгъэлъэгъуар чыристан фIэщхъуныгъэр Рим щIыналъэхэм – нобырей Израильым, Тыркум, Грецием, Италием я щIыналъэхэм зэрыщызэщIалъысарщ. 'Апостолхэм я IуэхущIафэхэм' нэхъыбэрэ узыщрихьэлIэр апостолхэу Петррэ Паулрэ я лэжьыгъэрщ, икIи, нэхъыщхьэжу, хамэ щIыналъэхэм апостол Паул щригъэкIуэкIа миссионер лэжьыгъэрщ.

Мыбдежым дигу къэдгъэкIыжын хуейщ: Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм и купщIэр журт лъэпкъым и тхыдэщ; Тхьэм и нэIэ а лъэпкъым тетщ; Езым и Къуэр, а лъэпкъым къыхэкIа Хьисэ Мэссихь къахуигъакIуэурэ дунейм лъэпкъыу тетым и нэфI ящыхуэну икIи ахэр къыригъэлыну Тхьэм и мурадщ.

Аращи, 'Апостолхэм я IуэхущIафэхэр' дэ щыдолъагъу Хьисэ Мэссихь жорым кIэрылIыхьыурэ цIыхухэр мыкIуэду къызэрыригъэлым и хъыбарым хамэ лъэпкъхэм я дежи зэрыщызиубгъур.

'ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтэжар' 'Апостолхэм я IуэхущIафэхэр', щIэныгъэфI зыбгъэдэлъа дохутыр Лука Хьисэ къалъхуа нэужь илъэс 63-рэ нэхъ дэмыкIыу итхауэ ялъытэ.

## ТХЬЭМ И ПСЭ ЛЪАПІЭР ХЬИСЭ И ГЪУЭГУ ИРИКІУЭХЭМ КЪАЗЭРЫХУЕХАР

Елеон Іуащхьэм дежщ Хьисэ уафэм щыдэкІуеижар. И гъуэгу ирикІуэхэм Ерусалим ягъэзэжащ итІанэ. Къалэм дыхьэжри, ахэр унэ лъагэм дэкІуеижащ. Абы щІэст цІыхубз зыбжани Хьисэ и анэ Мэриеми, Тхьэ елъэІуу. Иудэ и пІэкІэ епщыкІутІанэ апостолу хахащ Матфий зи цІэр.

Іутыжым и ужькІэ махуэ щэ ныцкъуэ дэкІа нэужь, гъавэр кърахьэлІэжауэ махуэшхуэти, (а махуэр журтхэм ягъэлъапІэрт икІи ЕтхущІанэ 'Пэнтэкост' махуэшхуэкІэ еджэрт) апостол пщыкІутІри зэхуэсащ, Тхьэм елъэІун щхьэкІэ зэгурыІуэри. НапІэзыпІэм жьапщэшхуэ макъым хуэдэу зы макъ уафэм къехри, ахэр зыщІэс унэм макъышхуэр щІэз хъуащ. МафІэм хуэдэу бзэгухэр къахуэлъэгъуащ. А бзэгухэмм загуэшри, абыхэм ящыщ дэтхэнэми зы бзэгу къытенащ. Тхьэм и Псэ ЛъапІэр а псоми я гум хуабжьу хыхьэри, хамэбзэхэмкІэ псалъэу щІадзащ.

Дунейм тет дэтхэнэ лъэпкъми щыщу Тхьэм и фІэлІыкІ зи гум илъ журтхэр Ерусалим дэст. А макъышхуэр къыщыІум, зыхуахьынур ямыщІэу, цІыху куэд зэхуэжэсащ; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ щхьэж и бзэкІэ ахэр псалъэу дэтхэнэми зэхихырт. Хуабжьу ягъэщІагъуэу жаІащ: «Мы къэпсалъэ цІыху псори Галилей хэкум щыщкъэ? Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ тщыщу дэтхэнэми и бзэкІэ ахэр къэпсалъэу зэхихын зэрыхъуар дауэ? Ди ди бзэхэмкІэ Тхьэм илэжьа Іуэхушхуэхэм я хъыбарыр къаІуатэу дэ псоми зэхыдох».

ЦІыху псоми ягъэщІагъуэу, зыхуахьынур ямыщІэу, жаІащ: «Сыт мы къэхъуар зи щІысыр?» Язынықъуэхэм абыхэм ящІэнакІэу жаІащ: «Ахэр санэ ІэфІ зэрегъэфащ..»

АПОСТОЛХЭМ 1:12-26; 2:1-13

## ПЕТР И УАЗ

Апостол пщыкIузыр щIыгъуу, Петр цIыхухэм я пащхьэ иувэри, ину жиIащ: «Фэ, си къуэш журтхэмрэ Ерусалим дэсхэмрэ, мы къыжысIэхэм федаIуэ. Фэ фызэригугъэм хуэдэу, мы лIыхэр чэфкъым. Мыбы къыщыхъуар Иоил бегъымбарыр мыпхуэдэу зытепсэлъыхьа Iуэхурщ. 'Тхьэм мыпхуэдэу жеIэ: Дунейм и иужьрей махуэхэм си Псэ ЛъапIэр цIыху псоми къахуезгъэхынущ. Си псалъэхэр фи къуэхэмрэ фипхъухэмрэ я гум къислъхьэнурэ, жезгъэIэнущ. Фи щIалэхэми Iуэхухэр къахуэзгъэлъэгъуэнущ, фи нэхъыжьхэми пщIыхьэпIэхэр езгъэлъагъунущ. А махуэхэм си IурыщIэ цIыхухъухэми цIыхубзхэми си Псэ ЛъапIэр къахуезгъэхынущ, си псалъэхэри я гум къислъхьэнурэ, жезгъэIэнущ... Абы щыгъуэ къыдэIэпыкъункIэ Зиусхьэным елъэIу дэтхэнэри мыкIуэду къелынущ.

Назарет щыщ Хьисэ Тхьэм зэрыщыщыр фэркIэ къигъэпэжащ. Тхьэм ар къызэригъэпэжар Хьисэ лъэкIыныгъэшхуэ зыхэлъ телъыджэхэмрэ Iуэху телъыджэхэмрэ фи деж зэрыщригъэлэжьари нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр фигъэлъагъуну зэрылъигъэкIамрэщ. Тхьэм зэриухам тету Хьисэ къыфIэщIыхьащ. ЦIыху бзаджэхэм жорым иревгъэIулIри евгъэукIащ. Ауэ Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ажалым ар пэлъэщакъым.

А Хьисэращ Тхьэм лIахэм къахигъэтэджыкIыжар икIи дэ псори а Iуэхум дрищыхьэтщ. Тхьэм Хьисэ уафэм дришеижу, и ижьырабгъумкIэ зыбгъэдигъэтIысхьэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абы къритащ, фэ зэрыфлъагъущ икIи зэрызэхэфхщи, Хьисэ а Псэ ЛъапIэр дэ къытхуригъэхащ... Аращи, Израил цIыху псоми мыр быдэу зэвгъащIэ: Хьисэу фэ жорым ефIулIар Тхьэм Зиусхьэн икIи Мэссихь ищIащ».

А уазым едэIуа нэужь, Петррэ адрей апостолхэмрэ къеупщIащ: «Сыт тщIэн хеуйр, ди къуэшхэ?» Петр абыхэм яжриIэжащ: «Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ псоми зыдвгъэумэхъ, Тхьэм фи гуэныхьхэр къыфхуигъэгъун щхьэкIэ. Тхьэм и тыгъэу езым и Псэ ЛъапIэр фи гум кърилъхьэнущ итIанэ. Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр къызыхуригъэхыну игъэгугъар фэращ, фи бынхэращ, дэни щыпсэу цIыхухэращ - езым и бын хъуну Зиусхьэну ди Тхьэм къыхуриджа цIыхухэрщ».

Петр и псалъэхэр а махуэм куэдым ягу хыхьащ икIи цIыху минищ хуэдизым зрагъэумэхъащ. Абы лъандэрэ «Зиусхьэным мыкIуэду къригъэлхэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэми я бжыгъэм махуэ къэс хигъахъуэрт».

АПОСТОЛХЭМ 2:14-47

## ЦIЫХУ ЩIАКЪУЭР ЗЭРАГЪЭХЪУЖАР

Махуэ гуэрым, шэджагъуэ нэужь хъуауэ, цIыхухэр Тхьэм щелъэIу сыхьэтищым деж Петррэ Иуанрэ Тхьэм и унэшхуэм кIуащ. Къызэралъху лъандэрэ зи лъэр къыщIэмыувэ лIы гуэр Тхьэм и унэшхуэм и куэбжэхэм ящыщу 'Куэбжэ дахэ' жыхуаIэм деж къыIуахьащ. Ар махуэ къэс къахьырти, Тхьэм и Унэшхуэм щIыхьэхэм факъырэ Iус Абы еплъри, Петррэ Иуанрэ жаIащ: «Дэ къыдэплъ!» Зыгуэр кърататынкIэ ящыгугъыу, лIыр абыхэм яхудэплъеящ. Ауэ Петр абы жриIащ: «Сэ дыжьыни дыщи сиIэкъым, ауэ сиIэр узот: Назарет щыщ Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ унафэ пхузощI, къэтэджи, зекIуэ!» Петр а лIым и Iэ ижьыр иубыдри, къызэфIигъэуващ. ЛIым и лъакъуэхэми къупщхьэ зэрытIыпIэхэми къару къахыхьэжащ а напIэзыпIэм. Къыщылъэтщ, ежьэри, къызекIуэу щIидзащ абы. Апостолхэм я гъусэу Тхьэм и унэшхуэм щIыхьащ, къызекIуэурэ, дэпкIейурэ, Тхьэм щIыхь хуищIурэ. Тхьэм щIыхь хуищIурэ ар зэрызекIуэр цIыху псоми щалъагъум, Тхьэм и унэшхуэм и 'Къуэбжэ ДахэкIэ' зэджэм деж факъырэ Iус къыхихыу щысар зэрыарар къацIыхужащ икIи а лIыр зэрыхъужар ягъэщIэгъуащ яфIэтелъыджэщэу. Зи лъэ къыщIэувэжа лIыр Петррэ Иуанрэ я ужь имыкIыу здэкIуэм, цIыху псоми ягъэщIагъуэурэ, абыхэм я деж щызэхуэсащ. Ар щилъагъум, Петр цIыхухэм яжриIащ:

«Израил цIыхухэ, сыт ар щIэвгъэщIагъуэр? Сыт апхуэдизу дэ фыкъыщIыдэплъыр? Дэр-дэру къаруушхуэ диIэу, е Тхьэр ину зэрыдгъэлъапIэм щхьэкIэ, мы лIым и лъэр къыщIэдгъэувэжауэ фи гугъэрэ? Ди адэшхуэхэм я Тхьэм и Къуэ Хьисэ и щIыхьышхуэр цIыхухэм я пащхьэм къыщигъэлъэгъуащ. Ар фэ тепщэныгъэ зиIэхэм евгъэубыдащ. Пилат Iэтащхьэм ар къиутIыпщыжыну и гугъарэ пэт, фэ абы и пащхьэм Хьисэ щызэвпэсакъым... ГъащIэ щыпкъэр цIыхухэм езытыр фукIащ, ауэ Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Дэ а Iуэхум дрищыхьэтщ. Мы лIы флъагъум икIи фцIыхум Хьисэ и цIэм дзыхь зэрыхуищIам щхьэкIэ къару иIэ хъужащ. Хьисэ и цIэмрэ абы и деж къикI фIэщхъуныгъэмрэщ мы лIыр фэ псо-



ми фи пащхьэм щызыгъэхъужар. Аращи, Тхьэм фэ гуэныхьу фщIар къыфхуигъэгъун щхьэкIэ, абыхэм фахущIегъуэжи, Тхьэм и гъуэгу фытехьэ».

АПОСТОЛХЭМ 3:1-26

## ПЕТРРЭ ИУАНРЭ ЗЭРАУБЫДАР

Петр и уазыр зэхаха нэужь, факъырэ щIакъуэм и лъэр къызэрыщIэувэжари щалъагъум, цIыху минитху хуэдизым я фIэщ хъуащ Хьисэ. Ауэ дин пашэхэмрэ унафэщIхэмрэ абыхэм я уазым къызэгуигъэпри, Петррэ Иуанрэ яубыду хьэпсым ирадзэн хуейуэ унафэ ящIащ. Журт пашэхэри, нэхъыжьхэри, торэт егъэджакIуэ пашэхэри етIуанэ махуэм Ерусалим щызэхуэсащ. Абыхэм апостолхэр кърадждэри, утыкум ирагъэуващ, цIыху щIакъуэр зэрагъэхъужа щIыкIэмкIэ еупщIащ: «Сыт хуэдэ къарукIэ, е хэт и цIэкIэ а лIыр зэрывгъэхъужар?» Ар щыжаIэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Петр и гум хуабжьу хыхьэри, яжриIащ: «Ди лъэпкъ пашэхэ, ди нэхъыжьхэ! Зи лъэр къыщIэмыувэ лIым фIыуэ хуэтщIам фыхигъаплъэурэ, 'Ар дауэ хъужынкIэ хъуа?' жыфIэу нобэ фыкъыщыдэупщIкIэ, фэри израил лъэпкъми зэрыщыту мыр зэвгъащIэ: Назарет щыщ Хьисэ Мэссихь и цIэм и къарурщ мы цIыхур зыгъэхъужар, абы и фIыгъэкIэщ ар фи пащхьэ зэритыр. Хьисэ фэ жорым ефIулIащ, ауэ Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Езыр аращ 'ухуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэу унэр зытезыIыгъ мывэ лъабжьэ хъуар'. ЦIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлыр Хьисэ и закъуэщ. Абы и цIэм нэмыщI, дымыкIуэду дыкъезыгъэлыфын Тхьэм уафэм и щIагъым щIэт цIыхухэм иритауэ зыри щыIэкъым».

Журт пашэхэм Петррэ Иуанрэ яIэ гукъыдэжыр щалъагъум, ахэр щIэныгъэ зимыIэ цIыху къызэрыгуэкIыу зэрыщытми гу щылъатэм, ягъэщIэгъуащ, Хьисэ зэригъусари къащIащ. ЛIы ягъэхъужар абыхэм я гъусэу абдеж щыту ялъэгъуа щхьэкIэ, жраIэну зыри къахуэгъуэтакъым. ЩIэкIыну апостолхэм унафэ хуащIри, дин пашэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэчэнджэщыжу щIадзащ, мыр жаIэурэ:

«Мы лIитIым сыт етщIэнур? Ерусалим дэс цIыху псоми ящIэ абыхэм Iуэху телъыджэхэр зэралэжьар. Дэ ар тхущIэхъумэнукъым. Ауэ къэхъуам и хъыбарыр нэхъ куэдым яхэмыIуэн щхьэкIэ, 'Хьисэ и цIэкIэ зыгуэрым фепсалъэмэ, фэдгъэпшыныжынущ' жытIэу, мы лIыхэр дгъэшынэн хуейщ».



Апостолхэр кърадждэжри, Хьисэ и цIэкIэ зыри жамыIэжыну икIи цIыхубэр ирамыгъэджэну унафэ ткIий яхуищIащ. АрщхьэкIэ Петррэ Иуанрэ абыхэм жраIащ: «Тхьэм демыдаIуэу, фэ дывэдэIуэныр Тхьэм дежкIэ хъунрэ мыхъунрэ фэрфэрурэ фегупсыс. Дэ Iуэхуу тлъэгъуамрэ зэхэтхамрэ дымыIуэт хъунукъым». ИтIанэ хасэм кърихьэлIахэр хуилъащ абыхэм, ауэ гугъуехь щIрагъэшэчын щхьэусыгъуэ ягъуэттэкъыми яутIыпщыжащ, я нэгу щIэкIа телъыджэм папщIэ Тхьэм фIыщIэ хуэзыщI цIыхухэм щышынэрти.

АПОСТОЛХЭМ 4:1-21

## ФIЭЩХЪУНЫГЪЭМ ПАПЩIЭ ЯПЭ ЦIЫХУУ ЯГЪЭЛIАР

Апостолхэм я псалъэкIэ, члисэ зэхуэсым хихащ диаконибл, абыхэм я пщэ иралъхьащ я нэIэ тхьэмыщкIэхэмрэ хуэмыщIахэмрэ трагъэтын хуейуэ. Япэ диакону хахащ Стефан – фIэщхъуныгъэмрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ хуабжьу зигу илъ цIыхур. Абы цIыхухэм я пащхьэ телъыджэ куэд щилэжьырт, нэщэнэ гъэщIэгъуэнхэр цIыхухэм я пащхьэм щигъэлъагъуэрт. Абы къыхэкIыу фIэщхъуныгъэм и гъуэгум и бийхэр теплъэ хъуртэкъым абы, икIи абы къенэкъуэкъурт, арщхьэкIэ абы и акъылыфIагъымрэ и псалъэхэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызэрыжригъэIамрэ щхьэкIэ пэлъэщыртэкъым. ИтIанэ абыхэм цIыху гуэрхэр ягъэIущри, ар ирагъэгъэкъуэншащ Тхьэми Мусэ бегъымбарми хуэпсэлъащ, хуэмыфащэ яхужиIащ, жаIэри. ЦIыхур къызэщIагъаплъэри, абыхэм Стефан яубыдащ, Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм ирашащ. Щыхьэт нэпцIхэр щыхуэдзэлашхэм щыгъуэ, Тхьэмадэ Хасэшхуэм хэс псори Стефан еплъри, ялъэгъуащ абы и нэгур мелыIычым и нэгум зэрещхьыр.

Стефан зэрагъэкъуаншэ псоми едэIуа нэужь, дин пашэшхуэр абы еупщIащ: «Мы цIыхухэм уэр щхьэкIэ жаIэр пэж?» Стефан щIидзащ Тхьэм и псалъэ тхахэр абыхэм къажриIэу. Абы и псалъэм здедаIум, ахэр хъийм икIауэ, я дзэхэр зэрагъэшхырт.

Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Стефан и гум хуабжьу хыхьэщ, ар уафэм дэплъейри, Тхьэм и щIыхьышхуэри, Тхьэм и ижьырабгъумкIэ Хьисэ зэрыщытри къилъэгъуащ. «Феплъ, уафэхэр зэIухауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр Тхьэм и ижьырабгъумкIэ бгъэдэту солъагъу», - жиIащ Стефан. Ар щызэхахым, псори зэрыгъэкIиящ икIи Стефан и псалъэхэр зэхамыхэн папщIэ, я тхьэкIумэхэр IуапIэри, абы тезэрэгуащ. Абыхэм ар къалэм далъэфри, мывэкIэ еуэурэ яукIыу щIадзащ. Стефани Тхьэм елъэIурт: «Зиусхьэн, мы гуэныхьыр мы цIыхухэм я пщэм думылъхьэ!» Ар щыжиIэм, и псэр хэкIащ.

Чыристан цIыху мин Iэджэ зэтраукIащ Хьисэ Мэссихь хуаIэ фIэщхъуныгъэм папщIэ. Я псэр щIатын хуей хъуми, абыхэм, текIуар ахэращ, сыту жыпIэмэ куэдым я гухэм щызэщIагъэнащ Тхьэм хуаIэ фIэщхъуныгъэр.

АПОСТОЛХЭМ 6:2-15; 7:1-60

## ФИЛИППРЭ ЕФИОПИЕМ ЩЫЩ ІЭТАЩХЬЭМРЭ

Зиусхьэным и мелыІычым диакон Филипп къыжриІащ: «Ежьи, Ерусалим дэкIи, Газэ къалэм кIуэ гъуэгум шэджагъуэм деж техьэ. Ар губгъуэ нэщIым ухуэзышэ гъуэгущ». Арати, Филипп тэджри, гъуэгу техьащ. КIуэурэ, Ефиопие къэралым щыщ лIы гуэр къыIущIащ. А лIыр Ефиопием и пащтыхь Кандакие зи цIэ цIыхубзым хуэлажьэ Іэтащхьэхэм ящыщт. Пащтыхьым и мылъку псори абы и IэмыщIэ илът. А Іэтащхьэр, Тхьэм елъэIун папщIэ, Ерусалим къэкIуат. Ар и къэралым игъэзэжыну гум итIысхьауэ, Ешайа бегъымбарым итха тхылъым еджэрт.

Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Филипп къыжриIащ: «А гум бгъурыхьи, бгъэдэтурэ кIуэ». Гум бгъурыхьэри, а лIыр Ешайа бегъымбарым итха тхылъым зэреджэр щилъагъум, Филипп жиIащ: «Узэджэм къикIыр къыбгурыIуэрэ?» Іэтащхьэм жиIащ: «Зыгуэрым зэхызимыгъэщIыкIмэ, дауэ къызэрызгурыIуэнур?» Ар Филипп елъэIуащ: «КъыдэкIуеи, къызбгъэдэтIысхьэ». Тхьэм и псалъэ тхахэм щыщу Іэтащхьэр зэджар мы псалъэхэращ: «Мэлым хуэдэу фIагъэжыну яшащ. Зыщым и пащхьэм щынэр щэху хъуауэ зэритым хуэдэу, абыи и жьэр зэтрихакъым. Езыр ягъэпудащ икIи хабзэм къемызэгъыу хьэкум тращIыхьащ. А зэманым псэуа цIыхухэм я бзаджагъэр здынэсыр къипщын зылъэкIынур хэт? Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ и псэр мы дунейм щыхахащ».

Іэтащхьэм Филипп къыжриIащ: «СынолъэIу къызжепIэну: Бегъымбарыр зытепсэлъыхьыр хэт? Езыра хьэмэрэ нэгъуэщI гуэр?» А тхыгъэм къыщыщIидзэри, Филипп абы къыхуиIуэтащ Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр.

Гъуэгум ирикIуэурэ, псы гуэр деж нэсауэ, Іэтащхьэм жиIащ: «Мис псы. Сыбумэхъ хъунукъэ?» Филипп абы жэуап иритыжащ: «Уигу псомкIи фIэщхъуныгъэ уиIэмэ, узумэхъ хъунущ». Абы жиIащ: «Хьисэ Мэссихь Тхьэм зэри-КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ сиIэщ». ИкIи Іэтащхьэм гущхьэIыгъым къригъэгъэувыIэщ, тIури псым хыхьэри, Филипп Іэтащхьэр, иумэхъащ. Псым къызэрэхэкIыжу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Филипп нэгъуэщI щIыпIэ гуэрым напIэзыпIэм ихьащ, Іэтащхьэми Филипп илъэгъужакъым. ГуфIэгъум хэту, Іэтащхьэр и гъуэгу техьэжащ.

Зиусхьэным апхуэдэу зришэлIащ Африкэм щыщ хамэр, икIи ар щыхьэт тохъуэ Тхьэм цIыхур и фэкIи, и хэкукIи, и лъэпкъкIи зэхэгъэж зэримыщIым атIэ «хэт къыдэIэпыкъуну Езым елъэIуми, мыкIуэду Зиусхьэным къригъэлынущ».

АПОСТОЛХЭМ 8:26-39

## ЧЫРИСТАНХЭМ Я БИЙ ЩАУЛ

Журтхэм зэхэзехуэн ящIащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр. Ерусалим члисэ зэIущIэм нэхъ зэхэзехуэн зыщIахэм ящыщт Щаул. Стефан мывэ еуэурэ щаукIым щыгъуэ лIыукIхэм я щыгъынхэр зыхъумар аращ. Чыристанхэм я унэхэм щIэуэурэ, ахэр иубыдырт абы, ипхыурэ лъэхъуэщым щIидзэрт.

Щаул фарисейт. ДинымкIэ щIэныгъэ куу зригъэгъуэтауэ, Тхыгъэ ЛъапIэр фIыуэ ищIэрт абы. Адэжьхэм къащIэна хабзэхэм пщIэшхуэ хуищIырт Щаул, хабзэхэри унафэхэри ткIийуэ игъэзащIэрт. Ауэ, пэжыпIэм щыгъуазэтэкъыми, Щаул и фIэщ хъуртэкъым Мэссихьыр, икIи чыристанхэр щхьэрыуауэ, гъэпцIакIуэу илъытэрт.

Щаул Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр хуабжьэу игъэбийуэ, ‘Хьисэ и гъуэгум фытемыкIмэ, фыдукIынущ’, яжриIэ зэпытт. Дин пашэшхуэм деж кIуэри, елъэIуащ: ‘Дамаск къалэм щыIэ синэгуэгухэм тхылъ яхуэтхи, къызэт’. Щаул апхуэдэу щIыжиIар Хьисэ и гъуэгу тетхэр Дамаск къыщигъуэтмэ, цIыхухъуми цIыхубзми, IэпхлъэпхI иригъэщIурэ Ерусалим кърригъэшэну арат.

АПОСТОЛХЭМ 7:58; 8:3; 9:1,2

## ЗИУСХЬЭНЫР ЩАУЛ КЪЫЗЭРЫХУЭЛЪЭГЪУАР

Гъуэгум тетурэ, Дамаск къалэм гъунэгъу щыхуэхъум, уафэм нэхугъэ гуэр напIэзыпIэм къехри, Щаул къиухъуреихьащ. ЩIым теджалэри макъ гуэрым къыжриIэу зэхихащ Щаул: «Щаул! Щаул! Сыт гугъу сыщIебгъэхьыр?» Щаул жиIащ: «Уэ ухэт, Зиусхьэн?» Зиусхьэным жэуап кърitащ: «Гугъу ебгъэхь Хьисэ сэращ. Выр зейм и баш кIыхь папцIэм выр къызэрелъэкъуауэм хуэдэу пщIымэ, уи щхьэм лей ибохыж». Къэшынарэ и гур икIауэ, Щаул щIэупщIащ: «Зиусхьэн! Сыт сщIэн хуейуэ къызжепIэрэ?» Зиусхьэным абы къыжриIащ: «Къэтэджи, къалэм дыхьэ. Уэ пщIэн хуейр зыгуэрым къыщыбжиIэнущ абдежым».

Щаул и гъусэхэр, зы псалъэ яхужымыIэрэ, а я пIэм ижыхьауэ къэнащ. Макъыр зэхахат, ауэ цIыху зыри ялъэгъуатэкъым. Щаул къытэджыжащ, и нэр къызэтриха щхьэкIэ, зыри илъагъужакъым, нэху уэрым нэф ищIа хъунти. И Iэблэр яубыдри, Щаул и гъусэхэм Дамаск нашэсащ.

Хьисэ и гъуэгум тет цIыху щыпкъэ гуэр дэст Дамаск, АнаниекIэ еджэу. Зиусхьэныр къыхуэлъагъуэри, абы къыжриIащ: «Ананий! Тэджи, ‘Уэрам ЗанщIэ’ жыхуаIэ уэрамым тет Иудэ и унэм кIуэ. Абы Щаул и цIэу Тарс къалэм щыщым щыщIэупщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар Тхьэм йолъэIу. Абы и нэхэр къигъэплъэжын щхьэкIэ, Ананий и цIэу лIы гуэр къыхуэкIуауэ, и Iэхэр къытрилъхьэу къыхуэхутащ». Анание жэуап итащ: «Зиусхьэн! Мы лIым уэ уи цIыху лъапIэу Ерусалим дэсхэм гугъуехьу яригъэшэчар зыхуэдизыр куэдым къызжаIащ. Иджы дин пашэшхуэхэм хуит закъригъэщIри, мыбы къэкIуауэ уэ къолъэIу цIыху псоми Iэхъулъэхъу ярыригъэлъхьэну хэтщ». Зиусхьэным Ананий къыжриIэжащ: «КIуэ! Хамэ лъэпкъхэми, пащтыхьхэми, израил цIыхухэми си цIэм и хъыбар ялъигъэIэсыну а лIыр Сэ хэсхащ. Сэ абы езгъэлъагъунущ абы си цIэм щхьэкIэ гугъуехьу ишэчын хуейр зыхуэдизыр».

Арати, Ананий а унэм кIуэри щIыхьащ, Зиусхьэным и псалъэкIэ. И Iэхэр Щаул и щхьэм трилъхьэри жиIащ: «Щаул, си къуэш, уэ мыбы укъыщыкIуэм щыгъуэ Зиусхьэн Хьисэу гъуэгум къыщыпхуэхутам сыкъигъэкIуащ, уэ уи нэхэр къэплъэжын икIи Тхьэм и Псэ ЛъапIэр уи гум кууэ илъ хъун щхьэкIэ». ИкIи асыхьэтым бдзэжьеифэхэм хуэдэу Щаул и нэхэм зыгуэрэхэр къыщIэлъэлъащ, ялъагъууи хъужащ. ИтIанэ зригъэумэхъащ Щаул икIи щIидзащ синэгуогухэм деж Хьисэ и хъыбар цIыхухэм щалъигъэIэсурэ, Ар Тхьэм и Къуэу зэрыщытыр жиIэу.

АПОСТОЛХЭМ 9:3-20

## ЩАУЛ ДАМАСК КЪЫЗЭРЫДЭКIУЭСЫКIЫЖАР

Щаул и уазхэр зэхэзыха псоми ягъэщIагъуэрт икIи жаIэрт: «Мы лIыракъэ Хьисэ елъэIу цIыхухэм Ерусалим гугъуехь щезыгъэшэчу щытар? Мыбы ар къыщIэкIуар Хьисэ елъэIу цIыхухэм Iэхъулъэхъу ярыригъалъхьэурэ, дин пашэшхуэхэм яхуишэну аракъэ?» Езы Щаул нэхъ лъэкIыныгъэ иIэ хъуащ. Хьисэ зэры-Мэссихьыр игъэпэжурэ, Дамаск дэс журтхэм езым къыжраIэнур ямыщIэу къигъэнащ.

Зэман гуэр дэкIауэ, Щаул яукIыну мурад ящIащ журтхэм. Абы щхьэкIэ къалэ куэбжэхэм зауэлIхэр Iуагъэуващ, Дамаск дэкIуэсыкIыжын мурад ищIмэ, Щаул ирагъэубыдын папщIэ. Апхуэдэ мурад къызэрыхуащIар къищIэри, Щаул къалэм къыдэнащ. Дамаск дэс чыристанхэм ар кърагъэлын мурад ящIащ. МатэшхуэкIэ ар жэщым къалэ блыным кърагъэхащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Дамаск къыдэкIыжри, Щаул Ерусалим къэкIуэжащ. Ерусалим къэкIуэжа нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яхыхьэну хэтащ Щаул, ауэ ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэрыхъуар абыхэм я фIэщ яхуэмыщIурэ абы къыщышынэрт. Апхуэдэу щыхъум, апостолхэм ящыщ зы, Варнавэ зи цIэр, апостолхэм я деж кIуэри, яжриIащ Щаул гъуэгум здытетым Зиусхьэныр зэрилъэгъуари, Зиусхьэным абы къыжриIари, лIыгъэ хэлъу Дамаск деж Хьисэ и цIэкIэ уаз зэрыщитари. Абы и ужькIэ апостолхэми зэрычлисэуи Щаул къуэшу къащтащ. ИужькIэ абы апостол ПаулкIэ еджэ хъуащ. Мэссихь и хъыбар цIыхухэм ялъигъэIэсынрэ Тхьэр зымыщIэхэр Абы къыхуигъэIурыщIэнымрэ фIэкI, нэгъуэщI Iуэху зэрихуэжакъым абы.

Апостол Паул тхылъ куэдкIэ захуигъэзащ къалэ-къалэхэм дэт члисэ зэхуэсхэм. А тхылъхэр ХъыбарыфIым итщ. А тхылъхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щитхыгъащ абы: «Ауэ сэ си фIагъ къызыхэкIыу щыта Iуэхухэм, Мэссихь зыхуэдэр зэзгъэщIэн щхьэкIэ, пщIэ ямыIэжу солъытэ иджы. Пэжщ, Iуэху псоми пщIэ ямыIэжу солъытэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ си Зиусхьэн Мэссихь Хьисэ зыхуэдэр зэзгъэщIэныр Iуэхуу щыIэ псом нэхъри нэхъыфIщ. Абы сыхуэлэжьэн щхьэкIэ, псори хэзнащ, Iуэху псоми пщIэ ямыIэжу солъытэ, Мэссихь си Iыхьэф I хъун икIи ар си псэм щыщын щхьэкIэ. Тхьэм щыпкъагъэ сиIэу сызэрилъытэм сэ злэжьа IуэхуфIхэм я Iуэху хэлъкъым. Сэ жыхуэсIэр Тхьэм щыпкъагъэ сиIэу сыщIилъытэр МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зэрызиIэр арщ. Торэт хабзэм итхэр згъэзэщIэным и Iуэху абы хэлъкъым. А щыпкъагъэу сиIэр Тхьэм деж къокI, фIэщхъуныгъэми тетщ». Апхуэдэу щIыкIэкIэ Мэссихь зэрихъуэкIащ фарисей Щаул игу пагэу, иужькIэ Езым къыхуэпэж хъуар.

АПОСТОЛХЭМ 9:21-28
ПАУЛ ФИЛИППИ ЦIЫХУХЭМ ЯХУИТХА ТХЫЛЪЫР 3:7-9

## ФІЭЩХЪУНЫГЪЭ ЗИІЭ ЦІЫХУБЗ ТАВИФЭ

Хышхуэм Іут къухь тедзапІэу щытащ Иоппие къалэр зэгуэрым. Къалэр иджыри щыІэщ, зэреджэр Яффэщ. Израилым и нэхъ къалэшхуэ дыдэ Тел-Авив километритI хуэдизкIэ пэжыжьэш нобэрей Яффэр.

«Иоппие къалэм ХьисэкІэ фІэщхъуныгъэ зиІэ цІыхубз гуэр, Тавифэ и цІэу, дэст. (Тавифэм къикІыр 'Мэз бжэнщ'). Абы фІы куэд ищІэрт, псапэ илэжь зэпытт. А махуэхэм сымаджэ къэхъури, ар дунейм ехыжащ. И хьэдэр ягъэпскІри, унэм и етІуанэ къатым драхьеящ».

Апостол Петр Лиддэ къалэм щыІэт абы щыгъуэ. Лиддэ Иоппие къалэм пэжыжьэтэкъыми, абы дэс чыристанхэм Петр деж цІыхуитI ягъэкІуащ, ар абыхэм я деж икІыщІыпІэкІэ къэкІуэну ирагъэлъэІун щхьэкІэ.

«Петр къэтэджри, абыхэм я гъусэу кІуащ. Иоппие къалэм щынэсым, унэм и етІуанэ къатым драшеящ. Фызабэу хъуам Петр къаувыхьри, Тавифэ я гъусэу щыщытам щыгъуэ абы щыгъыну идауэ хъуар гъуэгыурэ кърагъэлъэгъуащ.

Петр цІыхухэр унэм щІигъэкІщ, лъэгуажьэмыщхьэу иври, Тхьэм елъэІуащ. Хьэдэм зыхуигъазэри жиІащ итІанэ: 'Тавифэ, къэтэдж'.

Тавифэ и нэхэр къызэтрихри, Петр щилъагъум, къэтІысащ. Петр абы и Іэр иубыдри къигъэтэджыжащ. Тхьэм и цІыху лъапІэхэмрэ фызабэхэмрэ къриджэри, Тавифэ псэууэ яритыжащ итІанэ. А хъыбарыр Иоппие къалэм дэс псоми зэлъащІысащ, цІыху куэдми ЗиусхьэнымкІэ фІэщхъуныгъэ яІэ хъуащ. Симон зи цІэ фащІэ гуэрым деж Петр махуэ куэдкІэ Иоппие къалэм къыдэнащ».

Тхьэм и псалъэм дэ дыхуеущий ІуэхуфІхэр зэрэдлэжьыным, цІыхухэм дызэрыдэІэпыкъуным...»ФІы щІэным сыт щыгъуи дыпывгъэлъ демышу. ФІы щІэным демышу дыхущІэкъумэ, и чэзу къыщысым деж, фІыгъуэ дгъуэтыжынущ».

АПОСТОЛХЭМ 9:36-43, ГАЛАТХЭМ 6:9

## ДЗЭ ПАШЭ КОРНЕЛИЙ

Хьисэ Мэссихьрэ Абы и апостолхэмрэ я зэманым Израил щIыналъэри Хышхуэм къедзылIа хэкухэри Рим къэралыгъуэшхуэм иубыдауэ щытащ. А хэкухэм ист Рим и дзэхэр. 'Италий дзэкIэ' зэджэр Палестинэ хы Iуфым Iус Кесарие кхъухь тедзапIэм дэст. Урым дзэ пашэхэм ящыщу зауэлIищэ хъу гупым и паш, Корнелий зи цIэр, а дзэм хэтащ. «Езыми и унагъуэ псоми Тхьэр ягъэлъапIэрт, Тхьэм и шынагъуэр я гум илъг. Журтхэм я тхьэмыщкIэхэм псапэ тыхь куэд яритырт, Тхьэм елъэIу зэпытт. Шэджагъуэнэужьым сыхьэтыр щым нэблэгъауэ, Тхьэм и мелыIычыр абы къыбгъэдыхьащ: 'Корнелий!... Уи тхьэлъэIури уи псапэ тыхьхэри Тхьэм дежь нэсащ, Тхьэм ахэр щымыгъупщауэ и гум илъщ. ПетркIэ зэджэ Симон къашэн щхьэкIэ, Иоппие къалэм лIыкIуэхэр гъакIуэ... Уэрэ уи унагъуэм ису хъуамри фымыкIуэду фыкъезыгъэлыну псалъэхэр къыбжиIэнущ', жиIэри. Ар къыжезыIа мелыIычыр бгъэдэкIыжа нэужь, Корнелий и унэIутхэм ящыщу цIыхуитIрэ и Iуэхутхьэбзащiэ зауэлIхэм ящыщу Тхьэр зыгъэлъапIэмрэ къриджэщ, къэхъуа псори яхуиIуэтэжри, Иоппие къалэм игъэкIуащ».

Иоппиер, н.ж. нобэрей израил къалэ Яффэ, Кесарием и ипщэ лъэныкъуэмкIэ километр хыщI хуэдизкIэ пэжыжьэт. Иоппие нэсри, зауэлIхэм Петр къагъуэтащ. ЗаулIхэр къигъэхьэщIащ Петр, етIуанэ махуэм абыхэм ящIыгъуу Кесарием кIуащ. «КъыкIэлъыкIуэ махуэм Кесарие къалэм нэсащ ахэр. Корнелий и унэкъуэщхэри и благъэхэри къызэхуишэсауэ, абыхэм къапэплъэрт...» Зэхуэсахэм мыпхуэдэ псалъэ яжриIащ Петр: «Тхьэр цIыхум и фэм емыплъу, цIыху псори и зэхуэдэу зэрыщытыр къызгурыIуащ. Сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэкIауи щрет, Тхьэм и фIэлIыкIыр зи гум илъыр икIи щыпкъагъэр зыгъэзащIэ дэтхэнэри Тхьэм ещтэ. Тхьэм израил цIыхухэм ялъигъэIэса хъыбарыфIыр фэ фощIэ. Ар мыпхуэдэу жызыIэ хъыбарыфIырщ: Хьисэ Мэссихьу цIыху псоми я Зиусхьэнырщ цIыхухэр Тхьэм езыгъэкIужыр... А Хьисэм журтхэм я къэралми Ерусалими щилэжьа Iуэху псоми дэ дращыхьэтщ. Ар пкъом ираIулIри яукIащ. Тхьэм Ар ещанэ махуэм лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр едгъэдэIуэнуи псэухэми лIахэми хьэкум ятезыщIыхьыну Тхьэм къигъэуввар зэры-Хьисэм щыхьэт дытехъуэну Тхьэм унафэ къытхуищIащ. ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэми и гуэныхьхэр Хьисэ и цIэкIэ къызэрыхуэгъунумкIэ бегъымбар псори Хьисэ щыхьэт тохъуэ».

Корнелии, абы и унагъуэми, и ныбжьэгъухэми Хьисэ Мэссихьу Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ икIи зрагъэумэхъащ.

АПОСТОЛХЭМ 10

## МЕЛЫIЫЧЫМ ПЕТР ЛЪЭХЪУЭЩЫМ КЪЫЗЭРЫЩIИШЫЖАР

Япэрей чыристанхэм я зэман жыжьэм члисэ зэхуэсым щыщхэр зэхэзехуэн ящIауэ щытащ. Пащтыхь Ирод и унафэкIэ яукIащ Иуан и къуэш апостол Екъуб. Журтхэр абыкIэ арэзы зэрыхъуар щилъагъум, пащтыхьым апостол Петри лъэхъуэщым щIидзащ, IутIыж махуэшхуэм и ужькIэ иригъэукIын мурад хуищIауэ. Лъэхъуэщым Петр быдэу щахъумэрт, а зэманым члисэ зэхуэсыр Тхьэм хуелъэIурт абы.

Ирод пащтыхьым Петр хеящIэм и пащхьэм щришэну махуэм и пэ къихуэ жэщым ар, Iэхъулъэхъ тIуащIэ иралъхьауэ, зауэлIитIым яку дэлъу жейрт. ХъумакIуэхэм, бжэм Iуту, лъэхъущыр яхъумэрт. Зиусхьэным и мелыIычыр а унэм къыщIэхутэри, унэр нэху къэхъуащ напIэзыпIэм. МелыIычыр Петр и джабэм еуIури, къигъэушащ. «ПсынщIэу тэдж» жиIащ абы. Петр и Iэхэм Iэхъулъэхъур къыфIэхуащ. ИтIанэ мелыIычым жиIащ: «Зыхуапэ, уи вакъэхэри зылъытIагъэ. Уи щыгъын щIыIутелъыр щытIагъи, си ужь иту къакIуэ!» Петр, мелыIычым и ужь иту, лъэхъуэщым къыщIэкIыжащ. Ауэ мелыIычым илэжьар пэжрэ мыпэжрэ Петр ищIакъым, атIэ зыгуэр къыхуэхутауэ и гугъащ. Япэрей хъумакIуэ гупми етIуанэрей хъумакIуэ гупми къаблэкIри, къалэ дыхьэпIэм хэлъ гъущI куэбжэм нэсащ. Куэбжэм езыр-езыру абыхэм закъызэхуIуихащ. Куэбжэм дэкIри, зы уэрам ирикIуа нэужь, Петр къигъанэри, мелыIычыр IукIыжащ напIэзыпIэм.

ЗыкъыщищIэжым, Петр жиIащ: «Зиусхьэным и мелыIычыр къигъакIуэу, Ирод сыкъызэрыIэщIихари, журт цIыхухэм къысщыщIыну жыхуаIэ Iей псори симыгъэлъагъуу, сыкъызэрыригъэлари си нэгу щIэкIащ иджы». Зиплъыхьри, Иуан и анэ Мэрием и унэмкIэ иунэтIащ Петр; абы фIэщхъуныгъэ зиIэ куэд щызэхуэсауэ Тхьэм щелъэIурт. Абыхэм я деж нэса нэужь, Петр яхуиIуэтащ Зиусхьэным ар лъэхъуэщым къызэрыщIишыжар.

АПОСТОЛХЭМ 12:1-17

## ПАУЛ ДИН ІУЭХУКІЭ ЯПЭУ ЗЭРЕЖЬАР – КИПРЫМРЭ АЗИЕ МАЩІЭМРЭ

Чыристан диным и тхыдэм и кІуэцІкІэ апостол Паул чыристан миссионер нэхъ щыпкъэ дыдэхэм ящыщащ. Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь къариухылІа унафэр игъэзащІэ зэпытт абы, и гум хыхьауэ; нобэ я унафэщ чыристпнхэм: «Аращи, фыкІуи, лъэпкъ псори си гъуэгу къытевгъыхьэ. Адэ лъапІэми, и Къуэми, Тхьэм и Псэ ЛъапІэми я цІэкІэ фыумэхъхи, унафэу нывжесІа псори ягъэзэщІэну яхуэвгъэув...» Дин ІуэхукІэ щэнейрэ гъуэгу техьащ апостол Паул, къалэ, хэку зыбжанэм щыІащ, нэхъыбэрэ здэкІуар нобэрей Грециемрэ Тыркумрэ я щІыналъэхэрщ, и гъуэгуанэ ублапІэ хуэхъуар Антиохиерщ.

Япэу щежьам щыгъуэ Паул Варнави щІыгъуащ. Антиохием жежьэри, ахэр къухькІэ Кипрым кІуауэ щытащ. Кипрым къикІыжри, абыхэм Азие МащІэм ягъэзэжащ аргуэру, итІанэ лъэсу е шыдкІэ, Галатие хэкум кІуащ, япэщІыкІэ Иконие къалэм; ИтІанэ Паулрэ Варнаврэ кІуащ Листрэ къалэм. Листрэ деж Зиусхьэным Паул и ІэкІэ игъэхъужащ зы цІыху щІакъуэ. Паулрэ Варнавэрэ тхьэ къафІэщІащ цІыхухэм. Ауэ абыхэм ядакъым: «Фэ лІы гупым сыт фщІэр? Фэ фхуэдэу дэри дыцІыхущ. Мы тхьэ нэпцІ сэбэпыншэхэм фи щІыбыр яхуэвгъазэу, Тхьэ пэжу псэум фи гупэ хуэвгъэзэн щхьэкІэ, хъыбарыфІыр фхудоІуатэ. Тхьэращ уафэри, щІыри, хыри, абыхэм щыпсэу псори къэзыгъэщІар. БлэкІа лъэхъэнэхэм лъэпкъ псори зэрыхуейуэ я гъуэгу ирикІуэжыну хуит ищІащ. Апхуэдэу щыт пэтми, Тхьэм щыхьэтыншэ зищІакъым: Уафэм къикІыу уэшх къытхуригъэшхыу, и чэзум гъавэр къытхуигъэкІыу, шхын дыхуимыгъэныкъуэу, дигъэгуфІэу, фІыгъуэшхуэхэр къытхуищІэ зэпытщ». Ауэ и ужьым Листрэ къэкІуа журтхэм ящыщ гуэрхэм цІыхубэр къызэщІагъэплъащ, мыр жаІэурэ: «Мы лІыхэм жаІэр пэжкъым, пцІы яупс», икІи мывэкІэ Паул къеуэурэ къаукІыну пылъащ. Ауэ Тхьэм къихъумэрти, Паул къелащ. И гъуэгу техьэжри, Паул Дервие къалэм кІуащ. Абдежым ХъыбарыфІыр щиІуэтащ, икІи цІыху куэдым зыхуагъэзащ Зиусхьэным. Дервие къикІыжри, Паулрэ Варнавэрэ Антиохием къагъэзэжащ, «Антиохиеращ члисэ зэхуэсым щыщхэм ялэжьа Іуэхум щхьэкІэ Тхьэм и нэфІыр къащыхуэну зыщыхуагъэзар. Антиохием щынэсым, члисэ зэхуэсым щыщхэр зэхуашэсри, Тхьэм абыхэм яригъэлэжьа Іуэху псори, хамэ лъэпкъ щыщхэм фІэщхъуныгъэ яІэ хъун щхьэкІэ, Тхьэм бжэр къазэрыхузэІуихари жраІащ».

Дин ІуэхукІэ япэ щежьам щыгъуэ Паул илъэсищ хуэдизкІэ гъуэгу тетащ, Хьисэ къызэралъхурэ илъэс 45-рэ щрикъум къыщыщІэдзауэ 48 гъэ пщІондэ.

АПОСТОЛХЭМ 13, 14

## ПАУЛ ДИН IУЭХУКIЭ ЕТIУАНЭУ ЩЕЖЬАМ ЩЫГЪУЭ - МАКЕДОНИЕМРЭ ГРЕЦИЕМРЭ ЗЭРЫКIУАР

Дин IуэхукIэ етIуанэу щежьам щыгъуэ Паул щIыгъуащ журт чыристанхэм ящыщ Силэ. Антиохием щежьэри, ахэр аргуэру кIуащ Дервиемрэ Листрэрэ къалэхэм (илъэс зыбжанэ и пэкIэ абы мывэкIэ щаукI пэтащ Паул). Абы Паул щрихьэлIащ Тимофей зи цIэ щIалэщIэ гуэрым; ар абы и дэIэпыкъуэгъу щыпкъэхэм ящыщу хъуауэ щытащ.

Ахэр Троадэ къалэм нэсащ. А къалэр Эгей хым и Iуфэм Iуст, Азие лъэныкъуэмкIэ. Тхьэм Паул зыгуэр къыхуигъэхутащ жэщым: «Македоние хэкум щыщ лIы гуэр къэхутэри къелъэIуащ: 'Македонием къакIуи, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъу'. Тхьэм Паул ар къызэрыхуигъэхутэу, ХъыбарыфIыр а цIыхухэм хуэтIуэтэну Тхьэм дыкъызэрыхуриджам дыщыгугъыу, Македоние хэкум дыкIуэну зыдгъэхьэзыращ», - етх Лука; ари Троадэ къалэм гъусэ щыхуэхъуагъэнуш Паул. Македониер Грецием и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыналъэщ, ари Римым IэщIэлъащ абы щыгъуэ. Эгей хыр къухькIэ зэпаупщIащ абыхэм, Филиппи къалэм нэсащ. Филиппи къалэрагъэнущ япэ европей чыристан члисэ зэхуэсыр щызэфIэувар. Филиппи деж Паулрэ Силэрэ хьэпсым щIадзащ. Аращ зытеухуар къыкIэлъыкIуэ хъыбарыр.

Филиппи щыIа нэужь, Паул Фессалоникэ къалэм кIуащ. Ар Эгей хым и Iуфэм Iут кхъухь тедзапIэшхуэщ. Абы щыпсэу алыдж куэдми журтхэм ящыщи куэдми фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ. Ар зигу темыхуа журтхэм хьэргъэшыргъэ къаIэтащ, абы къыхэкIкIэ Паулрэ Силэрэ Верие къалэм Iэпхъуэн хуей хъуащ.

Верием икIри, Грецием и къалащхьэ Афинэ кIуащ Паул. Грециер а зэманым Римым и унафэм щIэхуакIэт. Грецием и цIэри зэрахъуэкIри, Ахаие фIащащ. Афинэм зыдынэсым, Паул Тхьэм и Псалъэр щиIуатэрт философхэмрэ цIыху къызэрыгуэкIхэмрэ я пащхьэм. Абы теухуауэ къыкIэлъыкIуэ хъыбарым дыщеджэнущ. Афинэм икIри, Паул Коринф кIуащ. Ар Рим къэралыгъуэшхуэм ит къалэшхуэхэм ящыщщ. Илъэсрэ



ныкъуэкIэ дэсащ Паул Коринф, апщIондэху абы къыдэхутащ чыристан члисэ зэхуэсышхуэ. Коринф къикIыжри, Паул Азие МащIэм къухькIэ къэкIуэжащ, абы Ефес къалэшхуэр хэщIапIэ щищIащ. ИтIанэ, гъуэгу теувэжри, Ерусалим кIуащ, иужькIэ Антиохие игъэзэжащ.

ЕтIуанэу щежьам щыгъуэ илъэсищ хуэдизкIэ гъуэгу тетащ Паул (Хьисэ къалъхуа нэужь, 50 гъэм къыщыщIэдзауэ 53 гъэ пщIондэ), километр мин зыбжанэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэ зэпичащ.

АПОСТОЛХЭМ 15:36; 18:22

## ПАУЛРЭ СИЛЭРЭ ЛЪЭХЪУЭЩЫМ ЗЭРЫЩIАДЗАР

Апостол Паул, Тхьэм хуэлажьэ зы цIыху щIыгъуу, урымхэм я IэмыщIэ илъ Филиппи къалэм къэкIуэгъащ зэгуэрым. Абдежым абыхэм Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ щагъэхъужащ жин бзаджэм иIыгъыу, тхьэгурымагъуэ унэIут хъыджэбз гуэр. КъэхъункъэщIэн Iуэхухэр цIыхухэм яжриIэурэ, и тепщэхэм ахъшэ куэд къахуилэжьырт абы. Зыщыгугъ ахъшэ къэкIуапIэр зэрамыIэжьыр хъыджэбзым и тепщэхэм щалъагъум, Паулрэ Силэрэ яубыдри, Iэтащхьэхэм я пащхьэм къалэ утым щралъэфащ, мыр жаIэри: «Мы лIыхэр журтщ. Ди къалэм дэсхэр хуабжьу зэIащIэ. Дэ, Рим къэралышхуэм и цIыхухэм дымыщIапхъэ-зедмыхьэпхъэ хабзэхэр цIыхухэм ирагъащIэ». Къалэм дэс псори къапэуващ абыхэм. Iэтащхьэхэм Паулрэ Силэрэ я щыгъынхэр зэфIатхъри, щIопщкIэ абыхэм еуэну зауэлIхэм унафэ хуащIащ. Удын куэд ираха нэужь, ахэр лъэхъуэщым щIадзащ. Лъэхъуэщым и хъумакIуэм ахэр сакъыу ихъумэну унафэ хуащIащ. Апхуэдэ унафэ щыхуащIым, Паулрэ Силэрэ лъэхъуэщым хэт хьэпсым иридзэри, я лъакъуэхэр пкъом ирипхащ хъумакIуэм. ИтIани Паулрэ Силэрэ ягу кIуэдакъым. Паулрэ Силэрэ Тхьэм елъэIуурэ, тхьэщIыхь уэрэдхэри жаIэу щIадзащ жэщ ныкъуэм. Лъэхъуэщым щIэс адрей цIыхухэри къедаIуэрт.

ЩIыр напIэзыпIэм ин дыдэу хъейри, лъэхъуэщым и лъабжьэр къызэщIэзджызджащ. Асыхьэт дыдэм лъэхъуэщым и бжэ псори къызэIукIащ, лъэхъуэщым щIэс псоми я гъущI Iэхъулъэхъухэри къызэрылъэлъащ. Лъэхъуэщым и хъумакIуэр къэушри, къэхъуар щилъагъум, зиукIыжыну хуеящ, щIэсахэр щIэпхъуэжауэ къыфIэщIри. Ауэ Паул абы жриIащ: «Лей зумыхыж! Дэ псори мыбы дыщIэсщ!» И псэр IукIауэ, Паулрэ Силэрэ я лъабжьэм зыщIидзэри, хъумакIуэм жиIащ: «Зи щIыхь инхэ, Тхьэм сымыкIуэду сыкърыгъэлын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр?» Абыхэм жэуап кратыжащ: «Зиусхьэн ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зигъэIи, уэри уи унагъуэри Тхьэм фымыкIуэду фыкърыгъэлынущ». ХъумакIуэм ахэр хьэпсым кърищыжащ, я уIэгъэхэр хуигъэкъэбзащ, езыми и унагъуэми икIэщIыпIэкIэ



зрагъэумэхъащ.

Апостолхэр рим цIыхуэм зэращыщыр щызэхахым, Iэтащхьэхэр къэшынащ икIи, абыхэм я деж къакIуэри, къыхуагъэгъуну къелъэIуащ икIи лъэхъуэщым къыщIашыжри, ахэр къалэм дэкIыжыну къелъэIуащ.

АПОСТОЛХЭМ 16:16-39

## ПАУЛ АФИНЭМ ЗЭРЫКІУАР

Дин ІуэхукІэ етІуанэу щежьам щыгъуэ, дэ зэрыжытІащи, Паул Афинэ дыхьащ. «... тхьэ нэпцI сурэтхэр къалэм дэзу щилъагъум, ар Паул игу къеуащ. Философ гуп Паул къедауэу щІадзащ: ‘Мы щхьэгъавэм сыт жиІэну зыхуейр?’ - жаІащ зыкъомым. ‘Мы лІым тхьэ хамэхэм я хъыбар къиІуатэ хуэдэщ’, - жаІащ адрейхэм. Апхуэдэу щІыжаІар Паул Хьисэрэ лІахэр къызэрытэджыжынумрэ теухуа хъыбархэр цІыхухэм яхуиІуатэу зэрыщытаращ. А философхэм ареопаг* Іуащхьэм деж щызэІущІэ хасэм Паул здашэри къыжраІащ итІанэ: ‘Уэ цІыхухэм ебгъащІэ ІуэхущІэхэр къыдгурыбгъэІуэн? Псалъэ гъэщІэгъуэнхэр къыджыбоІэ. Абыхэм къикІыр тщІэн ди гуапэщ’ ...Ареопаг Іуащхьэм щызэІущІэ хасэм и пащхьэм къиувэри, Паул жиІащ: ‘Афинэ дэс лІыхэ! Фэ тхьэ куэдыр сыт и лъэныкъуэкІэ ину вгъэлъапІэу солъагъу; сэ къэскІухьурэ, фи тхьэлъэІупІэхэм сыщеплъым, мыпхуэдэу зытетха къурмэнщІыпІэ гуэр срихьэлІащ: ‘ДымыщІэ Тхьэм щхьэкІэ’. Аращи, фэ фымыщІэ Тхьэм и хъыбарыращ сэ фхуэсІуатэр. Тхьэуэ дунейри дунейм тетхэри къэзыгъэщІар, уафэми щІылъэми я Зиусхьэнырщ. Ар цІыхухэм я ІэкІэ ящІа тхьэлъэІупІэ унэшхуэхэм щІэскъым. Абы хуэныкъуэ зэримыІэм папщІэ, цІыхухэм я ІэкІэ езым дэІэпыкъун хуэныкъуэкъым. Аращ псэ зыІут псори щызыгъэІэри, жьы къезыгъапщэри, зыхуэныкъуэ псори езыгъэгъуэтри. Тхьэм зы цІыху закъуэм цІыху лъэпкъ псори къыхигъэхъукІащ, ахэр дунейм дэнэкІи щыпсэун щхьэкІэ. Тхьэм цІыхухэр къыщІигъэщІар ахэр езым лъыхъуэурэ икІи Іэбэлъабэурэ, зыгуэрурэ къагъуэтын щхьэкІэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Тхьэр дэ тщыщ дэтхэнэми пэжыжьэкъым. ‘Езыращ дызыгъэпсэури, къыдэзыгъэкІухьри, дыщызыгъыІэри’, зыгуэрым зэрыжиІам хуэдэу. ‘Дэри дрибынщ’, фэ фи тхакІуэхэм ящыщ зыкъомым зэрыжаІам хуэдэу. Аращи, Тхьэм дызэрибыным щхьэкІэ, цІыхухэм я ІэпэІэсагъэрэ акъылыфІагъэкІэ дыщэм, дыжьыным, мывэм къыхащІыкІа сурэтхэм Тхьэр яхуэдгъадэ хъунукъым. БлэкІа зэманхэм, цІыхухэм щІэныгъэ ямыІэу щыщытам, Тхьэр абыхэм нэ ІейкІэ къеплъыгъакъым, атІэ цІыху псоми, дэнэ щыІэми, я гуэныхьхэм хущІегъуэжыну унафэ къахуещІ иджы; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Тхьэм зы махуэ игъэнэхуащ. Езым къигъэлъэгъуа лІым дунейм и цІыху псоми хьэкум захуэ ятригъэщІыхьынущ а махуэм. Апхуэдэу зэрыхъунур Тхьэм цІыху псоми ягуригъэІуащ а лІыр лІахэм къахигъэтэджыкІыжурэ».

АПОСТОЛХЭМ 17:16-31

**Ареопаг - Афинэм къэрал Іуэху, хьэкум, хасэ здащІ щІыпІэт, Іуащхьэ джабэм кІэрыту.*

## ПАУЛ ДИН ІУЭХУКІЭ ЕЩАНЭУ ЩЕЖЬАМ ЩЫГЪУЭ - ИЛЪЭСИЩ-ПЛІЫ ГЪУЭГУАНЭ

Зэман дэкІауэ, Антиохием щежьэри, Паул дин ІуэхукІэ ещанэу гъуэгу техьащ. ИщхъэрэкІэ кІуащ ар аргуэру. Фригие хэкур зэпиупщІри, ар Ефес дыхьащ. А къалэм илъэситІ хуэдизкІэ щылэжьащ Паул, «Асие хэкум ис алыдж псоми журт псоми Зиусхьэн Хьисэм теухуа хъыбарыфІыр хуиІуэтащ. Тхьэм Паул Іуэхуш телъыджэ дыдэхэр иригъащІэрт...» Ефес Артемидэ тхьэ нэпцІ бзылъхугъэм и унэшхуэ телъыджэ дэтащ, илъэс 220-кІэ ящІауэ. Паулрэ чыристан пашэхэмрэ пэщІагъэуващ, сыту жыпІэмэ Артемидэ зыгъэлъапІэхэм ящыщ куэдым я гур Зиусхьэну Тхьэм хуэзэІуахати. Ефес къалэр ибгынэн хуей хъуащ Паул. Эгей хым кхъухькІэ зэпрыкІри, Македониемрэ Грециемрэ кІуащ, Филиппи Коринфи щыІащ. ИтІанэ Паул Азие МащІэм къигъэзэжри, етІуанэу Троадэ къалэм Мэссихь и хъыбар цІыхухэм щалъигъэІэсащ. Троадэ щежьэри, Ассэ нэгъунэ кІуащ. Абы икІри, кхъухькІэ кІуащ Митилинэ, Самос, Трогиллие, Милит. Милит нэса нэужь, Ефес къалэм щыІэ члисэ зэхуэсым и унафэщІ къуэшхэр къригъэблэгъащ Паул, абыхэм я Іэр иубыдыжын щхьэкІэ; Паул ищІэрт ахэр афІэкІа мы гъащІэм зэрыщимылъагъужынур (еплъ нап. 480). Кос, Родос щыІэ хытІыгухэм тет кхъухь тедзапІэхэмрэ Азием МащІэм ит Патарэ къалэхэмрэ къызэринэкІри, Паул Птолемаидэ нэсащ. Птолемаидэ лъэсу щежьэри, Кесарием кІуащ, адэкІэ –Ерусалим. Ерусалим Паул щаубыдащ. Ещанэу дин ІуэхукІэ щежьам щыгъуэ Паул гъуэгум илъэсищ-плІыкІэ тетащ, Мэссихь къалъхуа нэужь 54 гъэм къыщыщІэдзауэ 57 гъэ пщІондэ.

Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфІыр иІуатэурэ, ар гугъуехь Іэджэ Іууащ. Езы Паул етх: «Абыхэм нэхърэ нэхъыбэрэ сылэжьащ, нэхъыбэри лъэхъуэщым сисащ, цІыхухэр нэхъыбэри щІопщкІэ къызэуащ, ажалым и гъунэгъу нэхъыбэри сыхъуащ. ЩІопщ уэгъуэ плІыщІым зы щыщІэу журтхэр пІалъэпІалъэкІэ тхуэ къызэуащ. БашкІэ щэ къызэуащ. ЦІыхухэм саукІын щхьэкІэ, мывэкІэ зэ къызэуащ, сызэрытІысхьа кхъухьхэм ящыщу щыр псым щІилъэфащ, толъкъуным зы жэщрэ зы махуэрэ сыхэлъащ. Гъуэгум куэдрэ сытетащ. Псыхэм сыщызэпрыкІым, шынагъуэм сыхэтащ, хъунщІакІуэхэми сахуэзэу, си лъэпкъ щыщхэми сащІыгъуу, хамэ лъэпкъ щыщхэми сащІыгъуу, шынагъуэм сыхэтащ...»

АПОСТОЛХЭМ 18:23-21:34; 2 КОР. 11:23-26

## УДЫГЪЭМ И ГУЭНЫХЬЫР

Ди зэманым цIыху куэдым удыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахьэ (оккультизм, спиритизм, ебжхэр, тебжэхэр, джэш дзыныр, Iэгу иплъэныр, щхъухьпсыхь зехьэныр, къинэмыщI шейтIан IэщIагъэхэр). Абы гуэныхьышхуэ пылъщ, аращ апхуэдэ Iуэхухэр Тхьэм къыщIытхуимыдэр, хьэрам къыщIытщищIар. Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) зэритымкIэ, Тхьэм Езым и лъэпкъым ткIийуэ къариухылIащ удыгъэм зыщыхъумэн хуейуэ, уеблэмэ абы пылъхэр укIыпхъэу: «Удыгъэм фыпымылъ икIи Iэгу фимыплъэ». (3 Мусэ 19:26) «Хуейкъым уи деж щыIэн зипхъу е зи къуэ мафIэм пхрызыш, тхьэгурымагъуэ, Iэгуиплъэ, щхъуэ зезыхьэ, уд, дэхьэхакIуэ, псэхэр къезыджэ, лIахэм епсалъэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и пащхьэм деж бзаджэнаджэщ ар щызыщIэр, икIи а бзаджэнаджэхэм папщIэ Зиусхьэным, уи Тхьэм, ахэр уи нэгум ирех» (5 Мусэ 18:10-12). «ЛIыуэ щрет, бзылъхугъэуи щрет, лIахэр къраджэхэмэ е удыгъэ зэрахьэмэ, ажалыр къалърес; мывэкIэ укIын хуейщ ахэр, абыхэм ялъ езыхэм ятрелъ» (3 Мусэ 20:27).

Паул дин IуэхукIэ ещанэу гъуэгу щытехьам теухуа хъыбарым щыщ зы щапхъэ къэтхьынщ: «Тхьэм Паул Iуэху телъыджэ дыдэхэр иригъащIэрт. Паул и щIыфэм еIуса напэIэлъэщIхэри щыгъын щIыIутелъхэри сымаджэхэм тралъхьэрт. ЩытралъхьэкIэ, ахэр хъужырт, ахэр зыIыгъ жин бзаджэхэри яхэкIыжырт. Ауэ цIыхухэм жин бзаджэхэр хахуурэ къэзыкIухьу щыта журт гупым Хьисэ и цIэр жаIэурэ, жин бзаджэхэр цIыхухэм хахуфмэ еплъырт. 'Хьисэу зи хъыбар Паул жиIэм и цIэкIэ мы цIыхум фыхэкIыну унафэ фхузощI', - жаIэрт абыхэм. Журт дин пашэшхуэу Скевэ зи цIэм и къуиблми апхуэдэу ящIырт. 'Хьисэ соцIыху, Паул и хъыбари зэхэсхащ, ауэ фэ хэт фыщыщ?'- жэуап яритыжащ жин бзаджэм. Жин бзаджэм иIыгъ лIыр къажьэхэлъэри, а псоми къатекIуащ. АпхуэдизкIэ хьэкIэкхъуэкIагъэ ярищIати, пцIанэрэ зэхэуIауэ унэм къыщIэжыжащ. Мы хъыбарыр Ефес къалэм дэс алыджэхэми журтхэми щызэхахым, псори шынагъуэшхуэм хэхуащ. Апхуэдэу щыхъум, Зиусхьэн Хьисэ и цIэм щIыхьышхуэ хуащIу щIадзащ. ФIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм ящыщ куэд къакIуэри, ялэжьа бзаджагъэмкIэ, цIыхухэм зэхахыурэ, Тхьэм и пащхьэм зыщаумысащ. Удыгъэ Iуэхум пылъ цIыху куэдым я тхылъхэр зэхуахьэсри, цIыху псоми ялъагъуу ягъэсащ. А тхылъхэм я уасэхэр къыщалъытэм, дыжьын ахъшэ мин щэ ныкъуэ хъуащ. Апхуэдэу Зиусхьэным и псалъэхэм ину заубгъуурэ, цIыху нэхъыбэм ялъэIэсащ».

Мы щапхъэхэр щыхьэт тохъу уеблэмэ удыгъэм теухуа тхылъхэр уи унэ щIэбгъэлъ зэрымыхъунум.

АПОСТОЛХЭМ 19:11-20

## ЕФЕС ЧЛИСЭ ЗЭХУЭСЫМ И НЭХЪЫЖЬХЭМ ПАУЛ ЯЖРИIА ИУЖЬРЕЙ ХЪЫБАРЫР

ФIэхъус ирахыжьын папщIэ, Ефес члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэр Милит къалэм къыщыкIуам, Паул абыхэм яжриIащ: «Япэ махуэм къыщыщIэдзауэ Асие хэкум сыкъызэрихьэрэ, фи деж щызгъэкIуа зэман псоми си псэукIэр зыхуэдэу щытар фэ фощIэ. Пагагъэ лъэпкъ сигу имылърэ, си гур куэдрэ къигъыкIыу, журтхэм щэхуу щIэпхъаджагъэу къыскIэлъызэрахьэну я гум илъу щытамкIэ хьэзаб куэд сагъэшэчурэ, Зиусхьэным сыхуэлэжьащ. Зи сэбэп къывэкIыну хъыбархэр вжесIэным пэIэщIэ зэи зысмыщIу, цIыхухэм я пащхьэми фи унэхэми щыфхуэсIуэтащ икIи щывэзгъэщIащ. Гуэныхьу ящIахэм хущIегъуэжу Тхьэм зыхуагъэзэжынуи Зиусхьэн ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зрагъэIэнуи журтхэмрэ алыджхэмрэ быдэу яхуэзгъэуващ. КъысщIэлъыр сымыщIэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм седаIуэурэ, Ерусалим сокIуэ иджы. Ауэ Iэхъулъэхъухэри гузэвэгъуэхэри къызэрыспэщылъыр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызигъащIэурэ, къалэ псоми щыхьэт къыщысхутохъуэ. Си псэр сэркIэ лъапIэу икIи уасэ иIэу сыбжыркъым, ауэ Зиусхьэн Хьисэ си пщэм кърилъхьа Iуэхур згъэзэщIэн хуейщ: Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм теухуа хъыбарыфIым цIыхухэр езгъэдэIуэну арщ. Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарым фезгъэдаIуэурэ, фэ псоми фи деж сыщызэхэзекIуащ. Фэ фщыщу зэи зыми си напэр зэримылъагъужынур сощIэ. ...Сэ дунейм сехыжа нэужь, хъушэм щымысхьыну дыгъужь бзаджэхэр къызэрыфхыхьэнур сощIэ. ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ фэри къыфхэкIынущ гъуэгу пхэнжым фытрагъэхьэн щхьэкIэ, щыпкъагъэр зэхъуэкIыным пылъхэр... Тхьэми абы и нэфI щыхуэныгъэм теухуа псалъэхэми фахузогъазэ иджы. А псалъэхэм гурэ псэкIэ къару фагъэгъуэтынуи Тхьэм и цIыхуу езым зыкъезыта псоми фрагъусэу IыхьэфI къыфлъагъэIэсынуи ялъокI. Зы цIыхум и дыжьыни, и дыщи, псалъэхэр жиIа нэужь, Паул лъэгуажьэмыщхьэу уври, псоми я гъусэу Тхьэм елъэIуащ. Псори ину къэгъуэгщ, Паул IэплIэ ирашэкIри, ба хуащIащ. Я гур нэхъыбэу махэ зыщIар Паул и напэр игъащIэкIэ ямылъагъужыну зэрыжиIарт. Кхъухьым нэс, Паул дэкIуэтащ итIанэ».

АПОСТОЛХЭМ 20:17-38

## ПАУЛ ФЕСТ ІЭТАЩХЬЭМ И ПАЩХЬЭМ

Ерусалим щаубыда нэужь, етІуанэ махуэм Паул быдапІэм къыщІашри, журт хеящІапІэ нэхъыщхьэм, Синедрионым, яшащ. ХеящІапІэм хьэргъэшыргъэ къыщыхъуащ, къызэрыгъэплъхэри. Паул яІэщІэкІуадэ пэтащ абы щыгъуэ, ауэ рим дзэпщымрэ абы и зауэлІхэмрэ къэрагъэлащ ар.

А жэщ дыдэм быдапІэм здыщІэсым Паул Зиусхьэныр къыхуэхутэри, къыжриІащ: «Умыдзыхэ, Паул. Ерусалим щыхьэт укъызэрыщысхуэхъуам хуэдэу, Рим къалэшхуэми щыхьэт укъыщысхуэхъун хуейщ». ЕтІуанэ махуэм журт цІыху плІыщІым щІигъум тхьэ яІуащ: «Паул дымыукІауэ, дышхэнукъым икІи дефэнукъым», жаІэри. Апхуэдэ мурад къызэрыхуащІар къищІэри, дзэпщым Паул Кесарием иригъэшащ, лъэсу зауэлІ щитІ, шу блыщІ, шабзауэ щитІ кърригъэувэкІри. Кесариер Хышхуэм и Іуфэм Іутщ, Ерусалим километрищэкІэ пэжыжьэу. Иудей зи ІэмыщІэ илъ рим унафэщІхэм я хэщІапІэт Кесариер абы щыгъуэ. Иудейр, щІыналъэ ЛъапІэ псом хуэдэуи, Рим зэрыпхъуакІуэхэм я унафэм щІэтт. Кесарием Паул къыщеупщІащ рим Іэтащхьэ Феликс. Паул зэригъэкъуэншэн игъуэтакъым абы, итІани Іэхъулъэхъур илъэситІкІэ ирихакъым.

ИлъэситІ дэкІа нэужь, Феликс и пІэкІэ Іэтащхьэ хъуащ Порций Фест. МахуитІ-щы дэкІри, пащтыхь Агриппэрэ и щхьэгъусэ Вереникэрэ Кесарием кІуащ, фест ехъуэхъун щхьэкІэ. Паул и псалъэхэр зэхахын хуэдэу псори къызэригъэпэщащ Фест: «ЦІыхухэм щІыхьышхуэ къыхуащІурэ, Агриппэрэ Вереникэрэ хеящІэ унэшхуэм къыщІыхьащ етІуанэ махуэм. Абыхэм я щІыгъуу дзэпщхэри къалэм дэс цІыху цІэрыІуэхэри щІыхьащ... Паули къашащ». Паул тепсэлъыхьащ езым и гъащІэм, Зиусхьэным и гъуэгу зэрытехьам икІи Мэссихьым: «...Тхьэр дэІэпыкъуэгъу къысхуэхъуурэ, цІыкІуми инми я пащхьэм щыпкъагъэм щыхьэт сыщытохъуэ... Мэссихь гугъуехь ишэчын хуейуэ зэрыщытар икІи псом япэ езыр лІахэм къахэтэджыкІыжауэ, езым и лъэпкъымрэ хамэ лъэпкъхэмрэ нэхур иджы къазэрыхуэлъагъуэм и хъыбар яхуиІуэтэну зэрэщытарщ сызытепсэлъыхьар».

«Паул апхуэдэу зиухей щыхъум, Фест макъ лъагэкІэ жиІащ: ‘Паул, уэ уделэщ. Уэ уи щІэныгъэшхуэм уи щхьэр зэригъэкІуэкІащ’. ‘Си щхьэр зэкІуэкІакъым, щІыхь зыхуэфащэ Фест’, - жиІащ Паул, - ‘сэ жысІэр псалъэ пэжщ, псалъэ захуэщ... Нобэ сызэхэзыха псори сэ схуэдэ хъуну, ауэ Іэхъулъэхъу ярымылъыну Тхьэм солъэІу».

АПОСТОЛХЭМ 23-26 щхьэхэр

## ПАУЛ РИМ КIУЭУЭ ГЪУЭГУ ЗДЫТЕТЫМ

Тхьэмрэ КъегъэлакIуэ Хьисэ Мэссихьрэ щыхьэт зэрыхуэхъуам щхьэкIэ апостол Паул лъэхъуэщым щIадзащ. Мыхъун лъэпкъ зэримылэжьар ищIэжырти, 'кесарым си хьэкумыр ирырещIэ' жиIэри щIэлъэIуащ. Абы къыхэкIыу ар, нэгъуэщI тутнакъхэри щIагъури, Рим кхъухькIэ ирашэжьащ, щих хъу дзэ купым я пашэхэм щыщу ИулийкIэ зэджэм хъумакIуэ хуащIри.

Хым щытетым, борэнышхуэ къэхъури, кхъухьыр толъкъунхэм зэрадзэ хъуащ. Махуищ нэужьым кхъухьым илъ хьэпшып псори хым хадзащ. Ауэ борэныр увыIэжыххэртэкъыми, псори гужьеящ, хым щIилъэфэнкIэ шынэри. Зыми ерыскъы зыIуилъхьакъым зыкъомрэ. ИтIанэ, псоми я пащхьэ иувэри, Паул жиIащ: «...Фымыгужьей, вжызоIэ иджы, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ фщыщ зыри кIуэдынукъым. Кхъухьым и закъуэщ кIуэдынур. Тхьэуэ зи бынхэм сащыщу сызыхуэлажьэм и мелыIычыр ныжэбэ къысхуэхутэри, къызжиIащ: 'Умышынэ, Паул! Кесарием и пащхьэм уиувэн хуейщ. Кхъухьым къыбдис псори Тхьэм и нэфI уи хьэтыркIэ къащыхуэнурэ, мыкIуэду къелынущ». Аращи, фымыгужьей, лIы гуп. Тхьэм къызэрызжиIам хуэдэу зэрыхъунумкIэ абы сыщогугъ. Жьапщэшхуэм хытIыгу гуэрым дрихулIэн хуейщ».

ЕпщыкIуплIанэ махуэм кхъухьзехуэхэм псыдэуэ къалъэгъуащ, нэпкъри лъахъшэти, кхъухьыр абы дагъэхьэн мурад ящIащ, къехъулIэмэ. Хъурзэмрэ нэхъ жьыху чэтэн цIыкIумрэ яIэтри, хы Iуфэм зратащ абыхэм. Хуэсакъыурэ здэкIуэм, кхъухьыр пшахъуэм хэтIысхьэри, и пэр къыхэнащ, икIи мыхъейуэ къэнащ кхъухьыр, ауэ кхъухьым и гупхэр толъкъунхэм зэпкърауду щIадзащ. ЕсыкIэ зыщIэ псори есурэ хы Iуфым нэсын хуейуэ унафэ ищIащ дзэ пашэм, есыкIэ зымыщIэхэм пхъэбгъухэмрэ кхъухьым щыщ къутахуэхэмрэ къагъэсэбэп хъунут. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къелащ кхъухьым иса псори - цIыху щитIрэ блыщIрэ хырэ. Ахэр зэсылIа хытIыгум тесхэм гущIэгъу яхэлъу къыщIэкIащ. Зиусхьэным абы апостол Паул телъыджэ куэд щригъэлэжьащ. Мазищ дэкIри, я гъуэгум



пащащ абыхэм, Александрие щыщ кхъухь гуэрым итIысхьэри. Ахэр щежьэжым, хытIыгум тесхэм хьэщIагъэ къыкIэлъызэрахьащ, зыхуэныкъуэ псори кърататщ, сымаджэ куэд а хытIыгум щызыгъэхъужа Паул и хьэтыркIэ.

Апостол Паул Зиусхьэным хуэлэжьэн зэпигъэуакъым абы и ужькIи, гугъуехь Iэджэ хэхуа пэтми. Абы бидэу и фIэщ хъурт езым и дэтхэнэ лъэбакъуэри зи Iэмырыр зи гущIэгъур Тхьэшхуэрауэ зэрыщытыр. Рим цIыхухэм яхуигъэкIуа тхылъым абы щитхыжащ: «Тхьэр фIыуэ зылъагъу цIыхухэу, езым и мурадым тету и бын хъуну къыхуриджахэм Iуэху псоми я фIагъыр абыхэм Тхьэм къазэрыригъэкIыр дощIэ».

АтIэ дэри фIыуэ тлъагъунщ Тхьэр, Абы и IэмыщIэ зитлъхьэнщи.

АПОСТОЛХЭМ 25:1-12; 27:14-44; 28:1-11

## ПАУЛ РИМЫМ ЩЫЩЫIАМ

«Рим дыщынэсым, абы тепщэныгъэ щызиIэхэм Паулрэ абы и хъумакIуэ зауэлIымрэ щхьэхуэу псэуну хуит ящIащ, - етх дохутыр Лука. - Махуищ дэкIа нэужь, Паул журтхэм я пашэхэр къригъэшащ... Махуэ гуэр хахри, Паул зыщIэс унэм цIыху гупышхуэ къэкIуащ. Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыр ягуригъаIуэурэ, Паул а тепщэныгъэшхуэм щыхьэт хуэхъуащ. Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм я тхылъхэм итхэмрэ ящыщ къеджэурэ, Паул Хьисэ теухуауэ жиIэхэр я фIэщ ищIыным пылът. Паул жиIахэр зыкъомым я фIэщ хъуащ, зыкъомми ядакъым. А журтхэр зэгурымыIуэу, зэбгрыкIыжыну щыхуежьэм, Паул мы псалъэхэр жиIащ: 'Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фи адэжьхэм ятеухуауэ щыпкъагъэр Ешайа бегъымбарым жригъэIащ: Мы лъэпкъым деж кIуэи, мыпхуэдэу яжеIэ: Фэ зэхэфх зэпыту фыщытынущ, ауэ къывгурыIуэнукъым; фэ флъагъу зэпыту фыщытынущ, ауэ гу лъыфтэнукъым. Сыту жыпIэмэ мы цIыху лъэпкъыр гулъытыншэ хъуащ. Я тхьэкIумэхэмкIи ерагъыу зэхах къудейщ, я нэхэри яуфIыцащ. Апхуэдэу щымытатэмэ, я нэхэмкIэ ялъагъунт, я тхьэкIумэхэмкIи зэхахынт, ягухэмкIи зыхащIыкIынт, си деж къагъэзэжынти, итIанэ сэ ахэр згъэхъужынт. Аращи, цIыхухэр мыкIуэду Тхьэм къызэрыригъэлым и хъыбарыр хамэ лъэпкъхэм Тхьэм къазэрылъигъэIэсар фэ зэвгъащIэ. Ахэри а хъыбарым едэIунущ'. Паул а псалъэхэр щыжиIэм, хуабжьу зэныкъуэкъуурэ, журтхэр унэм щIэкIыжащ. И деж къакIуэ цIыху псори щригъэблагъэу, пщIэкIэ къищта унэм илъэситIкIэ щыпсэуащ Паул. Къыпэрыуэ лъэпкъ щымыIэу, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыр Паул цIыхухэм хуиIуатэрт, Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбархэри тегушхуауэ цIыхухэм яригъащIэрт».

А псалъэхэмкIэ еух 'Апостолхэм я IуэхущIафэхэр'.

Мыбы еджэхэр щIэупщIэнущ: апостол Паул и Iуэхур дауэ хъуа иужькIэ? Библием ар гурыIуэгъуэ дыдэ къыпщищIыркъым. Апостол Паул члисэ зэхуэсхэмрэ Зиусхьэным хуэ-



лажьэхэмрэ яхуитха тхылъхэм нэгъуэщI хъыбархэми тепщIыхьмэ, зи гугъу тщIа илъэситIым и ужькIэ Паул хуит хъужыгъащ икIи аргуэру ихуэжыху, ХъыбарыфIым и хъыбар игъэIу зэпытурэ, Италиеми, Грецием, Азие МащIэми щылэжьащ. Тхыдэм зэрыжиIэмкIэ, Паул хьэзаб ишэчурэ дунейм ехыжащ рим император Нерон къанлым и зэманым чыристанхэр зэхэзехуэн щащIам щыгъуэ.

АПОСТОЛХЭМ 28:23-31

## АПОСТОЛХЭМ Я IУЭХУЩIАФЭХЭР

Хьисэ Мэссихь лIэуэ къэхъужа нэужь, Абы цIыхухэм яригъащIэ щытар – ХъыбарыфIыр - псынщIэ дыдэу зызщиубгъу хъуащ Палестинэми, Рим къэралыгъуэшхуэми, КъуэкIыпIэ Благъэми (Ближний Восток) и къэралхэми, иужькIэ дуней псоми. Апостолхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Хьисэ къыхихауэ щыта и гъуэгу ирикIуэхэр икIи адрей цIыхуу Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ нэгъуэщIхэр къалэ хэку куэдым кIуащ Тхьэм и Псалъэхэм цIыхухэр ирагъэдэIуащ. Абыхэм жаIам Тхьэр телъыджэхэмкIэ щыхьэт техъуэ зэпытт. Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ Тхьэм щелъэIукIэ, сымаджэхэр хъужырт, щIакъуэхэри хъужырт, уеблэмэ лIахэри къэхъужырти, Тхьэм и псалъэхэр цIыхум я гум хыхьэрт, я гуэныхьхэм хущIегъуэжырт. Чыристанхэр зэхэзехуэн ящIырт, ауэ Хьисэ Мэссихь, Тхьэм и Къуэр, я фIэщ хъу зэпытт, и гъуэгу текIакъым ахэр.

Мэссихь хуаIэ фIэщхъуныгъэр нэхъри щIагъэбыдэн щхьэкIэ, апостолхэр члисэ зэхуэсхэм яхуэтхэ зэпытт. Абыхэм я тхылъ языныкъуэхэр кIэщI дыдэт, зы напэкIуэцI хуэдизт зэрыхъур, языныкъуэхэр псалъэм папщIэ, 'Апостол Паул Рим дэсхэм яхуигъэхьа тхылъыр', кIыхь дыдэт. Языныкъуэ тылъхэр псалъэм папщIэ, Екъуб, Петр, Иуан, Иудэ сымэ я тхахэр, чыристан псоми хурагъэхьырт, адрейхэр (Паул и тхылъхэр) - члисэ зэхуэс щхьэхуэхэм, цIыху щхьэхуэхэм яхуэгъэзат.

Апостол Паул и тхылъхэм ящыщ гуэрхэр абы итхыгъащ Тхьэм и Псалъэм и цIэкIэ лъэхъуэщым щиса зэманым. «Гугъуехь зыхуэсшэчу, бзаджащIэм хуэдэу Iэхъулъэхъуи къысщIралъхьар. Ауэ Тхьэм и Псалъэхэм Iэхъулъэхъу иралъхьэн ялъэкIынукъым», - хуитхыгъащ Паул езым и ныбжьэгъу Тимофей (2 Тим. 2:9).

Апхуэдэ тхылъ 21-рэ хэтщ ХъыбарыфIым. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ахэр тхакIуэхэм ягу ирилъхьэри, яригъэтхащ. Абы къыхэкIкIэ ахэр Библием и адрей Iыхьэхэми я щIыгъуу ТХЬЭМ И ПСАЛЪЭЩ. Япэрей чыристанхэм ар ящIэрт икIи ахэр егугъуу тратхыкI зэпыт, члисэ зэхуэсхэми къыщеджэрт,



я ныбжьэгъухэм ирагъэлъагъурт, тыгъэ ящIырт, Тхьэм и Псалъэр зэлъащIыным абыкIэ хэлIыфIыхьырт.

## Rubrik?

Пасэ зэманым щыIакъым Тхыгъэ ЛъапIэр тезыдзэ, къыдэзыгъэкI организацие щхьэхуэхэр, иджырей зэманым «Библие Хасэхэр» зэрыщыIэм хуэдэу. ЦIыхухэм я IэкIэ тратхыкIырт Тхьэм и Псалъэхэр. Абыхэм тратхыкIырт е ХъыбарыфIым и Iыхьэ щхьэхуэхэр, псалъэм папщIэ, ХъыбарыфIыр Иуан КъызэриIуэтар, Апостол Паул Галатие цIыхухэм яхуитха Тхылъыр, нэгъуэщI тхылъхэри, икIи цIыхухэм лъагъэIэсырт ахэр, - е ХъыбарыфIыр зэрыщыту, уеблэмэ Библие псори тратхыкIыурэ цIыхухэм лъагъэIэсырт. НапэкIуэцI мин хъу Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм е напэкIуэцI щэ зыбжанэ хъу ХъыбарыфIыр IэкIэ тептхыкIын щхьэкIэ, зэманышхуэ ухуейт. Зытратхэр «папирус» тхылъымпIэт, нэгъуэщIу жыпIэмэ удз лIэужьыгъуэ гуэрым къыхащIыкIа пкъыгъуэм, е «пергаментым», абы хуэгъэхьэзыра фэм.

Тхылъхэм я купщIэр, дауи, кIэщIу къыпхуэIуэтэнукъым. Дэтхэнэ тхылъыр гъэнщIащ щыпкъагъэ ин дыдэкIэ, ахэр Тхьэм деж къыбгъэдэкIащ. Мис тхылъхэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщ гуэрхэр:

ФIэщхъуныгъэрэ фIы щIэнымрэ (Екъуб и Тхылъ). Гугъуехьхэр шыIэныгъэ тхэлъу тшэчын зэрыхуейр (Петрэ и япэрей Тхылъ). ЕкIэкIуэгъуэмрэ епцIыжыгъуэмрэ я зэманым хейуэ укъызэрынэнур (Петрэ и етIуанэрей Тхылъ). ГуфIэгъуэмрэ текIуэныгъэмрэ (Иуан и япэ Тхылъ). Лъагъуныгъэ (Иуан и етIуанэрей Тхылъ). ХьэщIагъэр (Иуан и ещанэ Тхылъ). ФIэщхъуныгъэр зэрыпхъумэнумрэ укъелынымрэ (Иудэ). ЦIыхум фIэщхъуныгъэ зэриIэм папщIэ Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытэр (Рим). Мэссихьыр арщ Зиусхьэныр (1 Коринф) Тхьэм узэригъэгушхуэр, Тхьэм ухуэлэжьэныр (2 Коринф). Торэт хабзэм и гъуэгукIэкъым, фIыщхъуныгъэм и гъуэгукIэщ, цIыхур мыкIуэду Тхьэм къызэрыригъэлыр (Галатие). Мэссихь и члисэ зэхуэсым теухуауэ (Ефес). Чыристан зэкъуэтыныгъэ (Филиппи). Мэссихь и щIыхьышхуэмрэ и лъэщыгъуэмрэ (Колоссэ). Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь щIым къытехьэжынущ иджыри(1,2 Фессалоникэ). Зиусхьэным ухуэлажьэурэ ухуэщыпкъэжынымрэ Зиусхьэным и IэмыщIэм зиплъхьэнымрэ (1,2 Тимофей). Члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэр щапхъэ зытрахыу щытын хуейщ (Тит). Зым адрейм хуигъэгъун хуейщ (Филимон). Израил лъэпкъыжьымрэ Торэт хабзэмрэ - Израил лъэпкъыщIэмрэ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэмрэ (Еврей).

А тхыгъэхэр Библием и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ахэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ, умыпIащIэурэ уеджэн хуейщ. Уи гум хыхьэу еджэ Тхьэм и Псалъэм. Зиусхьэным елъэIу, икIи Ар къыбдэIэпыкъунущ Абы и Псалъэ ЛъапIэр къыбгурыIуэнымкIэ.

## ЕКЪУБ И ТХЫЛЪ

Екъуб и тхылъым дэ дыщрохьэлIэ гупсысэшхуэ зыщIэлъ псалъэ шэрыуэ куэдым, псалъэм папщIэ, **къулеягъэм теухуауэ:** «Дыгъэр къыщIокI, къыдокIуэтей, хуабэ дыдэ мэхъу. Хуабэм удзыр егъэгъу. Удз гъэгъар полъэлъыжри, и дахагъэр мэкIуэдыж. Апхуэдэ дыдэу къулейри, и Iуэхухэм ятхьэкъуауэ, кIуэдыжынущ»; - **гуэныхьлэжьыным дихьэхын Iуэхум теухуауэ**: «И щыпкъагъэр гъэунэхуа хъумэ, теубыдагъэ зиIэр гъуэгу махуэ теуващ, абы и щыпкъагъэр гъэунэхуа хъуа нэужь, Езыр фIыуэ зылъагъухэр къызэригъэгугъа мыкIуэдыжын гъащIэр тажу Тхьэм а цIыхум къритынущи»;- **губжьыным теухуауэ:** «Си къуэш лъапIэхэ, мыр зэвгъащIэ. ДэIуэнкIэ хэти занщIэу ирехьэзыр, ауэ щIэх иремыпсалъэ, щIэхи иремыгубжь. ЦIыхур губжьмэ, Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ илэжьыркъым»; - **Тхьэм и Псалъэхэр гъэзэщIэным теухуауэ:** «Тхьэм и псалъэхэм федаIуэ къудейкIэ хъунукъым, ахэр вгъэзэщIэн хуейщ. Армырамэ, фи щхьэр къывогъэпцIэж»; - **гъащIэ зыхэмыт фIэщхъуныгъэм теухуауэ:** «ФIы зымыщIэм и фIэщхъуныгъэм псэ хэткъым. Аращи, псэ зыхэмытыж пкъыр зэрыузджынтам хуэдэу, фIыщIагъэхэр зыщIымыгъу фIэщхъуныгъэми псэ хэткъым»; - **бзэгум и гуэныхьым теухуауэ:** «Бзэгури пкъым щыщу Iыхьэ цIыкIущ, ауэ Iуэхугъуэ куэд елэжь. Феплъ мафIэ хъуаскIэ цIыкIум мэзышхуэм мафIэ зэрыщIидзэм... Зы псынащхьэ дыдэм псы IэфIи псы дыджи къыщIэкIынкIэ хъуну?» – **тхьэлъанэм теухуауэ:** «Си къуэшхэ, псоми япэу, тхьэ фымыIуэ. УафэмкIи, щIылъэмкIи, сыт ищIыскIи тхьэ фымыIуэ. 'Аращ', жыфIэу щытмэ, ар вгъэпэж. 'Хьэуэ, аракъым' жыфIэу щытмэ, ари вгъэпэж, Тхьэм фимыгъэкъуэншэн щхьэкIэ»; - **сымаджэхэм теухуауэ:** «Фщыщ гуэр сымаджэмэ, члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэр кърыреджэ. Абыхэм Зиусхьэным и цIэкIэ сымаджэм дагъэ щрехуи хурелъаIуэ, фIэщхъуныгъэ яIэу Тхьэм зэрелъэIум щхьэкIэ, сымаджэр хъужынущ. Зиусхьэным ар къызэфIигъэувэжынущ. Гуэныхь ищIами, къыхуигъэгъунущ»; - **гуэныхьым хущIегъуэжынымрэ тхьэ елъэIунымрэ теухуауэ**: «Аращи, Тхьэм фигъэхъужын щхьэкIэ, фи гуэныхьхэр зым адрейм и пащхьэм зыщывумысыжри, зыр адрейм папщIэ Тхьэм фелъэIу. Щыпкъагъэ зиIэ цIыхум и тхьэлъэIум лъэкIыныгъэ иIэщ икIи куэд лъокI»; - **гъуэщахэр фIыуэ лъагъуным теухуауэ**: «Си къуэшхэ, фщыщ гуэр щыпкъагъэм и гъуэгум текI хъумэ, ар гъуэгу занщIэм тезыгъэхьэжым мыр ирырещIэ: гъуэгу пхэнжым тет гуэныхьыщIэ цIыхур гъуэгу захуэм тезыгъэхьэж дэтхэнэми адрейр ажалым къыIэщIишыжынурэ, гуэныхь куэди къыхуэгъужынущ».

ЕКЪУБ И ТХЫЛЪ

## АПОСТОЛ ПЕТР И ТХЫЛЪИТI

Петр Хьисэ и апостол пщыкIутIым ящыщ зыуэ щытащ. Абы тхылъитI къызэринэкIащ. Ахэр зыхуитхар Азие МащIэм, н.ж. иджырей Тыркум, ита чыристан члисэ зэхуэсхырщ. ЗэралъытэмкIэ, Петр и япэ тхылъыр щитхар чыристанхэр зэхэзехуэн щащIыпа дыдэрщ, абыхэм я гур имыгъэкIуэдын щхьэкIэ. Абы щыгъуэ чыристанхэм хьэзаб тIуащIэ трагъэлът икIи яукIырт. Рим къэралыгъуэшхуэм чыристан фIэщхъуныгъэм кIэ щратыпэн мурад яIэт, псом хуэмыдэу император Нерон и зэманым (Мэссихьыр къалъхуа нэужь 64-67 гъэхэм). Петрэ и япэ тхылъым и чыристан къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ яхуэгъэзам мыпхуэдэу щахуетх:

«ЗэрыфщIэщи, фи адэжьхэм къызэранэкIа пщIэ зимыIэ псэукIэм фыхишыжыну *Мэссихь фи щхьэхэр ищэхуащ*. Фи щхьэхэр зэрищэхужар кIуэдыжыну дыжьыныр е дыщэр аракъым, *Езым и лъыуэ уасэ зыхуэпщIыну щымытыращ*. Езыр хуэныкъуагъэ зимыIэ, бжьыгъэ зытемылъ щынэ къабзэм хуэдэщ... Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу, ‘ЦIыху псори удзым хуэдэщ, я щIыхь псори удз гъэгъам хуэдэщ. Удзыр мэгъуж, гъэгъари мэкIуэдыж. Ауэ *Тхьэм и псалъэхэр мыкIуэдыжу игъащIэкIэ къонэ*’. А псалъэхэращ Тхьэм хуэлажьэ цIыхухэм къыфхуаIуэтар... ФIыуэ слъагъухэ, фэ, хамэу икIи мы дунейм хэхэсу щыпсэухэм, фи псэхэм *къыпэув хъуэпсэныгъэ Iейхэм* пэIэщIэ зыфщIыну сынывольэIу. Тхьэр зымыщIэхэм я пащхьэм тэрэзу фыщыпсэу... Жорым щраIулIым (н.ж. Хьисэ) ди гуэныхьхэр къытщхьэщихыурэ, абыхэм яхуэфащэ гугъуехьыр Езым и пкъым трилъхьащ, гуэныхь лэжьыным дыкъыбгъэдишыжу, щыпкъагъэм дыхуэпсэун щхьэкIэ. Абы и уIэгъэхэмкIэ фигъэхъужащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ мэл щхьэрыуахэм фахуэдэти (мэлыхъуэ фимыIэу), фи псэхэм я ХъумакIуэм икIи фи Мэлыхъуэм деж иджы фыкъэкIуащ... *Бзаджагъэм бзаджагъэкIэ фыпемыгъуэкI*, къыфщIэнакIэм фыщIэмынэкIэж. Абы и пIэкIэ, ‘Тхьэм и нэфIыр къыфщрехуэ’ яжефIэ; и бынхэм ящыщ фыхъуну Тхьэр фыкъыщIыхуриджар, Абы и нэфIыр къызэрыфщыхуэнур фэ IыхьэфIу къыфлъысыну арщ... Зиусхьэну Тхьэр фигукIэ вгъэлъапIэ... Мэссихь Тхьэм диришэлIэн щхьэкIэ, *ди гуэныхьхэм папщIэ гугъуехь зэ ишэчащ*, абыхэм папщIэ афIэкIа имышэчыжыну. Щыпкъагъэ игу илъу, щыпкъагъэ зигу имылъхэм щхьэкIэ гугъуехь ишэчащ Абы. ЦIыхухэм щалIым, лIэн хуей цIыхут ар. Тхьэм ар лIахэм къащыхигъэтэджыкIыжым, мылIэжын щыт псэуэ щытт... Мэссихь и цIэр зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ, цIыхухэр къыфхуэхъущIэмэ, гъуэгу махуэ фытеууващ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэу щIыхьышхуэ зиIэр фи гъусэщи... Фщыщу гуэрым гугъуехь ишэч хъумэ, щIишэчыр е цIыху укIынкIэ, е дыгъуэнкIэ, е бзаджэщIагъэкIэ арауэ иремыхъу... ауэ *Мэссихь и гъуэгу зэрырикIуэм щхьэкIэ, зыгуэрым гугъуехь ишэчмэ, иремыукIытэ,* Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщым щхьэкIэ, Тхьэм щIыхь хурещI».

Хъыбарым зэрыжиIэмкIэ, Петр жорым ираIулIащ, икIи езым и фIэфIыныгъэкIэ и щхьэр егъэзыхауэ - Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь жорым зэрыраIулIа щIыкIэм хуэдэу езыри жорым ираIулIыну зыхуигъэфэщакъым.

1 ПЕТР

## АПОСТОЛ ИУАН И ТХЫЛЪИЩ

Пасэрей зэманым зэрыжаӀамкӀи дин щӀэныгъэлӀхэр щыхьэт зэрытехъуэмкӀи, мы тхылъищыр зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀар апостол икӀи ХъыбарыфӀыр цӀыхухэм ялъэзыгъэӀэс Иуанщ. ХъыбарыфӀыр Иуан къызэриӀуэтами абы и тхылъищми я купщӀэ нэхъыщхэм ящыщщ «фӀылъагъуныгъэ» псалъэрщ.

Иуан и япэрей тхылъым и лъабжьэр: фӀылъагъуныгъэ, Тхьэм ухуэпсэуныр, гуфӀэгъуэ, текӀуэныгъэ, шынагъуэншагъэ, гъащӀэм и мыхьэнэ. - *Нэхугъэм хэтыныр*: «Тхьэр нэхугъэм зэрыхэтым хуэдэу, нэхугъэм дыхэту дызекӀуэмэ, дызэгъусэш икӀи Тхьэм и Къуэу Хьисэм и лъыуэ жорым щыщӀэкӀам гуэныхь псори ди гум ирегъэкъэбзыкӀыж... ЦӀыху гуэрым 'Сэ нэхум сыхэтщ' жиӀэ пэтми, и къуэшыр илъагъу мыхъумэ, ар кӀыфӀыгъэм хэтщ иджыри». - *Дунейм узэрыхущытынур*: «Мы дуней хьэхури мы дуней хьэхум и Ӏуэхугъуэхэри фӀыуэ фымылъагъу. Мы дунейр фӀыуэ зылъагъу цӀыхум и гум Адэ лъапӀэм и фӀылъагъуныгъэр илъкъым. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ мы дуней хьэхум и Ӏуэхугъуэхэр - цӀыхухэм я гуэныхьыщӀэ щэныжьыр зыщӀэхъуэпс Ӏуэхугъуэхэри, я нэхэр зыщӀэхъуэпс Ӏуэхугъуэхэри, цӀыхухэр зэрыпагэ Ӏуэхугъуэхэри Адэ ЛъапӀэм деж къикӀыркъым, мы дунейращ ахэр къыздикӀыр. Мы дуней хьэхури, мы дуней хьэхум и Ӏуэхугъуэу цӀыхухэр зыщӀэхъупсхэри мэкӀуэдыж, ауэ Тхьэр зыхуейр зыгъэзащӀэ цӀыхур игъащӀэкӀэ щыӀэнущ». - *Антихрист:* «Хэт атӀэ пцӀы зыупсыр? Хьисэ зэры-Мэссихьыр зымыдэр арщ. Апхуэдэ цӀыхуращ Антихристыр - Адэ лъапӀэри Къуэ лъапӀэри зымыдэрщ. Къуэ лъапӀэр зымыдэм и псэм Адэ лъапӀэри хэлъкъым. Къуэ лъапӀэр зыдэм и псэм Адэ лъапӀэри хэлъщ». - *Хьисэ КъегъэлакӀуэ:* «Ауэ Мэссихь дэ гуэныхьу тщӀар тщхьэщихыну къызэрыкӀуар фэ фощӀэ. Езым гуэныхь лъэпкъ бгъэдэлъкъым. Мэссихь зи псэм хэлъым гуэныхь лэжьыным пэӀэщӀэ зищӀащ». – *ФӀылъагъуныгъэ:* «Тхьэм фӀыуэ дызэрилъагъур мыпхуэдэу къытхуигъэнэӀуащ: ГъащӀэ къыдитын щхьэкӀэ, Тхьэм езым и Къуэ закъуэр дунейм къигъэкӀуащ... *Тхьэр фӀылъагъуныгъэщ.* ФӀылъагъуныгъэр зи гум илъ цӀыхур Тхьэм и псэм щыщщ, Тхьэри а цӀыхум и псэм хэлъщ...Тхьэм япэ щӀыкӀэ дэ фӀыуэ дызэрилъэгъуам щхьэкӀэ, дэ дигуми фӀылъагъуныгъэ илъщ... Хьисэ зэры-МэссихьымкӀэ фӀэщхъуныгъэ зиӀэр Тхьэм и бынщ...Тхьэр фӀыуэ тлъагъумэ, и унафэхэр дгъэзэщӀэнущ. И унафэхэри гугъукъым». - *Бегъымбар нэпцӀхэр*: «Тхьэм и Псэ ЛъапӀэр цӀыху гуэрым и гум илъмэ, ар къывэзыгъэщӀэнур мыращ: Хьисэ Мэссихь дунейм цӀыхуу къызэрыкӀуар шэч къытезымыхьэ дэтхэнэми игу Тхьэм и Псэ ЛъапӀэр илъщ. Хьисэ Мэссихь дунейм цӀыхуу къызэрыкӀуар шэч къытезыхьэ дэтхэнэми и гум Тхьэм и Псэ ЛъапӀэр илъкъым. А цӀыхум и гум илъыр Антихрист и псэр арщ...» - *МыкӀуэдыжьын гъащӀэр:* «Фэ, Тхьэм и Къуэм и цӀэкӀэ фӀэщхъуныгъэ зиӀэхэм, мыкӀуэдыжын гъащӀэ зэрывиӀэр фщӀэн щхьэкӀэ, мы Ӏуэхугъуэхэр ныфхузотх».

1 ИУАН

## ИУДЭ И ТХЫЛЪ

Псоми зэралъытэмкIэ мы тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIар ХъыбарыфIыр Маттэ (13:55) къызэриIуэтам къыхэщ Иудэщ.

Иудэ чыристанхэр егъэIущ «Тхьэм езым и цIыху лъапIэхэм я IэмыщIэм кърилъхьа фIэщхъуныгъэм быдэу фытетыну». Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм щыщ щапхъэхэр къытрихьэурэ, Иудэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр еущий гуэныхьыщIэхэм щехъумэ гуэныхьыщIэхэм зрамыгъэщхьыну: «Содом, Iаморэ къалэхэм я цIыхухэмрэ а къалэхэм я Iэщэлъашэхэм ит къалэхэм дэс цIыхухэмрэ зинэри цIыхухэм ямыщIапхъэ емыкIу Iуэхухэри ящIэу щытащ. ЗэикI мыункIыфIыжын мафIэм и гугъуехьышхуэр Тхьэм абыхэм яригъэшэчурэ, абыхэм я гъуэгу дримыкIуэн щхьэкIэ, ахэр щапхъэ къытхуищIащ. Апхуэдэу, я нэкъыфIэщхэм щхьэкIэ мы цIыхухэм япкъхэр ягъэуфIей; тепщэныгъэ зиIэхэр ядэркъым, уафэм щIыхьышхуэ щызиIэхэми хуошхыдэ... А цIыхухэр зыри зэхамыщIыкI Iуэхугъуэхэми хущIоджэ; ауэ акъыл зимыIэ хьэкIэкхъуэкIэхэм езыхэм къыдалъхуа я хьэлкIэ Iуэхугъуэхэр зэрызэхащIыкIым хуэдэу, а цIыхухэм зэхащIыкI Iуэхугъуэхэр арщ ахэр зытеунахъуэр... Зи фIейр дэзыдзей толъкъунхэм яхуэдэщ, вагъуэ гъуэщахэу кIыфIыгъэм и кууупIэр Тхьэм игъащIэкIэ къызыхуигъэнахэм яхуэдщ».

Тхьэм и гъуэгум тегъуэщыкIахэм яжриIэурэ, узэрыпсэун, фIэщхъуныгъэр узэрызепхьэн хуейм теухуауэ Иудэ етх: «Ауэ фэ, фIыуэ слъагъухэ, гурэ псэкIэ нэхъ къару зыхуэвгъуэтыжу, фи фIэщхъуныгъэ лъапIэ дыдэм и щыпкъагъэм фызэрытетынум фыхущIэкъу. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Тхьэм фелъэIу. Ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь гущIэгъу къыфхуищIу, мыкIуэдыжын гъащIэ къызэрывитыным фыпэплъэ, Тхьэм и фIылъагъуныгъэм зыхэвмыгъэн. ЗэхэщIыкI зивгъэIи, ди фIэщхъуныгъэмкIэ шэч зиIэ цIыхухэм гущIэгъу яхуэфщI. НэгъуэщIхэри мафIэм къыхэфшыжи, мыкIуэду къевгъэл. ИтIанэ нэгъуэщI цIыхухэми фыщышынэурэ, гущIэгъу яхуэфщI. Япкъхэм ягъэуфIея щыгъынхэми пэIэщIэ зыфыщI».

Тхылъыр еух Тхьэм щIыхьышхуэ хуэзыщI псалъэ гъуэзэджэхэмкIэ: «И гъуэгум фытекIыным Тхьэм фыщихъумэн лъэкIынущ, лажьи фимыIэу, гуфIэгъуэшхуи фиIэу, езы щIыхьышхуэ ЗиIэм и пащхьэм фригъэувэн лъэкIынущ. ЩIыхьышхуэр, лъэщыгъуэр, лъэкIыныгъэшхуэр, тепщэныгъэшхуэр Тхьэ закъуэм ейщ, лъэхъэнэ псоми - япэми, иджыри, игъащIэкIи. Iэмин». Езыращ Хьисэ Мэссихь къыпкъырыкIэу дыкъезыгъэлар.

ИУДЭ И ТХЫЛЪ

## АПОСТОЛ ПАУЛ И ТХЫЛЪХЭР

ХъыбарыфIым апостол Паул и тхылъ пщыкIущ хохьэ, абы Рим, Коринф, Ефес, Филиппи, Колоссэ, Фессалоникэ къалэм дэсхэм, Галатие хэкум щыпсэухэм, цIыху щхьэхуэхэм – Тимофей, Тит, Филимон сымэ яхуитхауэ. (Еврейхэм яхуэгъэза тхылъри апостол Паул итхауэ ялъытэ.)

Апостол Паул и тхылъхэр ХъыбарыфIым и Iыхьэ плIанэ мэхъу. А тхылъхэм я мыхьэнэ псори къыпхуэIуэтэнукъым, апхуэдизкIэ къулейщи. Абы къыхэкIкIэ, а тхылъхэм щыщ пычыгъуэ зыбжанэ къэтхьын къудейщ:

«Тхьэр фIылъагъуныгъэщ» - къыджеIэ Тхьэм и Псалъэм.

Коринф дэсхэм хуигъэхьа япэ тхылъым фIылъагъуныгъэм теухуауэ апостол Паул мыпхуэдэу щетх:

«ЦIыхухэмрэ мелыIычхэмрэ я бзэхэмкIэ сыпсалъэурэ, фIылъагъуныгъэ сигу имылъмэ, жьгъыру макъ зыпыIукI гъуаплъэм е макъ гуемыIу зыгъэIукI уэзджынэм сыхуэдэщ. Тхьэм езым и псалъэхэр си гум къэрилъхьэурэ, ахэр жысIэнэу лъэкIыныгъэ къызитауэ сиIэми, щэху псори сщIэми, щIэныгъэ псори сиIэми, бгыхэр нэгъуэщI щIыпIэ згъэIэпхъуэфыну фIэщхъуныгъэ сиIэми, ауэ фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, сэ сызырикIщ. СиIэ хъуа псори зимыIэхэм естыми, си пкъыр мафIэкIэ ягъэсыну цIыхухэм естми, ауэ фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, абы фIагъ къысхухэкIынукъым.

Лъагъуныгъэр Хьисэ Мэссихь цIыхухэм яригъэщIам и купщIэщ. Хьисэ жиIащ: «Уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи зэхэщIыкI псомкIи Зиусхьэну уи Тхьэр фIыуэ лъагъу. Аращ я нэхъ ин дыдэу япэрей унафэр. ЕтIуанэ унафэри апхуэдэщ: 'Уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу'; мы унафитIым къызэщIаубыдэ Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм ит псори, адрей бегъымбархэми жаIа псори' (Маттэ 22:37-40).

Библием щыщ нэгъуэщI щIыпIэм деж Хьисэ Тхьэм и лъагъуныгъэм теухуауэ щыжеIэ: «Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, Езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыри мыкIуэду къелын икIи мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ» (Иуан 3:16).



## ФIЫЛЪАГЪУНЫГЪЭ

«ФIылъагъуныгъэм щыIэрэ
гущIэгъурэ хэлъщ.
ФIылъагъуныгъэр фыгъуэркъым,
зыщытхъужыркъым
икIи зыкъыфIэщIыжыркъым.
ФIылъагъуныгъэм хабзэншагъэ зэрихьэркъым,
езым и щхьэм и фIагъ къилъыхъуркъым,
зигъэгусэркъым,
бзаджагъэми егупсысыркъым.
ФIылъагъуныгъэр бзаджагъэм щыгуфIыкIыркъым,
щыпкъагъэрщ зыхуэгуфIэр.
ФIылъагъуныгъэм мыхъу-мыщIэ псори егъэгъу,
ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэщ сыт щыгъуи,
Тхьэм щогугъ сыт щыгъуи,
щыIэныгъэ иIэщ сыт щыгъуи.
ФIылъагъуныгъэр зэи кIуэдыжынукъым.
Мы Iуэхуищыр мыкIуэдыжынщ:
ФIэщхъуныгъэр,
Тхьэм IыхьэфIыр къызэрытлъигъэсынум
дызэрыщыгугъыр, фIылъагъуныгъэр.
Абыхэм ящыщу нэхъ иныр фIылъагъуныгъэр аращ.

1 Коринф 13:4-13

ALLDELES FÖR LÅNG RUBRIK!!!

## ГУЭНЫХЬЫЩІЭ ЩЭНЫЖЬЫМ КЪЫХЭКІ ІЕЙХЭМРЭ ТХЬЭМ И ПСЭ ЛЪАПІЭМ КЪЫБГЪЭДЭКІ ФІЫХЭМРЭ

Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ: «Жызумыпкъыр сэращ, къудамэхэр фэращ. ЦIыху гуэрым и псэм сыт щыгъуи сыщыщ хъумэ, езыри сэ си псэм сыт щыгъуи щыщ хъумэ, а цIыхум фIыгъуэ куэд къыпыкIынущ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ фэ сывимыгъусэмэ, зыри фщIэн флъэкIынукъым». Зиусхьэн Хьисэ ди гум щилъым деж, жызум къудамэхэм къазэрыпыкIым хуэдэу, фIыгъуэ къытпыкIынущ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ мыпхуэдэ щапхъэри: «Бегъымбар нэпцIхэм фахуэсакъ. Абыхэм мэл Iэсафэ зытрагъауэ, ауэ ягукIэ дыгъужь хъунщIакIуэхэм хуэдэу фи деж къокIуэ. Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ зэрыпщIэм хуэдэу, а цIыхухэр зыхуэдэр ялэжь IуэхухэмкIэ къэфщIэнущ. Пыжьейм жызум, е кхъуэбанэм ахъуо къыпыкIэрэ? Дэтхэнэ зы жыгыфIми фIы къыпокIэ, ауэ жыг Iейм Iейщ къыпыкIэр».

Галатие хэкум исхэм яхуитха тхылъым апостол Паул «ЦIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьым къыхэкI Iейхэмрэ» «Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэмрэ» щытепсэлъыхьащ. «ЦIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьым къыхэкI Iейхэм нахуэщ. Мыхэращ:

Зинэ щIэныр, гуфIеягъэр, мыхъумыщIэ псэукIэр, тхьэ нэпцIхэр бгъэлъэпIэныр, удыгъэ зехьэныр, зэбииныр, зэщыхьэныр, фыгъуэныр, губжьыныр, цIыхум езым фIэкIа зыри фIыуэ имылъагъуныр, зэгурымыIуэныгъэр, гуп-гупэу зэхэкIыныр, зым зыр илъагъу мыхъуныгъэр, цIыху укIыныр, удэфэныр, щхьэрутIыпщу ефэ-ешхэ щIыныр, апхуэдэ нэгъуэщI Iуэхухэри.

Нэхъапэм нызэрывжесIам хуэдэу иджыри нывжызоIэ, апхуэдэ икIагъэхэр зылэжьхэм Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм Iыхьэ къалъысынукъым.

Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэр мыхэращ:

ФIылъагъуныгъэр, гуфIэгъуэр, гузэгъэгъуэр, щыIэныгъэр, фIыгъуэр, гущIэгъуныгъэр, фIэщхъуныгъэр, гущэбагъэр, зышыIэныгъэр».



ГукIэ зэвгъащIэмэ фIыщ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэр.

ИУАН 15:5-6; ГАЛАТХЭМ 5:19-23;

## ЧЫРИСТАН НЫБЖЬЫЩІЭ ТИМОФЕЙ

ЕтІуанэ гъуэгуанэм дин ІуэхукІэ щытехьам щыгъуэ, Дервиерэ Листрэрэ нэсауэ, Мэссихь и гъуэгу ирикІуэ щІалэщІэ ирихьэлІащ Паул. Абы и цІэр Тимофейт. Абы и анэр Хьисэ и гъуэгум тет журт бзылъхугъэ Евникэт. Тимофей и адэр алыджт. Тимофей и анэшхуэ Лоиди фІэщхъуныгъэ иІэт. Тимофей Паул и зекІуэгъу хъуащ, Лука хуэдэу. Паул и гъусэу Македониеми, Грециеми, Азие МащІэми, уеблэмэ Рими щыІащ. Хъыбарым зэрыжиІэмкІэ Паул Рим деж щаукІа нэужь, Тимофей Ефес члисэ зэхуэсышхуэм и Іэтащхьэ хъуауэ щытащ, икІи Рим пащтыхь Нерон и зэманым, е Домициан и зэманым и фІыщхъуныгъэм папщІэ хьэзаб телъу дунейм ехыжащ.

Апостол Паул Тимофейм хуитхащ тхылъитІ. Апостол Паул абы хуигъэхьа тхылъхэм щІэлъ гупсысэ псори къыпІуэтэфынукъым. Абыхэм ящыщ зыбжанэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Апостол Паул Тимофей хуитха япэ тхылъым итщ: *ЦІыху псоми Тхьэм яхуелъэІуным теухуауэ:* «Псом хуэмыдэу сыныволъэІу: цІыху псоми щхьэкІэ Тхьэм фелъэІу, дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну, фІыгъуэ яригъэгъуэтыну фелъэІу. Тхьэм фІыщІэ хуэфщІ. Тхьэм и фІэлІыкІыр ди гум илъу, гукъабзагъэкІэ, мамыру икІи дигу зэгъауэ дыпсэуфын щхьэкІэ, пащтыхьхэмрэ тепщэныгъэ зиІэхэмрэ Тхьэм фахуелъэІу. Ар фІыщ икІи дымыкІуэду дыкъезыгъэл Тхьэм игъуэу елъытэ». Паул ар щитхар чыристанхэр зэхэзехуэн зыщІа щыта Нерон залымым и зэманырщ. - *Жин бзаджэхэм цІыхухэм ирагъэщІа Іуэхухэр*: «Тхьэм и Псэ ЛъапІэм ІупщІу къыжеІэ дунейм и иужьрей лъэхъэнэхэм цІыху куэд фІэщхъуныгъэм и гъуэгум зэрытекІыжыпэнур. ЦІыхухэр дэзыгъэхьэх жинхэми жин бзаджэхэм цІыхухэм ирагъащІэ Іуэхухэми едэІуэнущ». - *Беягъэр:* «Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ бзаджагъэ псори къызыбгъэдэкІыр ахъшэм щІэбэгъынырщ. ЦІыху гуэрхэр, ахъшэм щІэхъуэпсурэ, фІэщхъуныгъэм и гъуэгум текІри, гухэщІ Іэджэ я щхьэм къыхуахьыжащ. Ауэ уэ, Тхьэм и цІыху, а Іуэхухэм защыхъумэ. Щыпкъагъэр, Тхьэм и фІэлІыкІыр, фІэщхъуныгъэр, фІылъагъуныгъэр, теубыдагъэр, гущабагъэр уи гум зэрилъыным хущІэкъу». - *ФІэщхъуныгъэм хущІэкъуныгъэ:* «ФІэщхъуныгъэм фІыуэ хущІэкъу. МыкІуэдыжын гъащІэ зэгъэгъуэт; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ щыхьэт куэдым я пащхьэм фІэщхъуныгъэ узэриІэм фІыуэ щыхьэт ущыщытехъуэм, а мыкІуэдыжын гъащІэр бгъуэтыну Тхьэм укъыхуриджащ». - *Тхьэм хуэлажьэ цІыхур:* «Тхьэм и фІэлІыкІыр зыхэмылъ фыз хъыбархэм пэІэщІэ зыщІ. Тхьэм и фІэлІыкІыр уи гум зэрилъыным хущІэкъу... ПсалъэхэмкІэ, псэукІэмкІэ, фІылъагъуныгъэмкІэ, фІэщхъуныгъэмкІэ, гукъабзагъэмкІэ фІэщхъуныгъэ зиІэхэм щапхъэ яхуэхъу... Тхьэм и псалъэ тхахэм цІыхухэм я пащхьэм уакъызэрыщыхуеджэнми, цІыхухэм зэрагурыбгъэІуэнми, зэребгъэщІэнми пылъ...»

Тимофей зэрызыхуигъэза етІуанэ тхылъыр Паул щитхар щаукІынум пэплъэу, лъэхъуэщым щиса зэманырауэ ялъытэ – Нерон и тетыгъуэм. Абы етх: «ХъыбарыфІым фІыуэ сыхущІэкъуащ, къэзжынур къэзжащ, фІэщхъуныгъэр схъумащ. Иджы Зиусхьэным щыпкъагъэм и тажыр схуигъэхьэзыращ. А тажыр щыпкъагъэм тету хьэкум зыщІэ Зиусхьэным къемэтмахуэм къысхуигъэфэщэнущ, ауэ сэ си закъуэкъым, ар дунейм къызэрыкІуэжынум щыгуфІыкІа псори сэ сщІыгъущ».

## «ЗИУСХЬЭНЫР ЗЫЩ, ФIЭЩХЪУНЫГЪЭРИ ЗЫЩ, ДЫЩIАУМЭХЪРИ ЗЫЩ» ТХЫГЪЭХЭМ КЪИХА УСЭХЭР

«ЦIыху псоми гуэныхь ящIащ, Тхьэм деж къикI щIыхьышхуэмкIи Iыхьэ яIэкъым» (Рим 3:23).

«Гуэныхь лэжьыным къыхэкIыр лIэныгъэщ, ауэ Хьисэ Христосу ди Зиусхьэныр ди псэм зэрэщыщым щхьэкIэ Тхьэм къыдит тыгъэшхуэр мыкIуэдыжын гъащIэщ» (Рим 6:23).

«Тхьэр закъуэщ, Тхьэмрэ цIыхухэмрэ зэзыгъэкIужыр закъуэщ, ар цIыхуу Мэссихь Хьисэ арщ» (1 Тим. 2:5).

«Мэссихь, ди гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкIэ, лIащ...» (1 Кор. 15:3).

«Уи жьэкIэ цIыхухэм я пащхьэм Хьисэ Зиусхьэну зэрыщытыр щыжыпIэмэ, Тхьэм ар лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжамкIэ фIэщхъуныгъэ гурэ псэкIэ уиIэмэ, умыкIуэду Тхьэм укърыгъэлынущ» (Рим 10:9).

«КIуэдыпIэм и гъуэгу тетхэм я дежкIэ жорым и хъыбарыр делагъэу щытщ, ауэ дэркIэ, дымыкIуэду Тхьэм къригъэлхэмкIэ, Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэр жорым хэлъщ» (1 Кор. 1:18).

«Фымыжейуэ фысакъ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум фытемыкI, лIыгъи быдагъи зыхэвгъэлъ» (1 Кор. 16:13).

«Мэссихь теухуа хъыбарыфIым сытеукIытыхьыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хъыбарыфIыращ Тхьэм и лъэкIыныгъэу фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри мыкIуэду къезыгъэлыр...» (Рим 1:16).

«ЗыкъэвмыгъэпцIэж: Тхьэм фэ зыкъывигъэгъэпцIэнукъым. ЦIыхум хьэсэм трисэрщ къытрихыжынур» (Гал. 6:7).

«ЦIыху псори удзым хуэдэщ, я щIыхь псори удз гъэгъам хуэдэщ. Удзыр мэгъуж, гъэгъари мыкIуэдыж» (1 Петр 1:24).

«Дэ псоми Мэссихь хьэкум къыттрищIыхьын щхьэкIэ абы и тахътэм и пащхьэ диувэн хуейщ, мы дунейм хэти щилэжьам хуэфащэр, фIыми Iейми, игъуэтыжын папщIэ» (2 Кор. 5:10).

«Апхуэдэу дэ псори Тхьэм и пащхьэм диувэнущ, щхьэж езым щхьэкIэ жэуап иритыну» (Рим. 14:12).



«Нобэ Тхьэм и макъыр зэхэфхмэ, фи гур ерыщу щывмыгъэт...» (Евр. 4:5).

«Зиусхьэныр зыщ, фIэщхъуныгъэри зыщ, дыщIаумэхъри зыщ» (Ефес 4:5).

## АПОКАЛИПСИС (ХЬИСЭ МЭССИХЬ ИУАН КЪЫХУИГЪЭНЭХУА IУЭХУГЪУЭХЭР)

Дэ дызыщыпсэу щIылъэр игъащIэкIэ щыIэнукъым. Абы щыхьэт техъуэ псалъэхэм ущрохьэлIэ Библием, псом хуэмыдэу щыкуэдщ ахэр Апокалипсисым, н.ж. Библием и иужьрей дыдэ тхылъым.

Иуани Хьисэ и апостол пщыкIутIым ящыщ зыщ. Ар ящыщащ ныбжькIэ нэхъыщIэ апостолхэм. Япэ чыристанхэм къызэранэкIа хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, Иуан нэмыщI адрей апостол псори я фIэщхъуныгъэм папщIэ яукIащ. Ауэ Иуани гугъехь ишэчащ Мэссихь зэрыхущыпкъэм папщIэ. ХьэIупс хъуауэ, грек хытIыгу Патмос щрагъэшам щыгъуэ абы Зиусхьэныр къыхуэлъагъуэри, жиIащ: «...Алфэри Омегэри, япэрейри иужьрейри сэращ. Плъагъур тхылъым итхи, члисэ зэхуэсиблым яхуегъэхь...» (Апокалипсис 1:10-11)

Апокалипсисым итщ дунейм и иужьрей махуэхэм къэхъуну IуэхугъуэхэрТхьэм бегъымбархэм яригъэтхауэ, мыхьэнэ щэху зыхэлъ символхэмкIэ, псалъэм папщIэ: члисэ зэхуэсиблым яхуэгъэза тхыгъэхэр, мыхъуриблыр, шууиплIыр, бжьамиишхуиблыр, Тхьэм и губжьыр зэрыт фалъиблыр, Армагеддон, мыкIуэдыжын гъащIэр зыгъуэтыну цIыхухэм я цIэхэр зэрыт тхылъыр, хьэкIэкхъуэ емынэм и бжыгъэр - 666, Бабилэн - псэжьышхуэр, щхьибл зыфIэт, бжьакъуипщI зытет хьэкIэкхъуэкIэр, пащтыхьипщIыр, илъэс мин зи гъащIэ тепщэныгъэр, ЕрусалимыщIэ... мывэ лъапIэхэр, мыкIуэдыжын гъащIэр къэзыт жыгыр...

Апокалипсисым щэху куэду хэлъщ. Ауэ мы зыр IупщI дыдэщ: Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь щIым аргуэру къэкIуэнущ. Дунейм и цIыхухэм хьэкум трищIыхьынущ Абы. Абы пэплъащ япэ чыристанхэр, абы дыпоплъэ дэри.

Дыкъеджэнщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа тхыгъэу члисэ зэхуэсиблым яхуэгъэзам щыщ зым. А члисэ зэхуэсиблыр къэунэхуакIэт, Иуан и «Апокалипсисыр» щитхым щыгъуэ, ауэ а тхыгъэм щыгъуэзэ дещI къэкIуэну зэманми чыристан



члисэ зэхуэсхэми фIэщхъуныгъэ зиIэхэми я щытыкIэ хъунур. А псалъэхэм щыщ гуэрхэри уэри сэри къытхуэгъэзагъэнкIэ мэхъу:

## «МИС, БЖЭМ СЫIУТУ СЫНЫТОУIУЭ...»

«IэминкIэ зэджэ щыхьэт щыпкъэу икIи узыщыгугъ хъун щыхьэту Тхьэм къигъэщIа псори зи IэмыщIэм къикIам мы псалъэхэр жеIэ: Фэ влэжь Iуэхухэр сощIэ. Фигухэр икIи хуабэкъым, икIи щIыIэкъым. Фигухэр хуабэу щытыгъащэрэт е щIыIэу щытыгъащэрэт. Мыхуабэ-мыщIыIэу фызэрыщытым щхьэкIэ си жьэм фыкъыжьэдэздзынущ. Фэ мыпхуэдэу жывоIэ: 'Дыбейщ, куэд диIэ хъуащ, хуэныкъуагъэ зыри диIэкъым'. Гъуэгу мыгъуэ фытеувауэ, фытхьэмыщкIэу, гущIэгъу фхуэфащэу, фынэфу икIи фыпцIанэу фызэрыщытыр фщIэркъым. Аращи, бей фыхъун щхьэкIэ, мафIэкIэ гъэкъэбзэжа дыщэ си деж щыфщэхуну чэнджэщ фызот. ФызэрыпцIанэщи, фымыукIытэн щхьэкIэ, щыгъын хужьхэри къыфщэху. Фи нэхэми ялъагъун щхьэкIэ, ящыфхуэну дагъэри къэфщэху. ФIыуэ слъагъухэм ягурызогъаIуэ, икIи согъэдаIуэ. Аращи, фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, си гъуэгум фигурэ фи псэкIэ фрикIуэ.

Мис, бжэм сыIуту сынытоуIуэ. Зыгуэрым си макъыр зэхихрэ, бжэр къызэIуихмэ, сыщIыхьэнурэ, сэ абы сыдэшхэнущ, езри сэ къыздэшхэнущ.

Си тахътэм къыщызбгъэдэсыну хуит сщIынущ текIуэныгъэр къэзыхьыр, сэри текIуэныгъэр къэсхьу, си Адэм и тахътэм езым сызэрыщыбгъэдэтIысхьам хуэдэу. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех тхьэкIумэ зиIэм».

АПОКАЛИПСИС 3:14-22

## «УАФЭЩIЭМРЭ ЩIЫЛЪЭЩIЭМРЭ»

«Апокалипсисым» и иужьрей дыдэ едзыгъуэхэм символхэмкIэ къыхощ къемэтмахуэм, щIылъэщIэм, уафэщIэм я щытыкIэнур.

«Тахътэ хужь инымрэ абы тесымрэ слъэгъуащ итIанэ. Тахътэм тесым и пащхьэм щIылъэри уафэри щызэдэкIуэдащ, щIыпIи къахуэнэжакъым. ЦIыху лIахэр, цIыкIуи ини, тахътэм и пащхьэм иту слъэгъуащ. МелыIычхэм тхылъ гуэрхэр зэгуахащ. МыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм я цIэхэр зэрыт нэгъуэщI тхылъи зэгуахащ. ЦIыху лIахэм ялэжьа Iуэхуу а тхылъхэм ярытхэм яхуэфащэ хьэкумыр тахътэм тесым ятрищIыхьащ. Хым итхьэла цIыхухэр къитыжащ. ЛIэныгъэми лIахэм я дунейми цIыху лIауэ яIэхэр къатыжащ икIи тахътэм тесым дэтхэнэми илэжьа Iуэхухэм яхуэфащэ хьэкум трищIыхьащ...

УафэщIэрэ щIылъэщIэрэ слъэгъуащ итIанэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ япэрей уафэри япэрей щIылъэри щыIэжкъым, хыри щыIэжкъым. Къалэшхуэ лъапIэу ЕрусалимыщIэр Тхьэм деж къикIыу, уафэм къехыу слъэгъуащ абы и ужькIэ. НысащIэ хъунум щауэм зызэрыхуигъэщIэращIэм хуэдэу, зигъэхьэзырат абы. Тахътэм къиIукI макъышхуэ гуэрым мыпхуэдэу къыжиIэу зэхэсхащ: Мис, Тхьэм и псэупIэр цIыхухэм я дежщ, езыри абыхэм яхэсынущ. Ахэри абы и цIыху хъунущ. Езы Тхьэри абыхэм я гъусэнущ икIи я Тхьэу щытынущ. Абыхэм я нэхэм нэпс псори ящIилъэщIыкIыжынущ. ЛIэныгъэри, щыгъуэныгъэри, гъынри, узыфэри щыIэжынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ блэкIа Iуэхухэр щыIэжкъыми.

Тахътэм тесым жиIащ итIанэ: Мис, Iуэху псори щIэуэ солэжь. Мыхэр тхы, - къыпищащ итIанэ, - мыхэр узыщыгугъ хъун псалъэ щыпкъэщи. Iуэхухэр зэфIэкIащ, - къызжиIащ итIанэ. - Алфэри Омегэри, ублапIэри ухыпIэри сэращ. Псы хуэлIэр гъащIэ къэзыт псынэм и псым щыщ езгъэфэнущ пщIэ щIимыту. ТекIуэныгъэр къэзыхьым мы псори и Iыхьэф I хъунущ. Сэ абы сри-Тхьэщ, езыри си къуэщ. Ауэ къэрабгъэхэми, фIэщхъуныгъэ зимыIэхэми, зызыгъэуфIеяхэми, лIыукIхэми, зинэ зыщIэхэми, удыгъэм пылъхэми, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэми, пцIыупсхэми я Iыхьэр мафIэмрэ тхъуэбзащхъуэмрэ ис хыр аращ. Ар етIуанэ лIэныгъэрщ...

А къалэр зыгъэнэхун дыгъи мази хуэныкъуэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и щIыхьышхуэм а къалэр егъэнэху, Щынэр а къалэм и нэхугъэщ... Къэбзэныгъэ зимыIэр а къалэм дыхьэнукъым. ЕмыкIу зыщIи пцIыупси дыхьэнукъым абы. Зи цIэр Щынэм и тхылъым иту, мыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм фIэкIа, а къалэм зыри дыхьэнукъым».

АПОКАЛИПСИС 20:11-33; 21:1-8, 23, 27

## БИБЛИЕМ И ИУЖЬРЕЙ НАПЭКIУЭЦIЫР

Тхыгъэ ЛъапIэр, Библиер, еух къэкIуэну дунейм, Хьисэ, Тхьэм и Къуэр, щIым етIуанэу къызэрыкIуэнум теухуа псалъэхэмкIэ. Дыкъеджэнщ 'Апокалипсисым' и иужьрей пычыгъуэм - Библием и иужьрей напэкIуэцIым:

«ИкIи къызжиIащ: Тхьэм деж къикIауэ мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм ятеухуахэм мыхъур ятумыдзэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пIалъэр къэблэгъащ. Бзаджагъэ зылэжьыр иджыри бзаджагъэ лэжьыным прелъ. ФIеигъэм пылъри прелъ иджыри. Щыпкъагъэр зыгъэзащIэри щыпкъагъэр игъэзэщIэным прелъ. Зи гур къабзэ цIыхум и гур къабзэ зэпыт ирехъу. Куэд мыщIэу сыкъэкIуэжынущ. Дэтхэнэми хуэфащэ Iыхьэр ныздызохь, дэтхэнэми илэжьам хуэфащэри естыжынущ.

Алфэри Омегэри, япэрейри иужьрейри, ублапIэри кIэухри сэращ. ЦIыхухэм гъащIэ къезыт жыгым къыпыкIэм щыщ яшхыну икIи къалэм куэбжэмкIэ дыхьэну хуит хъун щхьэкIэ, Тхьэм и унафэхэр зыгъэзащIэхэр гъуэгу махуэ теуващ. Ауэ хьэхэри, удыгъэм пылъхэри, зинэ зыщIэхэри, лIыукIхэри, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэри, пцIыIуэпцIышагъэм фIыуэ илъагъуу зыгъэзащIэ дэтхэнэри а къалэм зэрыдыхьэным пыкIащ.

Сэ сы-Хьисэщ. Мы IуэхумкIэ фи члисэ зэхуэсхэм щыхьэт къыфхуэхъуну си мелыIычыр нэзгъэкIуащ. Даут пащтыхьым и унагъуэ лъэпкъым къытехъукIа бын лъапIэр сэращ. Нэхущ вагъуэ нэхури сэращ.

Тхьэм и Псэ ЛъапIэми нысащIэми жаIэ: 'КъакIуэ!' Ар зэхэзыхми жреIэ: 'КъакIуэ!' Хэтми, псы хуэлIэр кърекIуэ. Хэт хуейми, цIыхухэм гъащIэ къезыт псым пщIэ щIимыту ирефэ.

Тхьэм деж къикIауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм теухуар зэхэзых дэтхэнэри зыхуэсакъыжыну жызоIэ. Мы тхылъым ит псалъэхэм цIыху гуэрым зыгуэр хилъхьэмэ, мы тхылъым зи хъыбар ит гугъуехьышхуэхэр Тхьэм абы трилъхьэнущ. Тхьэм деж къикIауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм ятеухуахэм цIыху гуэрым зыгуэр хигъэщIмэ, а цIыхум и IыхьэфIыр Тхьэм къыIихынущ.



МыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм я цIэхэр зэрыт тхылъымкIи, къалэ лъапIэмкIи, мы тхылъым зи хъыбар ит Iуэхухэмки Тхьэм а цIыхум и Iыхьэр къыIихынущи. Мы Iуэхухэм щыхьэт техъуэм жеIэ: 'Аращ, куэд дэмыкIыу сыкъэкIуэжынущ'. Iэмин.

КъэкIуэж, Зиусхьэн Хьисэ! Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI фэ псоми къыфщрехуэ. Iэмин».

АПОКАЛИПСИС 22:10-21

Апокалипсис 22:10-21

# «ЛЪЭПКЪ ПСОМИ ЕВГЪАЩІЭ»

Уафэм дэкІуеижын и пэ, и гъуэгу ирикІуэхэм щахэкІыжым, ди КъегъэлакІуэм, Хьисэ Мэссихь, жиІащ:

«Уафэми щІылъэми тепщэныгъэ псори щызиІэу, си ІэмыщІэ илъщ. Арации, фыкІуи, лъэпкъ псори си гъуэгу къытевгъыхьэ. Адэ лъапІэми, и Къуэми, Тхьэм и Псэ ЛъапІэми я цІэкІэ фыумэхъи, унафэу нывжесІа псори ягъэзэщІэну яхуэвгъэув. Пэж дыдэу, дунейм и кІэухым нэсыху сыт щыгъуи сывигъусэнущ сэ. Іэмин.»

ХъыбарыфІым и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм къыщыхощ Зиусхьэным лъэпкъ псори фІыуэ зэрилъагъур икІи дунейм лъэпкъыу тетыр кърйгъэлыну зэрыхуейр. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэ зыбжанэ къыхэтхынщ Тхыгъэ ЛъапІэм:

«...цІыхухэм уфІагъэжащ, уилъкІэ унагъуэ лъэпкъ псоми, бзэ псоми, къэрал псоми, лъэпкъ псоми ящыщ цІыхухэм я щхьэхэр Тхьэм папщІэ къэпщэхужащ...»

«Абы и ужькІэ сыщыплъэм, лъэпкъ псоми, унагъуэ лъэпкъ псоми, къэрал псоми, бзэ псоми ящыщу пхуэмыбжыну цІыху куэдыкІей слъэгъуащ. Джанэ кІыхь хужьхэр ящыгъыу, хъурмэ жыгым и къудамэхэр яІыгъыу, тахътэмрэ Щынэмрэ я пащхьэм итт ахэр».

«НэгъуэщІ мелыІыч гуэр уафэм щызелъатэу слъэгъуащ абы и ужькІэ. Дунейм тет цІыху псоми, лъэпкъ псоми, унагъуэ лъэпкъ псоми, бзэ псоми, къэрал псоми яхуиІуэтэну, Тхьэм и хъыбарыфІу мыкІуэдыжынур а мелыІычым къихьырт...»

Арации, ныбжьэгъу лъапІэ, уэ Зиусхьэным дежкІэ улъапІэщ уэ, сыт хуэдэ лъэпкъым укъыхэкІами – ар лъэпкъышхуэуи лъэпкъ цІыкІууи щрети. Абы фІыуэ уэ укъелъагъу. ЦІыху псори лъэпкъ псори и зэхуэдэщ Хьисэ, псори лъапІэщ Абы дежкІэ. Хьисэ Мэссихь и псэр щІитар дунейм цІыхуу тетыр кърйгъэлын щхьэкІэщ. щІылъэм щыпсэу цІыху псори кърйгъэлын папщІэ: «Хэт къыдэІэпыкъуну езым елъэІуми, мыкІуэду Зиусхьэным кърйгъэлынущ» - дыкъыщоджэ ХъыбарыфІым. Уэри еджэ ХъыбарыфІым, Тхьэм и Псалъэм! ХъыбарыфІыр дунейм тет бзэ минитІ хуэдизкІэ зэрадзэкІакІэщ.

МАТТЭ 28:18-20; АПОКАЛИПСИС 5:9; 7:9; 14:6; РИМ 10:13

## Ныбжьэгъу лъапIэ!

Ди тхылъым и кIэухым дынэсакIэщ дэ. Абы итыр Библиер зытепсэлъыхь языныкъуэ Iуэхугъуэхэрщ, ари гъэкIэщIауэ. Библиер напэ 1200-рэ хуэдиз мэхъу, хьэрф цIыкIукIэ къэщыпауэ. Абы къокI убгъуауэ къыщыIуэта къэхъукъащIэхэми нэхърэ нэхъ куэдыж абы зэритыр.

Библиер, нэгъуэщIу жыпIэмэ Тхыгъэ ЛъапIэр, Тхьэм и Псалъэщ, тхылъ псоми ящхьэщ ар. Чэнджэщ удохьэлIэ, ныбжьэгъу лъапIэ, Библием зэрыщыту, е Хьисэ Мэссихь, Тхьэм и Къуэр, къалъхуа нэужь ятха ХъыбарыфIым щыгъуазэ зыхуэпщIыну.

Библиер дуней псом щадж тхылъхэм ящыщу цIыхухэр нэхъыбэрэ зэджэ тхылъщ. ЦIыху мелуан Iэджэхэр - ныбжьыщIэхэри зи ныбжь хэкIуэтахэри, цIыху къызэрыгуэкIхэри щIэныгъэшхуэ зиIэхэри дунейм тет къэрал псоми щоджэ Библием махуэ къэс. Абыхэм Библием къыщагъуэт гъащIэм и гъуэгур, мыкIуэду укъелын щхьэкIэ узэрыкIуэн хуей гъуэгурщ, гукъыдэжрэ гузэгъэгъуэрэ къахуэзыхь псалъэхэр.

Еджэ Тхьэм и Псалъэм. Зиусхьэным мыпхуэдэу жиIащ:

«Уафэмрэ щIылъэмрэ кIуэдыжынущ,

ауэ си псалъэхэр кIуэдыжынукъым» (Маттэ 24:35).

Библиер зэрыщыту, япэ напэм къыщыщIэдзауэ кIэух напэм нэсу, Тхьэм и Псалъэщ. Библием и закъуэщ Тхьэм и Псалъэр зэрыбгъуэтынур.

Махуэ къэс еджэ Тхьэм и Псалъэм, уи гум ирелъ зэпыт Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабурым) щыщ мы псалъэхэр: «Уи Псалъэр си лъэм и уэздыгъэщ, си лъагъуэм и нэхущ» (Сабур 118:105).

Чыристан фIэхъускIэ,

КЪЫДЭЗЫГЪЭКIАР